

**SINESTESIA BASA JAWI WONTEN ING NOVEL *CINTRONG PAJU-PAT*  
ANGGITANIPUN SUPARTO BRATA**

**SKRIPSI**

Dipunajengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni  
Universitas Negeri Yogyakarta  
Minangka Jejangkeping Pandadaran  
*Anggayuh Gelar Sarjana Pendidikan*



Dening:

**Hani Anas Siroma**

NIM. 10205244065

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA  
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH  
FAKULTAS BAHASA DAN SENI  
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA  
2014**

## PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Sinestesia Basa Jawi Wonten Ing Novel Cintrong Paju-Pat*

*Anggitanipun Suparto Brata* menika saged dipunujukaken awit sampun pikantuk

palilah dening *pembimbing*.



Yogyakarta, 5 Mei 2014

Pembimbing,

Drs. Mulyana, M.Hum

NIP 19661003 1992 1 002


## PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Sinestesia Basa Jawi Wonten Ing Novel Cintrong Paju-Pat Anggitanipun Suparto Brata* menika sampun dipunandharaken wonten ing ujian pandadaran wonten sangajenging Dewan Penguji nalika tanggal 3 Juni 2014 saha dipunwedharaken lulus.

### DEWAN PENGUJI

Nama	Jabatan	Tapak asma	Tanggal
Drs. Afendy Widayat, M.Phil.	Ketua Penguji		12-06-2014
Avi Meilawati, S.Pd., M.A.	Sekretaris Penguji		12-06-2014
Drs. Hardiyanto, M.Hum.	Penguji I		12-06-2014
Drs. Mulyana, M.Hum.	Penguji II		12-06-2014

Yogyakarta, 12 Juni 2014  
Fakultas Bahasa dan Seni  
Universitas Negeri Yogyakarta  
Dekan,



Prof. Dr. Zamzani, M.Pd.  
NIP 19550505 198011 1 001

## WEDHARAN

Inggang tandha tangan wonten ngandhap menika, kula:

Nama : Hani Anas Siroma  
NIM : 10205244065  
Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa  
Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

ngandharaken bilih skripsi menika asil panaliten kula piyambak. Samangertos kula, skripsi menika boten ngandhut *materi* ingkang kaserat dening tiyang sanes, kajawi perangan-perangan tartemtu ingkang kula pendhet sarana kangge dhasar panyeratan kanthi nggatosaken tata cara saha paugeran panyeratan skripsi ingkang umum.

Seratan ing wedharan menika kaserat kanthi saestu. Menawi kasunyatanipun kabukten bilih wedharan menika boten leres, prekawis menika dados tanggul jawab kula pribadi.

Yogyakarta, 5 Mei 2014

Panyerat,



Hani Anas Siroma

## SESANTI

“Intansurullaha yansurkum” (Q.S Muhammad: 7)

Menawi purun nulung agamanipun Allah, pramila Allah ugi bakal nulung kita  
sedaya ing donya saha akhirat.

“Niyat amergi Allah saha nyuwun donga pangestunipun tiyang sepuh anggenipun  
nglampahi sedayanipun”. (Panyerat)

“Prelu niat, donga, *ikhtiar* saha sabar kangge nglampahi sedayanipun”.  
(Panyerat)

## **PISUNGSUNG**

Kanthi raos sukur dhumateng Allah SWT, skripsi menika kula aturaken tiyang  
sepuh kula, Bapak Samingan saha Ibu Sri Wartini ingkang sampun paring  
panyengkuyung saha donga pangestu.

## PRAWACANA

Puji sukur, alhamdulillahirobbil' alamin panyerat ngaturaken raos sukur dhumateng Allah SWT ingkang tansah paring kasarasan, rahmat sarta hidayahipun, satemah panyerat saged ngrampungaken skripsi kanthi irah-irahan “*Sinestesia Basa Jawi Wonten Ing Novel Cintrong Paju-Pat anggitanipun Suparto Brata*”. Skripsi menika dipundamel kangge njangkepi sarat nggayuh *gelar* sarjana pendidikan.

Panyerat ngaturaken agunging panuwun dhateng sedaya pihak ingkang sampun paring pambiyantu saha panyengkuyungipun, awit saking purwaka dumugi paripurnaning skripsi menika. Kanthi raos ingkang tulus panyerat ngaturaken agunging panuwun dhateng:

1. Bapak Prof. Dr. Rochmat Wahab, M.Pd. M.A. minangka Rektor Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring kalodhangan dhateng kula saged kuliah wonten Universitas Negeri Yogyakarta;
2. Bapak Prof. Dr. Zamzani, M.Pd. minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring kalodhangan dhateng kula saged kuliah wonten Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta;
3. Bapak Dr. Suwardi, M.Hum. minangka Pangarsa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring idin kangge nglampahi panaliten menika;
4. Bapak Drs. Mulyana, M.Hum. minangka dosen pembimbing skripsi ingkang sampun paring panjurung, pamrayogi, panyaruwe, saha bimbingan kanthi sabar sadangunipun kula nyerat skripsi, satemah skripsi menika saged paripurna kanthi sae;
5. Bapak Dr. Purwadi, M.Hum. minangka dosen Pembimbing Akademik ingkang sampun paring bimbingan, *motivasi* saha panjurungipun sadangunipun kula sinau wonten ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta;

6. Bapak saha Ibu dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah awit sedaya ngelmu ingkang mumpangat sanget kangge kula;
7. *Staf* karyawan Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah awit sedaya pambiyantunipun;
8. *Dewan Penguji Tugas Akhir Skripsi* ingkang sampun paring pambiji saha pamrayoginipun;
9. Tiyang sepuh kula, Bapak Samingan saha Ibu Sri Wartini, kakang mas kula Ikhwan saha rayi kula David, Bu Dhe sarta kulawarga awit saking panjurung saha pandonganipun;
10. Sholeh Indrawan ingkang sampun paring panjurung saha pandonganipun;
11. Kanca-kanca PBD 2010, mliginipun kelas H, saha sedaya *pihak* ingkang sampun paring panjurung lan pandonganipun dhateng panyerat, satemah skripsi menika saged paripurna kanthi sae.

Anggenipun damel skripsi menika dereng jangkep, kawastanan sae, menapa malih sampurna. Pramila saking menika, sedaya pamrayogi saha panyaruwe saking sedayanipun tansah katampi kanthi sukaning manah. Mugi-mugi skripsi menika saged murakabi tumrap kita sedaya.

Yogyakarta, 5 Mei 2014

Panyerat,



Hani Anas Siroma



## WOSING ISI

	Halaman
<b>IRAH-IRAHAN</b> .....	i
<b>PASARUJUKAN</b> .....	ii
<b>PANGESAHAN</b> .....	iii
<b>WEDHARAN</b> .....	iv
<b>SESANTI</b> .....	v
<b>PISUNGSUNG</b> .....	vi
<b>PRAWACANA</b> .....	vii
<b>WOSING ISI</b> .....	ix
<b>DAFTAR TABEL</b> .....	xii
<b>DAFTAR LAMPIRAN</b> .....	xiii
<b>DAFTAR TETENGER</b> .....	xiv
<b>DAFTAR CEKAKAN</b> .....	xv
<b>SARINING PANALITEN</b> .....	xvi
<b>BAB I PURWAKA</b> .....	1
A. Dhasaring Panaliten .....	1
B. Underaning Prekawis .....	4
C. Watesaning Prekawis .....	4
D. Wosing Prekawis.....	5
E. Ancasing Panaliten.....	5
F. Paedahing Panaliten .....	5
G. Pangertosan .....	6
<b>BAB II GEGARAN TEORI</b> .....	7
A. Deskripsi Teori.....	7
1. Semantik.....	7
2. Diksi .....	8
a. Diksi Indria .....	10

b. Fungsi Diksi Indria.....	11
c. <i>Sinestesia</i> .....	13
d. <i>Makna</i> .....	20
3. Novel .....	28
4. Panganggening <i>Sinestesia</i> ing Novel .....	29
B. Panaliten ingkang Laras .....	30
C. Nalaring Pikir .....	32
<b>BAB III CARA PANALITEN</b> .....	34
A. Jinis Panaliten .....	34
B. <i>Data</i> saha Sumber <i>Data</i> .....	34
C. Pirantining Panaliten .....	35
D. Caranipun Ngempalaken <i>Data</i> .....	36
E. Caranipun Ngalalisis <i>Data</i> .....	37
F. Caranipun Ngesahaken <i>Data</i> .....	38
<b>BAB IV ASIL PANALITEN SAHA PIREMBAGAN</b> .....	41
A. Asil Panaliten .....	41
B. Pirembagan Asil Panaliten .....	46
1. Sinestesia saking indra <i>peraba</i> ing indra <i>pendengaran</i> .....	47
2. Sinestesia saking indra <i>peraba</i> ing indra <i>penglihatan</i> .....	52
3. Sinestesia saking indra <i>perasa</i> ing indra <i>pendengaran</i> .....	59
4. Sinestesia saking indra <i>perasa</i> ing indra <i>penglihatan</i> .....	64
5. Sinestesia saking indra <i>pendengaran</i> ing indra <i>peraba</i> .....	71
6. Sinestesia saking indra <i>penglihatan</i> ing indra <i>pendengaran</i> .....	74
7. Sinestesia saking indra <i>pembau</i> ing indra <i>penglihatan</i> .....	81
8. Sinestesia saking indra <i>perasa</i> ing indra <i>pembau</i> .....	86
9. Sinestesia saking indra <i>pembau</i> ing indra <i>pendengaran</i> .....	89
<b>BAB V PANUTUP</b> .....	92
A. Dudutan .....	92

B. <i>Implikasi</i> .....	93
C. Pamrayogi .....	94
<b>KAPUSTAKAN</b> .....	95
<b>LAMPIRAN</b> .....	97

## DAFTAR TABEL

	Halaman
Tabel 1 : Tuladha <i>Dokumentasi Data</i> wonten ing <i>Kartu Data</i> .....	37
Tabel 2 : Jinis, <i>Makna</i> saha Fungsi <i>Sinestesia</i> wonten ing <i>Novel</i> <i>Cintrong Paju-Pat</i> anggitanipun Suparto Brata .....	41
Tabel 3 : Analisis Jinis, <i>Makna</i> saha Fungsi <i>Sinestesia</i> wonten ing <i>Novel Cintrong Paju-Pat</i> anggitanipun Suparto Brata .....	97

## DAFTAR LAMPIRAN

Halaman

1. Analisis Jinis, *Makna* saha Fungsi *Sinestesia* wonten ing Novel  
*Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata .....97
2. Sinopsis Novel *Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata..... 123

## ***DAFTAR TETENGER***

→ : ing

## **DAFTAR CEKAKAN**

CPP	: <i>Cintrong Paju-Pat</i>
Kc	: Kaca
Pglh	: <i>Penglihatan</i>
Pmb	: <i>Pembau</i>
Pndr	: <i>Pendengaran</i>
Prb	: <i>Peraba</i>
Prs	: <i>Perasa</i>

# **SINESTESIA BASA JAWI WONTEN ING NOVEL *CINTRONG PAJU-PAT* ANGGITANIPUN SUPARTO BRATA**

Dening:  
Hani Anas Siroma  
NIM 10205244065

## **SARINING PANALITEN**

Ancasing panaliten menika, inggih menika (1) kangge ngandharaken jinis *sinestesia* ingkang dipunginakaken wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata; (2) ngandharaken *makna sinestesia* wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata; (3) ngandharaken fungsi *sinestesia* ingkang wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata.

Panaliten menika kalebet jinis panaliten *deskriptif*. *Sumber data* panaliten menika, inggih menika novel *Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata. *Data* panaliten awujud jinis, *makna* saha fungsi *sinestesia* basa Jawi. *Teknik* pangempalan *data* dipunpikantuk kanthi cara maos saha nyathet. Wondene teknik analisis *data* ngginakaken *analisis deskriptif*. *Keabsahan data* dipunpikantuk mawi *validitas semantik kontekstual* saha *reliabilitas stabilitas*.

Asiling panaliten inggih menika: jinising *sinestesia* saking novel *Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata awujud: (1) *sinestesia* saking indra *peraba* ing indra *pendengaran*, (2) *sinestesia* saking indra *peraba* ing indra *penglihatan*, (3) *sinestesia* saking indra *perasa* ing indra *pendengaran*, (4) *sinestesia* saking indra *perasa* ing indra *penglihatan*, (5) *sinestesia* saking indra *pendengaran* ing indra *peraba*, (6) *sinestesia* saking indra *penglihatan* ing indra *pendengaran*, (7) *sinestesia* saking indra *pembau* ing indra *penglihatan*, (8) *sinestesia* saking indra *perasa* ing indra *pembau*, saha (9) *sinestesia* saking indra *pembau* ing indra *pendengaran*. *Makna sinestesia* ingkang wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata ing antawisipun inggih menika: (1) *makna afektif*, saha (2) *makna referensial*. Fungsi *sinestesia* ing antawisipun inggih menika: (1) kangge ngalusaken *makna* supados langkung sopan, (2) ngasaraken *makna* kangge nedahaken raos duka dhateng tiyang sanes, (3) nedahaken raos sarujuk utawi boten sarujuk dhateng tiyang sanes, (4) nedahaken raos remen utawi boten remen (5) nyangetaken wosing tuturan, saha (6) ngendahaken wosing tuturan.

*Kata kunci: Sinestesia, novel Cintrong Paju-Pat, Suparto Brata.*



## **BAB I PURWAKA**

### **A. Dhasaring Panaliten**

Basa minangka pirantos komunikasi ingkang wigati amargi dipunginakaken kangge rembagan dhateng tiyang sanes. Basa kangge ngandharaken penggalih dening penutur dhumateng lawan tutur mawi satunggaling tuturan. Fungsi basa inggih menika nyaluraken sedaya wosing pamanggih ingkang badhe kita andharaken. Andharan informasi mawi basa ingkang sae saged nggampilaken tiyang sanes nampi wosipun utawi ancas ingkang dipunandharaken. Supados andharan penggalih manungsa saged dumugi sasaran, dipunbetahaken fungsi tembung minangka pirantos *penghubung* komunikasi.

Satunggaling proses basa saged kalampahan kanthi sae menawi *makna* ingkang dipunandharaken penutur saged dipuntampi dening lawan tutur sami kados ingkang dipunandharaken dening penutur. Wondene satunggaling proses basa boten kalampahan kanthi sae menawi *makna* ingkang dipunkirim penutur boten saged dipuntampi lawan tutur kados menapa ingkang dipunandharaken dening penutur. Tembung inggih menika unsur dasar kangge ngandharaken satunggaling gagasan utawi pamanggih. Pamilihing saha anggenipun ngginakaken tembung ingkang sae saha trep saged nggampilaken andharan informasi nalika komunikasi kaliyan tiyang sanes.

Bab ingkang wigati anggenipun ngginakaken satunggaling tembung inggih menika kasirat ngemot *makna*, bilih saben tembung ngandharaken gagasan

utawi ide. Kangge ngandharaken gagasan, boten namung winates ing basa lisan kemawon, ananging ugi ing basa seratan. Salah satunggaling wujud basa seratan inggih menika karya sastra seratan kadosta novel. Novel minangka satunggaling wujud karya sastra ingkang nggambaraken pagesangan sedinten-dinten.

Kaselarasan panganggening saha anggenipun ngginakaken tembung ingkang sae saha trep ing satunggaling novel saged nggampilaken andharan *makna* utawi wosipun cariyos. Kalepatan pamilihing tembung ndayani para maos boten paham utawi ancasing wacana boten saged dipunmangertosi. Wonten karya sastra seratan, penganggit ngginakaken satunggaling tembung kangge ngandharaken pamangggihipun.

Trepipun anggenipun ngginakaken tembung saged ndayani *imajinasi* tartemtu kangge para maosipun. Semanten ugi trepipun tembung ing karya sastra ingkang awujud novel. Novel inggih menika satunggaling karya sastra ingkang runtut *kesatuan* cariyosipun satemah para maos gampil anggenipun mangertosi.

Trepipun anggenipun ngginakaken tembung ing satunggaling ukara utawi wacana dipunsebut diksi utawi pilihaning tembung. Jinising diksi mawarni-warni, salah satunggalipun inggih menika diksi indria minangka pirantos kangge ngandharaken *gagasan-gagasan khusus* ingkang dipuntampi dening panca indra manungsa, kadosta indra *penglihatan* inggih menika paningal, indra *pendengaran* inggih menika talingan, indra *perasa* inggih menika ilat, indra *peraba* inggih menika kulit, saha indra *penciuman* inggih menika grana. Wonten ing novel ugi dipunpangguhaken *sinestesia* satemah *variasi* tembung ingkang dipunginakaken

dening penganggit menika warni-warni. *Sinestesia* inggih menika ewah-ewahing *makna* ingkang dipunsebabaken dening *pertukaran tanggapan* indra.

Pramila panaliti badhe ngrembag *sinestesia* ingkang wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata supados mangertosi jinis, *makna* saha fungsi *sinestesia*. Gambaran utawi kawontenan ing cariyos badhe dipunandharaken mawi *peran* saben ewah-ewahing *makna* satemah langkung gampang dipunmangertosi wosing cariyos. Kanthi ngginakaken analisis *sinestesia*, kita saged mangertosi tembung *khusus* ingkang ngandharaken *pertukaran indra*, satemah *makna* utawi wosipun cariyos saged dipuntampi dening para maos kanthi cetha.

Panganggening *sinestesia* wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata saged dipuntingali wonten ing kutipan menika, “Hallo?” ibune ***ngomong kanthi swara alus***. “Lo! Wis mati!”. Ukara wonten nginggil ngginakaken tuladha panganggening *sinestesia* saking indra *peraba* ing indra *pendengaran*. Indra *pendengaran* dipuntitiki saking tembung ‘ngomong’, wondene indra *peraba* dipuntandhai saking tembung ‘alus’. Ewah-ewahing *makna* saking kutipan ing nginggil minangka jinis *sinestesia* saking indra *peraba* ing indra *pendengaran*, tegesipun ewah dados ‘anggenipun ibu ngendika, ngginakaken swanten ingkang lirih, boten banter’. Jinis *sinestesia* minangka wujud *variasi* basa ingkang *menarik*, satemah nilai saking karya sastra seratan kasebut saged langkung sae. Nilai tambah karya sastra seratan kadosta novel saged narik minat para maos kangge ngapresiasi wosipun wacana ingkang kathah tegesipun.

## **B. Underaning Prekawis**

Miturut dhasaring panaliten kala wau, saged dipunpendhet underaning prekawis, inggih menika:

1. jinis *sinestesia* wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata.
2. jinis *sinestesia* ingkang paling *dominan* wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata.
3. *makna sinestesia* wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata.
4. fungsi *sinestesia* wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata.

## **C. Watesaning Prekawis**

Miturut underaning prekawis, prekawis saged dipunwatesi:

1. jinis *sinestesia* wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata.
2. *makna sinestesia* wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata.
3. fungsi *sinestesia* wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata.

#### **D. Wosing Prekawis**

Wosing prekawis ing panaliten menika inggih menika:

1. jinis *sinestesia* menapa kemawon ingkang dipunginakaken wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata?
2. menapa *makna sinestesia* wontening novel *Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata?
3. menapa fungsi *sinestesia* ingkang wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata?

#### **E. Ancasing Panaliten**

Ancasipun wonten panaliten menika inggih menika:

1. ngandharaken jinis *sinestesia* ingkang dipunginakaken wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata.
2. ngandharaken *makna sinestesia* wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata.
3. ngandharaken fungsi *sinestesia* ingkang wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata.

#### **F. Paedah Panaliten**

Asiling panaliten dipunajab saged suka paedah:

1. Cara Teoritis

Saged suka sumbangan teori kangge ningkataken kaprigelan analisis *sinestesia* saha bahan kajian panaliten-panaliten sajenis.

## 2. Cara Praktis

- a. Paedah kangge mahasiswa minangka sumber piwulangan basa Jawa saha bahan tambahan kangge ningkataken kaprigelan anggenipun mahami *sinestesia* kanthi sae.
- b. Paedah kangge lembaga minangka dados bahan tambahan kawruh wonten ing piwulangan semantik, mliginipun babagan *sinestesia*.

## G. Pangertosan

### 1. *Sinestesia*

*Sinestesia* inggih menika ewah-ewahing *makna* ingkang dipundayani dening *pertukaran* tanggapan indra.

### 2. Panca Indra

Panca indra inggih menika *organ tubuh* manungsa ingkang nampi *rangsangan* saking njawi. Panca indra wonten gangsal inggih menika paningal, talingan, grana, ilat saha kulit.

### 3. Novel

Novel inggih menika salah satunggaling karya sastra ingkang awujud reroncening ukara-ukara saking penganggit. Novel ngemot *unsur intrinsik* saha *unsur ekstrinsik* sastra, ugi gadhah *makna* saha piwulang tartemtu wonten ing salebetipun kangge para maos.

## **BAB II GEGARAN TEORI**

### **A. Deskripsi Teori**

#### **1. Semantik**

Tembung Semantik saking basa Yunani, *sema* (tandha/ lambang kata). Semantik miturut Chaer (1990: 2) minangka istilah ingkang dipunginakaken wonten bidang linguistik ingkang nyinau sesambetan antawisipun tandha-tandha linguistik kaliyan bab ingkang dipuntandhai. Pramila semantik minangka ngelmu babagan tegesing tembung.

Miturut Dale (lumantar Tarigan, 1985: 7-8), semantik inggih menika bidang kajian ingkang ngrembag babagan *makna*. Semantik nyinau lambang-lambang utawi tandha-tandha ingkang ngandharaken *makna*. Sesambetan *makna* setunggal kaliyan sanesipun saha pangaribawanipun dhateng manungsa saha masarakat. Semantik ngemot tegesing tembung, *perkembangan*-ipun saha ewah-ewahanipun. Miturut Palmer (lumantar Suwandi, 2008: 61) semantik minangka *istilah teknis* gadhah pangertosan minangka studi babagan *makna*. Miturut Kridalaksana (lumantar Suwandi, 2008: 61) semantik inggih menika: (1) perangan saking *struktur* basa ingkang gayut kaliyan *makna* saking andharan saha gayut kaliyan struktur *makna* satunggaling wicara; (2) *sistem* saha *penyelidikan makna* saha teges wonten ing satunggaling basa.

Semantik nyinau saha nggarap tegesing tembung sarta teges ingkang dipunpangihaken dening masarakat saking tembung-tembung. Pateda (1989:15) nyebataken bilih obyek semantik inggih menika *makna*. Wondene miturut Lyons

(lumantar Pateda, 1989: 45) ngadharaken bilih semantik minangka ngelmu ingkang nyinau babagan *makna*. Semantik minangka salah satunggaling cabang ngelmu *linguistik*. Miturut Verhaar (1988: 9) semantik ateges teori *makna* utawi teori teges, inggih menika cabang linguistik ingkang nyidiki *makna* wonten ing satunggaling basa. Parera (2004: 42) ngandharaken bilih semantik minangka salah satunggaling cabang *studi linguistik general*. Pramila semantik menika satunggaling studi saha analisis babagan *makna-makna linguistik*. Semantik inggih menika ngelmu babagan *makna* tembung utawi ukara, perangan *struktur* basa ingkang gayut kaliyan *makna* andharan utawi *struktur makna* satunggaling wicara (KBBI, 2007: 1025).

Miturut pamanggih para ahli wonten nginggil, saged dipunpendhet dudutan bilih semantik minangka ngelmu ingkang nyinau lambang-lambang utawi tandha-tandha ingkang ngandharaken *makna*, gegayutanipun *makna* setunggal kaliyan sanesipun, sarta gegayutan antawisipun tembung kaliyan konsep saking tembung kasebut. *Sinestesia* utawi ewah-ewahing *makna* ngginakaken teori kajian semantik awit panaliten *sinestesia* menika ngrembag babagan *makna* wonten ing satunggaling karya sastra inggih menika ing novel. Tuladha panganggening *sinestesia* inggih menika *omonganmu Abrit kae pedhes banget*.

## 2. Diksi

Pilihane tembung utawi diksi inggih menika deretan tembung ingkang trep dipunginakaken dening penganggit, kangge ngandharaken *makna* ingkang langkung *menarik*. Barfield (lumantar Pradopo, 2007: 54) ngandharaken bilih tembung-tembung dipunpilih saha dipunsusun satemah tegesipun nuwuhaken



*imajinasi estetik*, pramila pikantuk asilipun dipunsebut diksi puistis. Sayuti (1985: 61-62), ngandharaken bilih diksi inggih menika pamilihing tembung saking penyair kangge ngandharaken raos ingkang wonten ing dhirinipun. Trepipun pilihan tembung boten gumathok ing tembung menika ananging para maos manggihaken tembung wonten konteks. Konteks menika mangaribawani tanggapan para maos tumrap sedaya tembung ingkang dipunginakaken dening penganggit. Panganggening tembung ingkang trep dipuntemtokaken dening pangaribawa saking tembung kasebut wonten ing ukara saha paragraf utawi wacana (Suwandi, 2008: 116). Diksi inggih menika pilihan tembung ingkang ingkang trep saha selaras kangge ngandharaken gagasan satemah dipunpikantuk *efek tartemtu* (KBBI, 2007: 264).

Miturut D'Angelo (lumantar Suwandi, 2008: 116) titikaning diksi ingkang gadhah *kualitas* ingkang sae dipunmangaribawani dening pinten-pinten faktor: (1) denotasi saha konotasi; (2) tembung ingkang *kongkrit* saha tembung ingkang *abstrak*; (3) tembung umum saha tembung khusus; saha (4) majas ingkang leres. Wondene miturut McCrimmon (lumantar Suwandi, 2008: 116) titikaning diksi ingkang gadhah *kualitas* ingkang sae inggih menika: (1) *ketepatan*; (2) *kekhususan*; saha (3) panganggening majas. Kejawi menika wonten sekawan panganggening diksi ingkang prelu dipuntebihi, inggih menika: (1) *kesamaran* utawi *kekaburan* (*vagueness*); (2) jargon; (3) *keusangan* (*triteness*); saha (4) panganggening majas ingkang boten trep.

Keraf (2002: 24) ngandharaken bilih diksi inggih menika kawigegagan mbedakaken kanthi trep tegesipun kaliyan gagasan ingkang badhe

dipunandharaken. Satemah saged dipunpendhet dudutan bilih diksi menika pilihaning tembung ingkang dipunginakaken dening penganggit, minangka *ungkapan daya* cipta utawi andharan *makna* supados langkung gampang dipuntampi dening para maos. Jinising diksi mawarni-warni, saben diksi gadhah *peran* kangge ngandharaken ide utawi gagasan satunggaling tiyang. Pamilihing diksi ingkang trep nggampilaken andharan ide utawi gagasan kala wau. Miturut Keraf (2002: 89-108), diksi utawi pilihaning tembung, saged dipunbedakaken dados pinten-pinten jinis, inggih menika; denotasi, konotasi, tembung abstrak, tembung umum, tembung khusus, tembung ilmiah, tembung populer, jargon, slang, idiom, basa artifisial, saha indria.

Miturut teori wonten nginggil, jinis diksi mawarni-warni. Diksi dipunginakaken dening penganggit minangka pirantos andharan gagasan utawi pamanggih mawi satunggaling tembung. Jinis diksi maneka warni saha gadhah *makna* ingkang maneka warni ugi gumantung panganggening saha ancasipun.

#### **a. Diksi Indria**

Diksi indria inggih menika tanggapan saking saben-saben panca indra. Akhadiah (1988: 88) ngandharaken bilih diksi indria kalebet tembung *khusus* bab panca indra manungsa: indra *penglihatan* inggih menika paningal, indra *pembau* inggih menika grana, indra *pendengaran* inggih menika talingan, indra *perasa* inggih menika ilat, saha indra *peraba* inggih menika kulit.

“Suarane TV nggone Mbak Hartini *sero* tenan nganthi krungu ketok kene”.

Sero kalebet diksi indra *pendengaran* amargi saged dipuntampi dening talingan awujud unenan. Irianto (2004: 263) ngandharaken bilih saben indra gadhah fungsi tartemtu saha *sensitif* sanget kaliyan *rangsang* saking njawi badan, kadosta caya, hawa, suhu, *sentuhan*, aroma saha unenan (*bunyi*). Wonten ngandhap menika pirantos indra ingkang dipunginakaken kangge nanggapi *rangsangan* saking njawi:

- a. Paningal, inggih menika indra *penglihatan* (organ visual) *sensitif* kaliyan *rangsang* caya, nampi bayangan sarta *kesan-kesan* ingkang dipun-*tafsir*-aken. Tuladha; *Mobile Pak Lurah kincling-kincling*.
- b. Talingan, inggih menika indra *pendengaran* (organ auditorik), swanten utawi unen-unen/ *bunyi* dipuntampi saha dipun-*tafsir*-aken. Tuladha; *Ngendikanipun Ibu klesak-klesik*.
- c. Grana, inggih menika indra *pembau/ penciuman* (organ olfaktorius) ingkang *peka* sanget saha boten gampil ical. Kadosta ambu wangi, saha sedep. Tuladha; *Kembang mawarku sing lagi mekar wangi banget*.
- d. Ilat, inggih menika indra *perasa/ pengecapan* ingkang *peka* sanget, kadosta raos legi, asin, kecut saha pait. Tuladha; *Jeruke Bu Maryam rasane manis*.
- e. Kulit, inggih menika indra *peraba* ingkang *peka* kaliyan *tekanan*, suhu, *sentuhan* saha *rabaan*. Tuladha; *Tangane penyanyine alus banget*.

## **b. Fungsi Diksi Indria**

Pilihaning tembung minangka pirantos kangge ngandharaken pamanggih ingkang dipunandharaken dateng para para maos. Diksi minangka perangan saking basa ingkang gadhah peran wigati kangge ngandharaken ide. Basa

minangka pirantos kangge *menjelmakan angan, khayal* donya sastrawan saha njalari wontenipun *kekhususan* anggenipun ngginakaken basa sahaseni sastra (Pradopo, 2007: 54). *Nilai* raos ugi saged dipuntampi dening para maos mawi *pengkhususan* tembung ingkang dipunginakaken kanthi trep. Diksi indriaminangka satunggaling jinis *pengkhususan* anggenipun milih tembung ingkang trep kangge ngandharaken pengalaman-pengalaman ingkang dipunserap dening panca indra. Panca indra menikawonten gangsal ing antawisipun inggih menika indra *penglihatan*, indra *pendengaran*, indra *peraba*, indra *perasa*, saha indra *pembau*. Diksi indria nggambaraken satunggaling sipat ingkang khas saking panca indra, pramila panganggening ugi kedah trep.

Miturut Keraf (2002: 95-96) trepipun tembung kangge makili satunggaling babagan, barang utawi tiyang gumantung saking tegesipun inggih menika sesambetan antawisipun wujud (istilah) kaliyan pengarahipun (referen). Ananging kasunyatan sanes ugi dipunadepi bilih *makna* tembung menika boten mesthi ajeg. Asring kedadosan antawisipun indra setunggal kaliyan indra sanesipun gegayutanipun rapet sanget. Salah satunggalipun inggih menika *sinestesia* minangka diksi ingkang ngalami *pertukaran indra* ingkang gayut kaliyan tanggapan-tanggapan saking indra *pendengaran*, indra *penglihatan*, indra *pembau*, indra *perasa*, saha indra *peraba*. Panganggening *sinestesia* ingkang trep nggampilaken penganggit ngandharaken ide utawi gambaran kawontenan ingkang dipunlampahi.

Miturut pamanggih para ahli, fungsi diksi indra ing antawisipun inggih menika ngendahaken karya sastra kados ingkang dipunanggit dening penganggit

kados ing ukara; *swarane ilalang kemrisik-krisik tekan adoh*, nonjolaken perangan tartemtu (*foregrounding*) satunggaling karya, wujud menika saged awujud paraga, *setting*, saha kahanan (peristiwa) ing karya sastra kados ing ukara; *ayo gek cepet selak atis njekut ki*, nggambaraken *reaksi emosi* satunggaling tiyang, sedih, bingah, duka, jengkel, bingung lan sapanunggalanipun kados ing ukara; *rupamu kui lesu banget kaya wong kurang sehat, ana masalah?*. Salajengipun kangge nggambaraken gambaran kawontenan kados ing ukara; *bengi iki padhang akeh lintange*, nuwuhaken kesan nguripaken/ nglukisaken kados ing ukara; *waaah motore rewel banget*, nyangetaken tuturan kados ing ukara; *lampune murup padhang byar*, nyiptakaken *makna* enggal miturut konteksipun utawi *pertukaran* tanggapan indra kados ing ukara; *omongane Suratmi alus* .

### c. *Sinestesia*

Istilah *sinestesia* saking basa Yunani *sun* tegesipun “*sami*”, saha *aisthetikas* tegesipun “*tampak*”. *Sinestesia* inggih menika ewahing *makna* amargi dipunsebabaken dening *gejala pertukaran tanggapan* antawisipun indra ingkang setunggal kaliyan indra sanesipun (Keraf, 2002: 94).

Chaer (1990: 142) ngandharaken bilih *makna* satunggaling tembung saged ewah tegesipun akibat *pertukaran indra*. *Sinestesia* inggih menika ewahing *makna* akibat *pertukaran* tanggapan indra antawisipun kalih indra ingkang beda, umpaminipun ing ukara “*Rupane Mbak Pujianti manis banget*”. Tembung *manis* sajatosipun tanggapan ingkang kedah dipuntampi dening indra *perasa* ananging dipuntampi dening indra *pendengaran* satemah ndayani ewah tegesipun. Tuturan

kasebut tegesipun boten gayut kaliyan nilai raos, ananging tegesipun “pasuryanipun ayu sanget”.

Keraf (2002: 94-95) ngandharaken sinaosa kedadosan gejala *sinestesia* ing dalem komunikasi, ananging adatipun saben indra gadhah tembung-tembung mligi kangge ngandharaken pengalaman saha *penghayatan* kanthi ngginakaken panca indra. Tembung-tembung kala wau inggih menika:

- a. *Peraba* :dingin, panas, lembab, basah, kering, kasar, halus.
- b. *Perasa* :pedas, pahit, asam, kecut, manis, asin, hambar, gurih.
- c. *Penciuman* :harum, wangi, busuk, basi, anyir, tengik.
- d. *Pendengaran* :dengung, deru, desing, bising, desau, kicau, gelegar, gemricik
- e. *Penglihatan* :jelas, terang, pijar, kabur, mengkilap, kelip-kelip, menyolok, gemerlap, menyala.

### 1) Jinisipun *Sinestesia*

Mitrut Edi Suwatno (2001: 57) *sinestesia* inggih menika ewah-ewahing makna akibat *pertukaran* tanggapan indra. Tanggapan indra inggih menika piranti kangge ngraosaken mawi naluri. Saged dipunbedakaken dados gangsal, ing antawisipun inggih menika.

#### a) Jinis *Makna* Indra *Pembau* (grana)

Inggih menika pirantos kangge ngambu. *Makna* ingkang dipunalami indra *pembau* kadosta arum, kecing, tengik saha wangi. Tuladhanipun:

*Gorengane ambune sengk banget*  
*Sengk “pengap” (primer)*  
*Ditakoni wong tuwa apik-apik wangsulane kok sengk.*  
*Wangsulane kok sengk (sekunder)*

*Sengk* dipuntanggapi dening indra *pembau* grana ananging tegesipun ngalami *pertukaran* tanggapan kaliyan indra *pendengaran* inggih menika

*wangsulane* satemah ngalami ewah-ewahing makna dados “anggenipun matur kaliyan bapakipun boten sae utawi boten ngremenaken manah”.

b) Jinis *Makna Indra Pendengaran* (talingan)

Inggih menika pirantos kangge mirengaken. *Makna* ingkang dipunalami dening indra *pendengaran* kadosta lirih, seru, merdu saha nyaring. Tuladhanipun:

*Penonton bal-balan mbengoke seru banget.*  
*Seru “nyaring” (primer)*  
*Bocah loro gelute seru guser banget.*  
*Gelute seru (sekunder)*

*Seru* dipuntanggapi dening indra *pendengaran* talingan ananging tegesipun ngalami *pertukaran* tanggapan kaliyan indra *penglihatan* inggih menika *gelute* satemah ngalami ewah-ewahing makna dados “anggenipun gelut sengit utawi kiyat sanget”.

c) Jinis *Makna Indra Penglihatan* (paningal)

Inggih menika pirantos kangge mirsani. *Makna sinestesia* indra *penglihatan* kadosta banter, cupet, encer, landhung, lempeng, peteng, padhang saha jembar. Tuladhanipun:

*Desa-desa saiki wis padang merga listrik wis ana.*  
*Padang “terang” (primer)*  
*Ngerti bayare mundhak, dheweke njur padang ulate.*  
*Padang ulate (sekunder)*

*Padang* dipuntanggapi dening indra *penglihatan* paningal ananging tegesipunngalami *pertukaran* tanggapan kaliyan indra *pendengaran* inggih menika *ulate* satemah ngalami ewah-ewahing makna dados “sumringah, seneng sanget”.

d) Jinis *Makna Indra Peraba* (kulit)

Inggih menika pirantos kangge nggrayang. *Makna sinestesia indra peraba* kadosta alus, kasar, panas, perih, wuled, kasap saha gatel. Tuladhanipun:

*Kulite Harjo kasar kaya kulit kebo.*  
*Kasar “kasar” (primer)*  
*Ngadhapi bocah kang wewatekane kasar kudu eling.*  
*Wewatekane kasar (sekunder)*

**Kasar** dipuntanggepi dening indra *peraba* kulit ananging tegesipun ngalami *pertukaran* tanggapan indra kaliyan indra *penglihatan* inggih menika **wewatekane** satemah ngalami ewah-ewahing *makna* dados “tindak-tandukipun boten sae utawi boten trep”.

e) Jinis *Makna Indra Perasa* (ilat)

Inggih menika pirantos kangge ngraosaken utawi ngecap kadosta raos legi, asin, pedhes. *Makna sinestesia indra perasa* kadosta asin, pedhes, legi, pait, enak, kecut, nyamleng, anyep saha gurih. Tuladhanipun:

*Cilaka kae lombok rawit ya pedhes banget.*  
*Pedhes “pedhes” (primer)*  
*Tenan Mbak, omonganmu jan pedhes banget.*  
*Omonganmu jan pedhes (sekunder)*

**Pedhes** dipuntanggepi dening indra *perasa* ilat ananging tegesipun ngalami *pertukaran* tanggapan kaliyan indra *pendengaran* inggih menika **omonganmu** satemah ngalami ewah-ewahing *makna* dados “ngendikanipun nglarakaken manah”.



## 2) Faktor-faktor ingkang Mangaribawani Panganggening *Sinestesia*

Faktor-faktor ingkang mangaribawani panganggening *sinestesia* miturut Chaer (lumantar Edi Suwatno, 2001: 73) inggih menika *penghalusan makna* (eufemisme), inggih menika dhasar awujud andharan-andharan ingkang boten nyinggung penggalhipun tiyang sanes utawi andharan-andharan alus kangge nggantosaken dhasar-dhasar ingkang mbok bilih dipunraosaken nyinggung penggalih (Keraf, 2002: 132). Miturut Chaer (1990: 148) ngalusaken (eufemisme) menika tembung-tembung utawi wujud ingkang gadhah *makna* langkung alus utawi langkung sopan tinimbang tembung *primer*-ipun.

*Pengasaran makna* (disfemia), menika nggantosaken tembung ingkang tegesipun alus utawi biasa ngangge tembung ingkang tegesipun kasar. Upaya pengasaran menika adatipun dipunlampahi tiyang wonten ing kawontenan boten ramah utawi jengkel. Konotasi *makna* inggih menika satunggaling jinis *makna* ingkang ngemot nilai-nilai *emosional* (Keraf, 2002: 29). Konotasi *makna* inggih menika pikiran ingkang nuwuhaken nilai raos dhateng satunggaling tiyang nalika manggihaken satunggaling tembung. *Makna* konotasi kedadosan kangge nuwuhaken raos sarujuk, boten sarujuk, seneng, boten seneng lan sapanunggalanipun dening pihak pamireng. *Sinestesia* wonten ing basa Jawa ugi wonten hiperbola. Hiperbola inggih menika lelewaning basa ingkang ngemot satunggaling ukara ingkang langkung, ngagengaken satunggaling barang (Keraf, 2002: 135).

Tembung minangka peranan saking basa, mawi satunggaling tembung, *makna* utawi ide saged kaandharaken. Kanthi ngginakaken diksi kanthi posisi

ingkang trep saged ngendahaken satunggaling karya sastra. Kejawi saking diksi, ugi saged dipuntemtokaken mawi *persamaan bunyi* utawi penuturipun. Fungsi bunyi wonten ing karya sastra inggih menika nggayuh nilai estetika utawi kaendahan (Sayuti,1985: 33).

Miturut pamanggih wonten nginggil babagan sebab panganggening *sinestesia* ing karya sastra, saged dipunpendhet dudutan bilih fungsi utawi ancasing panganggening *aspek sinestesia* ing novel *Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata inggih menika.

- a. Ngalusaken *makna* supados langkung sopan. Tuladhanipun; “*Bocah kae omongane alus*”. Wonten ing tuturan menika ngginakaken *pertukaran* tanggapan indra antawisipun indra *peraba* dados indra *pendengaran*. *Alus* ingkang tegesipun “lembut, boten kasar” sejatosipun dipuntanggapi dening indra *peraba* kulit ananging wonten ing ukara menika dipuntanggapi dening indra *pendengaran* talingan, satemah tuturan menika tegesipun “pangandikan ingkang sae, sopan”.
- b. Ngasaraken *makna* kangge nedahaken raos duka dhateng tiyang sanes. Tuladhanipun; “*Ngendikane Mbak Pujiyah nika jan pedhes tenan,gawe tatu ing ati*”. Wonten ing tuturan menika ngginakaken *pertukaran* tanggapan indra antawisipun indra *perasa* dados indra *pendengaran*. *Pedhes* ingkang tegesipun”pedhes, raos cabe” sejatosipun dipuntanggapi dening indra *perasa* ilat, ananging wonten ing ukara menika dipuntanggapi dening indra *pendengaran* talingan, satemah tuturan menika tegesipun “pangandikan ingkang boten sae, nglarakaken manah”.

- c. Nedahaken raos sarujuk utawi boten sarujuk dhateng tiyang sanes. Tuladhanipun; “*Mbok aja ngono! **Ketemu** karo tunangane ki aja mung **anyep wae***”. Wonten ing tuturan menika ngginakaken *pertukaran* tanggapan indra antawisipun indra *perasa* dados indra *penglihatan*. *Anyep* ingkang tegesipun “boten wonten raosipun” sejatosipun dipuntanggapi dening indra *perasa* ilat, ananging wonten ing ukara menika dipuntanggapi dening indra paningal, satemah tuturan menika tegesipun “pepanggihan ingkang biasa kemawon”.
- d. Nedahaken raos remen utawi boten remen. Tuladhanipun; “*Pancen marai atiku dadi bungah, polahe lan **guneme sumringah!***”. Wonten ing tuturan menika ngginakaken *pertukaran* tanggapan indra antawisipun indra *penglihatan* dados indra *pendengaran*. *Sumringah* ingkang tegesipun “nyenengaken ingkang ningali” sejatosipun dipuntanggapi dening indra paningal, ananging wonten ing ukara menika dipuntanggapi dening indra *pendengaran* talingan, satemah tuturan menika tegesipun “pangandikan ingkang damel bingahing manah”.
- e. Nyagetaken wosing tuturan. Tuladhanipun; ***Paseduluran** antarane Pak Joko karo Pak Kadi dadi **sangsaya rumaket***. Wonten ing tuturan menika ngginakaken *pertukaran* tanggapan indra antawisipun indra *peraba* dados indra *penglihatan*. *Rumaket* ingkang tegesipun “raket, kenceng” sejatosipun dipuntanggapi dening indra *peraba*, ananging wonten ing ukara menika dipuntanggapi dening indra *penglihatan* paningal, satemah tuturan menika tegesipun “pasadherekan ingkang celak, akrab sanget”.
- f. Ngendahaken wosing tuturan. Tuladhanipun; *Dheweke ngrancang **sapatemon** sing luwih ngagetake ati, luwih bakal **manis** romantis*. Wonten ing tuturan

menika ngginakaken *pertukaran* tanggapan indra antawisipun indra *perasa* dados indra *penglihatan*. Manis ingkang tegesipun”legi, kados gendhis” sejatosipun dipuntanggapi dening indra *perasa* ilat, ananging wonten ing ukara menika dipuntanggapi dening indra paningal, satemah tuturan menika tegesipun “pepanggihan ingkang endah saha nengsemaken manah”.

#### d. *Makna*

Dardjowidjojo (2003: 180) nyebataken bilih *makna* satunggaling tembung boten dados dhasaring obyek ananging wonten ing konsep, ide babagan obyek kasebut. Ullmann (lumantar Pateda, 1989: 45) ngandharaken bilih wonten gegayutan antawisipun nama saha pangertosan: menapa satunggaling tiyang mireng satunggaling tembung, piyambakipun temtu mbayangaken barangipun saha menawi mbayangaken satunggaling barang lajeng enggal-enggal ngendikakaken barang kasebut. Ananging boten sedaya tembung nedahaken satunggaling ingkang dipunrujuk. Kadosta tembung angin, tembung menika boten gadhah obyekipun ananging tembung menika temtu gadhah *makna*.

Pateda (1989: 15) nyebataken bilih istilah *makna* minangka istilah ingkang mbingungaken. Miturut Grice saha Bolinger (lumantar Aminudin, 2001: 53) *makna* inggih menika gegayutan antawisipun basa kaliyan kawruh ing njawi ingkang sampun dipunsarujuki dening para pengangge basa satemah saged dipunmangertosi sesarengan. Makna inggih menika teges, *maksud* penutur utawi penganggit (KBBI, 2007: 703).

Saking pamanggih wonten nginggil, saged dipunpendhet dudutan bilih *makna* inggih menika satunggaling ingkang kaemot wonten ing tembung utawi basa ingkang sampun dipunsarujuki dening pengangge basa satemah tembung utawi basa kasebut saged dipunginakaken kangge komunikasi. Tembung utawi basa saged kangge ngandharaken menapa maksud utawi ancas ingkang dipunandharaken penutur dhateng mitra tutur. Wonten ing panaliten menika badhe dipunandharaken *makna* saking *sinestesia* ingkang wonten ing salebetipun novel *Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata.

### 1) **Jinisipun *Makna***

Pateda (1989: 54-70) nyebataken jinis-jinis *makna* saking buku-buku ingkang dipunpanggihaken dados 25 jinis *makna*. Ing antawisipun inggih menika: *makna* afektif, *makna* denotatif, *makna* deskriptif, *makna* ekstensi, *makna* emotif, *makna* gereflekter, *makna* idesional, *makna* intensi, *makna* gramatikal, *makna* kiasan, *makna* kognotif, *makna* kolokasi, *makna* konotatif, *makna* konseptual, *makna* konstruksi, *makna* kontekstual, *makna* leksikal, *makna* luas, *makna* piktorial, *makna* proposional, *makna* pusat, *makna* referensial, *makna* sempit, *makna* stilistika, saha *makna* tematis.

Miturut pamanggihipun Chaer (1990: 61), jinis *makna* dipunperang dados pinten-pinten jinis. Miturut jinis *makna* semantik, saged dipunbedakaken dados *makna* leksikal saha *makna* gramatikal. Miturut wonten botenipun *referen* ing satunggaling tembung saged dipunbedakaken dados *makna referensial* saha *makna non referensial*. Miturut wonten botenipun nilai raos ing satunggaling tembung saged dipunbedakaken dados *makna denotatif* saha *makna konotatif*.

Miturut trepipun *makna*, wonten *makna* tembung saha *makna* istilah utawi *makna* umum saha *makna* khusus. Salajengipun miturut sebab sanesipun, saged dipunperang dados *makna* asosiasif, kolokatif, reflektif, idiomatik lan sapanunggalanipun. Hardiyanto (2008: 20-28) nyebataken jinis *makna* ing antawisipun inggih menika:

a) *Makna Leksikal* saha *Makna Gramatikal*

*Makna leksikal* inggih menika *makna leksikon* utawi *leksem* utawi *makna* ingkang jumbuh kaliyan *referen*-ipun, *makna* ingkang jumbuh kaliyan pirantos indra, utawi *makna* ingkang nyata ing pagesangan kita. *Makna gramatikal* inggih menika *makna* saking akibat peristiwa *gramatikal* saking satunggaling ukara. Tuladha, tembung “amplop” gadhah *makna* leksikal sampul serat. Tembung “amplop” menawi dipunginakaken ing satunggaling ukara “wenehana amplop, urusanmu mesthi beres”, pramila tembung “amplop” gadhah *makna gramatikal* arta sogokan.

b) *Makna Denotatif* saha *Makna Konotatif*

*Makna denotatif* inggih menika *makna* dhasar satunggaling tembung utawi satuan basa ingkang bebas saking nilai rasa. *Makna konotatif* inggih menika *makna* tembung ingkang gadhah *makna* tambahan awujud nilai rasa. Nilai rasa kasebut saged asipat positif, negatif, alus utawi kasar. Tuladha, tembung “babaran” saha “manak”, ingkang gadhah *makna denotatif* ingkang sami inggih menika medalaken bayi saking rahim. Ananging kekalih tembung kasebut gadhah *makna konotatif* ingkang beda. Tembung “babaran” konotasipun alus, wondene tembung “manak” konotasipun kasar.

c) *Makna Lugas saha Makna Kias*

*Makna lugas* inggih menika *makna* ingkang sejatosipun, dereng nyimpang utawi dereng ngalami penyimpangan. *Makna kias* inggih menika *makna* ingkang sampun nyimpang saking wujud, wonten pengiasan barang ingkang dipunmaksud penutur babagan satunggaling barang ingkang sejatosipun. Tuladha, tembung “sikil” gadhah *makna lugas* pirantos badan ingkang fungsipun kangge mlampah. Wondene wonten ing ukara “sikil meja kuwi saka kayu”, tembung “sikil” ngemot *makna kias*.

d) *Makna Luas saha Makna Sempit*

*Makna luas* menika akibat perkembangan *makna* satunggaling tandha basa. Tuladha, tembung “bapak” saha “ibu” boten namung ateges tiyang sepuh kandung, ananging tiyang ingkang dipunanggep sepuh. Sewangsulipun inggih menika *makna sempit*, kados wonten ing tembung “sarjana” boten ateges tiyang pinter kemawon ananging minangka sebutan tiyang ingkang lulus saking perguruan tinggi.

e) *Makna Referensial*

*Makna referensial* inggih menika *makna* ingkang langsung gayut kaliyan dhasar ingkang dipunpatrapaken dening leksem utawi menawi wonten acuanipun ing donya ingkang nyata. Kadosta ing leksem “sapi”, ingkang dipundhasari dening lambang kasebut inggih menika kewan ingkang gadhah sikil sekawan saha gadhah buntut panjang.

f) *Makna Kolokasi*

*Makna kolokasi* inggih menika *makna* ingkang gayut kaliyan panganggening pinten-pinten leksem wonten ing lingkungan ingkang sami. Tuladha, tembung bawang, mrica, jahe, tumber, uyah, leksem-leksem kasebut langkung kathah gayut kaliyan dapur.

g) *Makna Ekstensi*

*Makna ekstensi* inggih menika sedaya titikaning subjek utawi konsep. Kadosta tembung “ayam” ngemot *makna*: sikilipun kalih, badanipun gadhah wulu, saged mabur.

h) *Makna Afektif*

*Makna afektif* inggih menika *makna* akibat saking *reaksi* para maos utawi pamiyarsa tumrap panganggening basa. Tuladha, menawi wonten tiyang ingkang ngendika “mampira ing gubugku sing elek iki”, gabungan “gubugku sing elek iki” ngemot *makna afektif* ngandhapkan piyambakipun.

2) **Ewahing-ewahing *Makna***

Miturut Keraf (2002: 95-96) anggenipun ngginakaken satunggalingpun tembung kangge makili satunggaling bab, barang utawi manungsa gumantung saking tegesipun, inggih menika gagayutan antawisipun wujud kaliyan *referen-*ipun. Tegesing tembung boten mesti asipat ajeg, supados pilihaning tembung trep pramila saben penutur basa kedah nggatosaken ewahan-ewahan ingkang wonten. Parera (2004: 107) ngandharaken bilih pergeseran *makna* inggih menika gejala perluasan, penyempitan, pengonotasian (konotasi), penyinestesia (*sinestesia*) saha pengasosiasian satunggaling *makna* tembung wonten ing satunggaling medan



*makna*. Wonten ing pergeseran *makna* rujukan kapisan boten ewah utawi dipungantos, ananging rujukan kapisan ngalami perluasan utawi penyempitan. Ewah-ewahing *makna* inggih menika rujukan saking bunyi ingkang sami gantos utawi ewah. Chaer (1990: 132-140) ngandharaken bilih ewah-ewahan *makna* dipunmangaribawani saking faktor-faktor tartemtu :

a) *Perkembangan Ilmu saha Teknologi*

*Perkembangan ilmu saha kemajengan bidang teknologi saged ndayani ewahing makna*. Jaman rumiyin *sastra* gadhah teges “seratan utawi buku ingkang ngemot kawruh”, sakmenika amargi *perkembangan* jaman ewah dados “satunggalipun karya ingkang sipatipun *kreatif*”.

b) *Perkembangan Sosial Budaya*

*Perkembangan* bidang sosial saged ndayani ewahing *makna*. Tembung *sarjana*, rumiyin miturut basa Jawa Kuno tegesipun “tiyang ingkang pinter”. Ananging sakmenika dados “tiyang ingkang sampun lulus saking perguruan tinggi”.

c) *Bedanipun Bidang Pemakaian*

Ing satunggaling bidang gadhah tembung-tembung *khusus*, kadosta wonten bidang pertanian wonten tembung nanem, tandur, macul, pupuk, ngrabuk saha sanesipun.

d) *Wontenipun Asosiasi*

Tembung-tembung ingkang dipunginakaken ing njawi bidangipun. Kadosta “suarane sedep dirungokake” tembung sedep menika saking indra *perasa* ananging dipuntampi dening indra *pendengaran*.

e) *Pertukaran* Tanggapan Indra

Pirantos indra kita gadhah tugas piyambak-piyambak kangge nampi kedadeyan ing donya menika. Raos pait, asin, legi dipuntampi dening indra *perasa*. Tembung panas, adem, saha sejuk dening kulit. Kedadeyan ingkang wonten gegayutanipun kaliyan caya kadosta padang, peteng, dipuntampi dening indra *penglihatan* inggih menika paningal, ingkang wonten gegayutanipun kaliyan ambu dipuntampi dening indra *pembau* inggih menika grana. Ananging anggenipun ngginakaken basa kathah wonten kasus *pertukaran tanggapan* indra setunggal kaliyan indra sanesipun. Umpaminipun raos *pedhes* dipuntanggapi dening indra *perasa* ing ilat, ewah dipuntampi dening indra *pendengaran* kados ing ukara “*omonganmu kui pedhese ngalahi lombok*”. Gejala *pertukaran tanggapan* indra menika dipunsebut *sinestesia*.

f) Bedanipun Tanggapan

Saben *unsur leksikal* utawi *kata sebenarnya* kanthi *sinkronis* sampun gadhah *makna* leksikal ingkang tetep. Ananging amargi *pandangan* gesang saha ukuran ing norma pagesangan ing masarakat, kathah tembung ingkang gadhah nilai raos ingkang *rendah* “kirang nyenengaken (peyoratif)”. Kejawi menika wonten malih raos ingkang *tinggi* “mengenakkan (amelioratif)”. Tuladhanipun ing tembung *dipecat* (peyoratif) dados “dipun-PHK” (amelioratif) saha tembung *kawin* (peyoratif) dados “nikah (amelioratif).

g) Wontenipun Singkatan

Ing basa Indonesia wonten tembung utawi andharan ingkang asring dipunginakaken satemah nggampilaken tiyang anggenipun mangertosi. Lajeng

dipunsingkat kadosta *simbahnya meninggal* ing andharan menika cekap *meninggal* kemawon tinimbang wujud wutuhipun, *meninggal dunia*.

#### h) Proses Gramatikal

Proses *Gramatikal* kadosta *afiksasi*, *reduplikasi* saha komposisi saged ndayani ewahing *makna*. Ananging sejatosipun sanes amargi ewahing *makna*, sebab wujud tembung menika sampun ewah amargi wontenipun proses gramatikal. Kadosta, “omah-omah” tegesipun kathah omah, “rumah makan” tegesipun panggenan kangge dhahar.

#### i) *Perkembangan* Pangertosan (Istilah)

Salah satunggaling upaya ing *pengembangan* utawi pawujudan istilah enggal inggih menika kanthi maedahaken kosa kata basa Indonesia kanthi suka *makna* enggal, ngraketaken *makna* tembung, *meluaskan*, utawi nyukani teges enggal. Tembung *papan* ingkang gadhah teges “lempengan kayu” samenika dados “*perumahan*” utawi papan panggenan (griya”).

Miturut pamanggih ahli wonten nginggil, teges satunggaling tembung saged ewah gumantung konteksipun saha sebab menapa ingkang ndayani teges tembung saged ewah. Teges ing satunggaling tembung inggih menika wosipun saking tembung kasebut minangka pirantos kangge suka informasi. Ewahing teges tembung ndayani wontenipun teges sanes satemah nambah variasi *makna* saking tembung kasebut miturut konteksipun.

### 3. Novel

Abrams (lumantar Nurgiyantoro, 2007:9) ngandharaken bilih tembung novel asalipun saking basa Italia *novella* ingkang tegesipun “satunggaling barang enggal ingkang alit” salajengipun dipuntegesi minangka”cariyos cekak awujud prosa”. Novel kalebet enggal menawi dipuntandingaken kaliyan wujud sastra sanesipun kadosta geguritan, drama. Novel inggih menika karangan awujud prosa ingkang panjang sarta ngemot cariyos pagesangan setunggal tiyang kaliyan tiyang ing sakiwa tengenipun kanthi nengenaken watak saha sipat paraganipun.

Miturut Semi (1988: 32) novel minangka wujud kasusastraan ingkang dipuntegesi saged suka konsentrasi pagesangan ingkang langkung tegas. Novel nggambaraken babagan satunggaling perkawis ingkang kedadosan wonten ing masarakat tartemtu, satemah novel boten saged dipunpisahaken saking kawontenan masarakat. Novel *Cinrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata nyariosaken pinten-pinten pagesangan sosial, kadosta adat istiadat, nilai-nilai sosial, saha agami. Trepipun saha larasipun pamilihing tembung saha basa saged nuwuhaken satunggalipun imajinasi dhatengpara maos.

Saben karya fiksi ngemot pesen moral, kathah jinis saha wujud ajaran moral (Nurgiyantoro, 2007: 323). Satunggaling karya sastra ingkang ngemot pesen adatipun pesen menika minangka piwulang ingkang sae. Piwulang menika dipunandharaken mawi karya sastra supados tiyang dados pribadhi ingkang mangertosi satunggalipun barang ingkang leres.

Novel minangka karangan prosa ingkang panjang ngemot cariyos pagesangan tiyang kaliyan masarakat ing sakiwa tengenipun kanthi watak saha

sipat saben paraga (KBBI, 2007: 788). Wellek saha Warren (lumantar Nurgiyantoro, 2007: 15) ngandharaken bilih novel sipatipun nyata, ngrembaka saking wujud-wujud *naratif nonfiksi* kadosta serat, *biografi*, *kronik* utawi sejarah. Novel langkung nengenaken kasunyatan ingkang langkung inggil saha psikologi ingkang langkung rinci. Nurgiyantoro (2007: 30-31) ngandharaken bilih novel dipunbangun saking pinten-pinten unsur, saben unsur gayut kaliyan unsur sanesipun, ingkang ndayani novel kasebut dados satunggaling karya ingkang gesang.

Miturut andharan para ahli wonten nginggil, saged dipunpendhet dudutan bilih novel inggih menika salah satunggaling karya sastra awujud prosa ingkang panjang, ngemot cariyos pagesangan tiyang kaliyan tiyang sanes ing sakiwa tengenipun kanthi watak saha sipat paraga. Sipatipun nyata, ngrembaka saking wujud-wujud *naratif nonfiksi*, kadosta serat, *biografi*, *kronik* utawi sejarah.

#### **4. Panganggening *Sinestesia* ing Novel**

Pilihaning tembung ingkang trep nedahaken pandhapuking satunggaling tembung kangge nuwuhaken gagasan-gagasan ingkang trep wonten ing imajinasi para maos utawi pamiyarsa, kados menapa ingkang dipunraosaken dening penganggit (Keraf, 2002: 81). Gegayutanipun kaliyan gambaran utawi pengalaman penganggit, trepipun pamilihing tembung wonten karya sastra wigati minangka media *penyampain pesan* dening penganggit. Menawi anggenipun ngginakaken tembung trep, pramila tegesipun saged kaandharaken kanthi cetha dumugi para maos. Salah satunggalipun wonten karya sastra seratan, para maos saged nggambaraken wosipun cariyos.

Pamilihing tembung ndayani para maos saged ngraosaken menapa ingkang dipunraosaken dening penganggit. Karya sastra, mliginipun novel minangka pirantos hiburan saha *edukasi* kangge para maos. Wontenipun *sinestesia* wonten karya sastra amargi wonten *pertukaran makna*. Satunggaling *makna* menika boten kedah ajeg utawi trep menapa wontenipun, ananging ugi ewah miturut kawontenan.

## **B. Panaliten ingkang Laras**

Panaliten ingkang laras kaliyan panaliten ingkang badhe katindakaken inggih menika panaliten ingkang dipunlampahi dening Suciati Duwi Sartika (2012) kanthi irah-irahan “*Sinestesia Pada Tuturan Mahasiswa PBSJ FBS UNNES*”. Wonten panaliten menika, Suciati Duwi Sartika ngrembag jinis *sinestesia* saha *makna* wonten ing tuturan mahasiswa PBSJ FBS UNNES.

Jinis *sinestesia* ingkang dipunpanggihaken wonten ing panalitenipun Suciati inggih menika; *sinestesia* saking indra *perasa* ing indra *pembau*, *sinestesia* saking indra *perasa* ing indra *penglihatan*, *sinestesia* saking indra *perasa* ing indra *pendengaran*, *sinestesia* saking indra *pembau* ing indra *pendengaran*, *sinestesia* saking indra *pendengaran* ing indra *penglihatan*, *sinestesia* saking indra *penglihatan* ing indra *pendengaran*, *sinestesia* saking indra *peraba* ing indra *pendengaran*, *sinestesia* saking indra *peraba* ing indra *pembau*, *sinestesia* saking indra *peraba* ing indra *penglihatan*. *Makna sinestesia* saking tuturan mahasiswa PBSJ awujud; *makna referensial*, saha *nonreferensial*, *makna emotif*, *makna gramatikal*, saha *makna kolokasi*.

Panaliten ingkang laras salajengipun inggih menika panaliten ingkang dipunlampahi dening Haryanti (2012) kanthi irah-irahan “*Penggunaan Diksi Indria Pada Novel Ngulandara Dalam Buku Emas Sumawur Ing Baluarti Karya Partini B*”. Wonten panaliten menika, Haryanti ngrembag novel *Ngulandara* inggih menika jinis saha fungsi diksi indria. Diksi indria minangka wujud variasi diksi ingkang menarik satemah nilai karya tulis saged langkung sae. Fungsi diksi indria wonten novel *Ngulandara* anggitanipun Partini B inggih menika: *menonjolkan* perangan tartemtu karya sastra (paraga, *setting*, saha kawontenan), reaksi emosi, gambaran kawontenan (suasana), nyangetaken tuturan, nyiptakaken *makna* enggal, saha ngendhahaken karya sastra.

Panaliten menika ngrembag perangan saking diksi indria inggih menika *sinestesia*. Panaliten menika beda kaliyan panalitenipun Haryanti ingkang kajaniipun langkung wiyar amargi ngrembag babagan jinis diksi indria kados diksi indria *penglihatan, pembau, perasa, peraba, saha pendengaran*. Wondene ing panaliten menika namung ngrembag sinestesianipun utawi *pertukaran makna* indra inggih menika jinis *sinestesia, makna* saha fungsipun supados langkung *spesifik* andharanipun.

Panaliten menika ugi beda kaliyan panalitenipun Suciati Duwi Sartika, amargi obyekipun sanes tuturan lisan ananging ngrembag novel ingkang irah-irahanipun *Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata. Inggih dipunrembag boten namung jinis *sinestesia* saha tegesipun ananging ugi fungsi *sinestesia*.

### C. Nalaring Pikir

Tembung minangka unsur dhasar kangge ngandharaken satunggaling gagasan utawi pamanggih. Pamilihing tembung ingkang sae saha trep menika kangge sarana andharan ingkang trep saha *efektif*. Wontenipun tembung ingkang trep, *pesan* saking informasi saged gampil dipuntampi. Novel minangka salah satunggaling karya sastra ingkang ngemot gambaran pagesangan ingkang dipunandharaken ing satunggaling seratan. Novel minangka satunggaling karya sastra ingkang kathah ngginakaken jinis diksi. Panaliten menika gadhah ancas ngandharaken jinis *sinestesia*, *makna*, saha fungsipun. *Sinestesia* inggih menika *pertukaran makna* indra saking pengalaman manungsa, satemah para maos saged ngraosaken *imajinasi* saking satunggaling cariyos.

Panaliten menika kanthi irah-irahan “*Sinestesia Basa Jawi Wonten Ing Novel Cintrong Paju-Pat Anggitanipun Suparto Brata*. Prekawis-prekawis ingkang badhe dipuntaliti saha dipunandharaken inggih menika jinis *sinestesia*, *makna*, saha fungsipun wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata ingkang dipunterbitaken dening Narasi taun 2010. Sasampunipun nemtokaken prekawis-prekawis wonten ing panaliten menika, salajengipun nemtokaken cara ngempalaken *data*.

Cara ngempalaken *data* wonten ing panaliten menika, ngginakaken cara maos saha nyathet. Cara menika gadhah ancas kangge ngandharaken *data* asiling panaliten saking wosing prekawis inggih menika jinis *sinestesia*, *makna*, saha fungsipun ing novel *Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata. *Data* saking asiling panaliten lajeng dipunanalisis kanthi cara *analisis deskriptif*.



Panaliten *deskriptif* inggih menika panaliten ingkang damel gambaran ngengingi kahanan utawi kedadosan ingkang wonten ing novel miturut konteksipun.

Dene cara ngesahaken *data* ngginakaken *validitas* ingkang awujud *validitas semantik* saha *reliabilitas* ingkang awujud *reliabilitas stabilitas kontekstual*. *Validitas semantik kontekstual* inggih menika *data-data* babagan jinis *sinestesia, makna*, saha fungsipun dipuntegesi miturut konteks ukara kanthi cara ngamati *data*. Salajengipun *data* ingkang sampun wonten dipunsuwunaken pirsu kaliyan ahli ingkang nguwasani bidang kasebut inggih menika dosen pembimbing kangge mangertosi *data* ingkang *valid*. *Reliabilitas stabilitas* minangka *penafsiran cara* kanthi *reliabel* amargi dipunwaos wongsal-wangsul supados pikantuk asil ingkang leres saha trep. *Data* ingkang badhe dipuntliti, dipunwaos kanthi wongsal-wangsul supados cetha prekawisipun.

### **BAB III CARA PANALITEN**

#### **A. Jinis Panaliten**

Jinisipun panaliten inggih menika panaliten *deskriptif*, ngandharaken *fakta* ingkang kados menapa wontenipun. Panaliti ngginakaken panaliten *deskriptif* amargi kangge mangertosi jinis, *makna* saha fungsi *sinestesia* kados menapa ingkang wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat*. Salajengipun dipunandharaken kados menapa wontenipun. Boten ngewah-ewahi objek ingkang dipuntliti.

Miturut Sudaryanto (1988: 62) panaliten *deskriptif* inggih menika panaliten ingkang dipuntindakaken miturut *fakta* ingkang trep kaliyan kawontenan penuturipun, satemah ngasilaken potret utawi andharan kados menapa wontenipun. Bab menika dipuntindakaken amargi sumber *data* ing panaliten menika awujud novel. Panaliten *deskriptif* gadhah ancas kangge damel gambaran kanthi *sistematis*, *faktual* sarta *akurat* miturut *fakta* saha sumber *data* ingkang wonten. Panaliten menika dipuntindakaken kanthi cara ngempalaken *data*, ngelompokaken *data* lajeng nganalisis data kangge nemtokkan saha ngandharaken jinis *sinestesia*, *makna*, saha fungsipun ing novel *Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata.

#### **B. Data saha Sumber Data**

*Data* ing panaliten inggih menika tembung ingkang kalebet *kategori* jinis *sinestesia*, *makna*, saha fungsipun ingkang wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat*

anggitanipun Suparto Brata. Sumber *data* ing panaliten inggih menika novel *Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata taun 2010 terbitan saking Narasi. Novel menika wonten 311 kaca.

Dhasar utawi pawadan panaliti milih *data* saking novel *Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata amargi panaliti kathah manggihaken jinis *sinestesia* wonten ing novel kasebut tinimbang ing novel sanes ingkang sampun panaliti waos. Saking *faktor* penganggit inggih menika Suparto Brata sampun kathah nyerat karya sastra ingkang *variatif*. Inggih dados dhasar panaliten menika, sumber datanipun gadhah nilai-nilai pagesangan ingkang sae, saged dipundadosaken gambaran kangge tumindhak ingkang trep. Novel menika dipunpilih amargi kathah ngginakaken jinis *sinestesia* minangka salah satunggalipun sarana kangge ngandharaken wosipun cariyos. Salajengipun sedaya *data* kasebut dipunanalisis supados suka asil ingkang trep.

### C. Pirantining Panaliten

Pirantining panaliten ing panaliten inggih menika *tabel analisis data* utawi *tabel kisi-kisi data* kabiyantu dening *kartu data*. Pamilihing *kartu data* ing panaliten menika amragi dipunginakaken kangge nyerat *data* ingkang sampun kapanggihaken. Dene *tabel analisis data* dipunginakaken kangge nglebetaken *data* saking *kartu data*. *Data* ingkang sampun dipunanalisis kedah jumbuh kaliyan teori ingkang sampun kaandharaken ing gegaran teori.

Wonten ing *tabel analisis data* dipunandharaken tuladha *data*, jinis, *makna*, saha fungsi *sinestesia*. Saben *data* ingkang gayut kaliyan jinis *sinestesia* dipunserat sami kaliyan *kategori data* ingkang dipunginakaken. *Kartu data*

minangka sarana kangge nggampilaken *pencatatan* data, pangempalan data, pengelompokan saha analisis data inggih menika jinis *sinestesia*, *makna*, saha fungsipun. *Kartu data* menika ngemot data-data saking jinis *sinestesia*, *makna*, saha fungsipun ingkang dipunjangkepi ngangge *kode-kode* kadosta: no urut kartu, kaca, nama paraga ing novel, tuladha data ingkang dipunginakaken, jinis *sinestesia*, *makna*, saha fungsipun.

#### **D. Caranipun Ngempalaken Data**

Cara ngempalaken *data* ingkang dipunginakaken ing panaliten inggih menika maos saha nyerat. Maos kanthi cermat saha tliti. Panaliti maos kangge manggihaken perangan-perangan, tembung saha tuturan ingkang ngalami ewah-ewahing *makna* utawi *sinestesia* ingkang wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata. Salajengipun dipunwaos malih supados dipunpanggihaken asil *pengamatan* ingkang leres saking kagiyatan pangempalan *data*. Panaliti ugi suka tandha perangan-perangan ingkang kalebet jinis *sinestesia* salajengipun dipuntegesi miturut konteksipun, saha fungsipun menapa kangge nggampilaken proses panyerating (*pencatatan*). *Teknik* panyerating kangge nyerat perangan *data* ingkang ngemot *indikator* tembung saha tuturan ingkang kalebet jinis *sinestesia*, *makna*, saha fungsipun.

*Data* ingkang sampun wonten, salajengipun dipunketik ngginakaken komputer minangka sarana kangge nyimpen *data*. Sasampunipun sedaya *data* dipunkempalaken, lajeng dipundokumentasikaken saha dipunpahami sarta dipuntliti minangka sumber informasi kangge mbiyantu ngandharaken *data* mawi

*analisis data* ingkang kalebet jinis *sinestesia*, *makna*, saha fungsipun. Tuladha dokumentasi data ing kartu data:

Tabel 1: Tuladha *Dokumentasi Data* ing *Kartu Data*

No urut/ kaca	: 67
Nama Paraga ing Novel	: Lirih
<i>Data</i>	: “Gak enak suwaramu, Mbak!” protese Lirih.
<i>Jinis Sinestesia</i>	: Saking indra <i>perasa</i> dados indra <i>pendengaran</i> . Enak (indra <i>perasa</i> ), suwaramu (indra <i>pendengaran</i> ).
<i>Makna Sinestesia</i>	: <i>Makna afektif</i> (pangandikanipun Abrit boten sae utawi ala)
<i>Fungsi Sinestesia</i>	: Ngasaraken <i>makna</i> kangge nedahaken raos duka dhateng tiyang sanes

#### E. Caranipun Nganalisis *Data*

Cara analisis data ing panaliten menika ngginakaken *analisis deskriptif*, inggih menika kanthi cara ngandharaken sedaya data miturut *kategori*-nipun piyambak-piyambak saha dipunanalisis miturut ancasing panaliten saking tuturan ingkang wonten. Cara *deskriptif* menika gadhah ancas kangge ngempalaken informasi ngengingi satunggaling kedadosan kanthi *objektif* saha menapa wontenipun. Salajengipun *data* kasebut dipunanalisis miturut konteksipun.

*Data* ingkang sampun dipunkempalaken saha dipunserat ing *kartu data* lajeng dipunanalisis miturut teori para ahli babagan jinis *sinestesia*, *makna*, saha fungsipun. Asil ingkang sampun dipunpanggihaken salajengipun dipundadosaken setunggal miturut *konsep* ingkang sami inggih menika jinis *sinestesia* wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata. Salajengipun inggih menika ngandharaken jinis *sinestesia*, *makna*, saha fungsipun, supados langkung cetha panaliten ingkang dipunkaji, wonten ing

pirembagan dipunsukani *data-data* ingkang dipunpanggihaken sarta dipunsukani tuladha kutipan.

Ing ngandhap menika urutan analisis *data* ingkang langkung rinci.

1. Pengelompokan *data*, asiling *data* salajengipun dipunkelompokaken miturut jinis *sinestesia* saking teori ingkang sampun wonten.
2. Jinis *sinestesia* ingkang sampun wonten salajengipun dipunanalisis miturut *makna* saha fungsi ing konteks cariyos ing novel kasebut.
3. Damel dudutan, saking pirembagan jinis *sinestesia*, *makna*, saha fungsipun ing novel *Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata salajengipun dipundamel dudutan. Dudutan dipunandharaken kanthi rinci mawi *analisis* ingkang cetha saha dipunsukani tuladha kutipan.

#### **F. Caranipun Ngesahaken *Data***

Caranipun ngesahaken *data* ing panaliten menika ngginakaken *validitas* saha *reliabilitas*. Supados datanipun *absah*, panaliti ngginakaken *validitas semantik kontekstual*. Miturut Mulyana (2005: 139) *validitas semantik kontekstual* inggih menika nglasifikasi, negesi saha ngaji *data* kanthi nggatosaken konteks ukara kanthi cara *struktural*. *Data-data* babagan jinis *sinestesia*, *makna*, saha fungsipun dipuntegesi miturut konteksipun kanthi cara ngamati *data*. Salajengipun *data* ingkang sampun wonten dipunsuwunaken pirsu kaliyan ahli ingkang nguwasani bidang kasebut inggih menika dosen pembimbing kangge mangertosi *data* ingkang *valid*.

Aplikasi *validitas semantik kontekstual* wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata saged dipuntingali saking tuladha:

“Langit nyawang cah wadon sing diterke Suwarni. Pakulitane resik, sanajan dandanane prasaja, raine katon klimis. Ndulu sandhangane sajake durung **kambon gaya metropolitan Jakarta**”. (kaca 153)

*Makna* saking ukara wonten nginggil menika ngandharaken bilih paraga ingkang naminipun Lirih Nagari ingkang kasebut gadhah sipat ingkang sae, dereng kambon gaya metropolitan Jakarta tegesipun taksih polos. Tuturan wonten nginggil ngginakaken jinis *sinestesia* saking indra *pembau* dados indra *penglihatan*, inggih menika “kambon gaya metropolitan Jakarta” ngandharaken sipatipun Lirih Nagari ingkang polos. Anggenipun Lirih dandan boten aneh-aneh kados gaya jaman modern ing Jakarta. Langit remen anggenipun Lirih ngagem busana.

*Reliabilitas* data wonten ing panaliten menika ngginakaken *reliabilitas stabilitas*. *Reliabilitas stabilitas* minangka *penafsiran cara* kanthi *reliabel* amargi dipunwaos wongsal-wangsul supados pikantuk asil ingkang leres saha trep. *Data* ingkang badhe dipuntliti, dipunwaos kanthi wongsal-wangsul supados cetha perkawisipun. *Aplikasi reliabilitas stabilitas* wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata saged dipuntingali saking tuladha:

“Kaya ngono piwalesmu? Digolekake gawean, saiki ngrebut kekasihku!” **nyocote** Abrit marang Lirih. Galak. **Kasar**. ngancam. (kaca 126)

Wonten kutipan nginggil menika *nafsiraken data* ingkang kalebet jinis *sinestesia*, *makna*, saha fungsipun saged dipunpangguhaken kanthi cara ngginakaken *reliabilitas stabilitas* inggih menika kanthi cara maos wongsal-wangsul supados pikantuk asil ingkang tetep, trep saha *reliabel*. Satemah dipunpangguhaken data ingkang kalebet *sinestesia* saking indra *peraba* dados

indra *pendengaran*, tembung “nyocote” ingkang ngalami inggih menika indra *pendengaran*. Wondene tembung “kasar” (boten rata) ingkang ngalami inggih menika indra *peraba*, satemah ukara ing nginggil tegesipun “pangandikanipun Abrit marang Lirih ala, boten sae”. Abrit duka marang Lirih amargi boten ngertos males pitulingipun saking Abrit. *Reliabilitas stabilitas* dipunpilih supados wekdal kangge nliti langkung *efektif*, amargi *stabilitas* ingkang dipunkajengaken inggih menika sinaosa wekdal anggenipun nliti beda ananging asilipun boten ewah.



**BAB IV**  
**ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN**

**A. Asiling Panaliten**

Perangan menika ngemot asiling panaliten inggih menika jinis *sinestesia*, tegesipun saha fungsipun wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata. Asil panaliten dipunandharaken wonten tabel. Ing ngandhap menika tabel asiling panaliten babagan jinis *sinestesia*, makna saha fungsi *sinestesia* wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata, wondene *data-data* ingkang jangkep badhe dipunandharaken wonten ing kaca lampiran.

Tabel 2. Jinis, makna saha fungsi *sinestesia* wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata.

No	Jinis Sinestesia	Makna	Fungsi	Indikator
1	Indra peraba→ indra pendengaran	Makna afektif “Ngendikanipun Ibu sae, sopan”	Ngalusaken makna supados langkung sopan	“Hallo?” Ibune <b>ngomong</b> kanthi <b>swara alus</b> . “Lo! Wis mati!” <b>(CPP/ kc 32)</b>
		Makna afektif “Ngendikanipun Abrit boten trep, boten sae”	Ngasaraken makna kangge nedahaken raos duka dhateng tiyang sanes	“Kaya ngono kuwi piwalesmu? Digolekake gawean, saiki ngrebut kekasihku!” <b>nyocote</b> Abrit marang Lirih. Galak. <b>Kasar</b> . Ngancam. <b>(CPP/ kc 126)</b>
2	Indra peraba→ indra penglihatan	Makna afektif “Caranipun Trengginas anggenipun nampi aqua trep, sae”	Ngalusaken makna supados langkung sopan	Trengginas gelem balik lungguh mepet Abrit. Nampani aqua, terus diombe. <b>Carane alus</b> . Nduweni rasa tresna marang Abrit. Tresnane kekancan. <b>(CPP/ kc 113)</b>

Tabel salajengipun

No	Jinis Sinestesia	Makna	Fungsi	Indikator
		<i>Makna afektif</i> “Abrit mepet-mepet Trengginas amargi tresna”	Nyangetaken wosing tuturan	Dadakan <b>Trengginas muncul</b> melu kru sinetron iki, <b>Abrit terus wae lengket</b> karo wong anyaring instruktur komputer kuwi. (CPP/ kc 73)
		<i>Makna afektif</i> “Lirih bingung anggenipun mangsuli pitakenan Bu Langit”	Nedahaken raos sarujuk utawi boten sarujuk dhateng tiyang sanes	“Aja kok pikir maneh. Ya? Kowe tetep nyambut gawe neng kene. Kowe rak wis krasan, ta, neng kene?” Lirih <b>gedheg-gedheg sumpeg</b> . Ora bisa mikir. (CPP/ kc 195)
3	Indra <i>perasa</i> → indra <i>pendengaran</i>	<i>Makna afektif</i> “Ngendikanipun Abrit nglarakaken manahipun Lirih”	Ngasaraken <i>makna</i> kangge nedahaken raos duka dhateng tiyang sanes	“Tenan, Mbak. <b>Omonganmu jan pedhes!</b> Ning ya daksabari, Pangeran sing bakal mbales!” Lirih gage nusul Abrit, ngotong-ngotong gawane Abrit sing paling abot. (CPP/ kc 68)
		<i>Makna afektif</i> “Luhur boten purun dipunjodhohaken”	Nedahaken raos sarujuk utawi boten sarujuk dhateng tiyang sanes	“ <b>Pait critane</b> . Rasah dakwadulake. Abrit rasane ya kaya aku. Pengin bebas milih jodhone. Ngono wae. Dadi pihak kana, karo pihak kene, sing padha arep nglakoni, wegah ngraket. Oleh, ya, Mbak, ngono?” (CPP/ kc 148)
4	Indra <i>perasa</i> → indra <i>penglihatan</i>	<i>Makna referensial</i> “Luhur ngrancang pepanggihan ingkang endah, <i>romantis</i> , nengsemaken manah”	Ngendahaken wosing tuturan	Abrit klambine kuning, kancane abang. Sengaja Luhur ora nyedhaki apa nemoni. Dheweke grancang <b>sapatemon</b> sing luwih ngagetake ati, luwih bakal <b>manis</b> romantis. (CPP/ kc 69)
		<i>Makna referensial</i> “Sesawangan ingkang asri, endah”	Ngendahaken wosing tuturan	Luhur ngadeg ninggalake papan, arep mlaku-mlaku dhisik golek <b>panorama kang nyegerake</b> pandulu

Tabel salajengipun

No	Jinis Sinestesia	Makna	Fungsi	Indikator
				sakupenge tanah pegunungan Cipanas. (CPP/ kc 77)
		<i>Makna referensial</i> “Pasuryanipun Lirih ayu”	Nedahaken raos remen utawi boten remen	“Tapi prasaku ya gak elek-elek nemen! <b>Manis le, areke.</b> Irunge mrincis, alise njlirit!” (CPP/ kc 112)
5	Indra pendengaran → indra peraba	<i>Makna afektif</i> “Anggenipun Lirih njiwit astanipun Luhur kiyat sanget amargi dipungodhani dening Luhur”	Nyangetaken wosing tuturan	“Kuwi mau salah kedaden, dak kandhani!” muni ngono, wong nyatane awake isih padha cedhak-cedhakan, Lirih terus <b>njiwit lengene Luhur seru-seru.</b> (CPP/ kc 83)
6	Indra penglihatan → indra pendengaran	<i>Makna afektif</i> “Miturut Abrit, ngendikanipun Lirih boten nyenengaken manahipun Abrit”	Ngasaraken makna kangge nedahaken raos duka dhateng tiyang sanes	“Embuh. Aku ancene jengkel mbarek Lir-ilir! Wiwit ndhuk mobil maeng <b>omonge lancip!</b> Nyerikna ati!” (CPP/ kc 113)
		<i>Makna afektif</i> “Ngendikanipun Langit prasaja, alon”	Ngalusaken makna supados langkung sopan	“Mangga. Pinarak kursi ngarepku.” Kanthi sopan tamune narik kursi sangarepe Langit, terus lungguh. Adhep-adhepan karo Langit, winatesan meja tulis. “Jenengku Langit, pangarsa seksi marketing. Jenengmu sapa?” <b>omonge kalem,</b> nanging teges, manut tata cara kantor antarane pangarsa seksi karo relasi. (CPP/ kc 153)
		<i>Makna afektif</i> “Wangsulanipun Lirih teges, boten ajrih”	Nyangetaken wosing tuturan	Lirih omonge tetep teges. Dheweke ora kaya wong sing nampa paukuman, nanging kaya wong sing oleh pangayomanan. Malah dheweke sing menang. Mula <b>tumanggape jejeg,</b> kenceng, bakoh. (CPP/ kc 246)

Tabel salajengipun

No	Jinis Sinestesia	Makna	Fungsi	Indikator
7	Indra pembau → indra penglihatan	<i>Makna referensial</i> “Anggenipun Lirih dandan boten aneh-aneh kados gaya jaman modern ing Jakarta”	Nedahaken raos remen utawi boten remen	Langit nyawang cah wadon sing diterke Suwarni. Pakulitane resik, sanajan dandanane prasaja, raine katon klimis. Ndulu sandhangane sajake durung <b>kambon gaya metropolitan Jakarta.</b> <b>(CPP/ kc 153)</b>
		<i>Makna referensial</i> “Anggenipun nyedhaki Trengginas, Abrit boten bosen-bosen”	Nyangetaken wosing tuturan	Teja ethok-ethok lali. Wis dicritani Marsidik, saploke ditinggal perlop Abrit ngglibet nggulet wae ing babagan komputer. Nganti mambu bacin, <b>mambu skandhal.</b> <b>(CPP/ kc 166)</b>
8	Indra perasa → indra pembau	<i>Makna referensial</i> “Gandanipun Abrit ambunipun wangi, arum”	Nyangetaken wosing tuturan	Ora mung dadi akrab srawung karo Abrit merga wonge ayu, misuwur, malah gandane sing wangi wae ya bisa <b>diambu seger.</b> <b>(CPP/ kc 73)</b>
		<i>Makna referensial</i> “Kringetipun mambu sanget, boten wangi”	Nyangetaken wosing tuturan	Akeh lelakone karo wong lanang, sing jare bagus, sing praene kaya sinyo, sing <b>ambune</b> ababe bedheg, <b>kringete kecut.</b> <b>(CPP/ kc 177)</b>
9	Indra pembau → indra pendengaran	<i>Makna afektif</i> “Ngendikanipun Lirih marang Abrit wonten montor nglarakaken manahipun Abrit”	Ngasaraken <i>makna</i> kangge nedahaken raos duka dhateng tiyang sanes	“Iki piwalesku. Mau neng montor kowe <b>omong sengak.</b> Ngomentari bab aku emoh dadi mantune Pak kaptan! Apa abamu, ngomong kok nylekit? Ayo, aja kesuwen, ngewangi aku nggawa barang mrana.” <b>(CPP/ kc 67)</b>

Miturut tabel wonten nginggil, saged dipunpendhet dudutan bilih panganggening *sinestesia*, *makna* saha fungsipun mawarni-warni. Jinis *sinestesia*, *makna* saha fungsipun ingkang dipunpanggihaken wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata, *sinestesia* saking indra *peraba* ing indra *pendengaran*, fungsipun kangge ngalusaken *makna* supados langkung sopan, saha ngasaraken *makna* kangge nedahaken raos duka dhateng tiyang sanes.

*Sinestesia* saking indra *peraba* ing indra *penglihatan* fungsipun kangge ngalusaken *makna* supados langkung sopan, nyangetaken wosing tuturan, saha nedahaken raos sarujuk utawi boten sarujuk. *Sinestesia* saking indra *perasa* ing indra *pendengaran* fungsipun kangge ngasaraken *makna* kangge nedahaken raos duka saha kangge nedahaken raos sarujuk utawi boten sarujuk dhateng tiyang sanes.

*Sinestesia* saking indra *perasa* ing indra *penglihatan* fungsipun kangge ngendahaken wosing tuturan saha nedahaken raos remen utawi boten remen. *Sinestesia* saking indra *pendengaran* ing indra *peraba* fungsipun inggih menika nyangetaken wosing tuturan. *Sinestesia* saking indra *penglihatan* ing indra *pendengaran* fungsipun kangge ngasaraken *makna* kangge nedahaken raos duka dhateng tiyang sanes, ngalusaken *makna* supados langkung sopan saha nyangetaken wosing tuturan.

*Sinestesia* saking indra *pembau* ing indra *penglihatan* fungsipun kangge nedahaken raos remen utawi boten remen saha nyangetaken wosing tuturan. *Sinestesia* saking indra *perasa* ing indra *pembau* fungsipun kangge

nyangetaken wosing tuturan. Wondene *sinestesia* saking indra *pembau* ing indra *pendengaran* fungsipun kangge ngasaraken *makna* kangge nedahaken raos duka dhateng tiyang sanes.

*Sinestesia* ingkang kathah dipunginakaken wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata inggih menika *sinestesia* saking indra *penglihatan* ing indra *pendengaran*. *Makna* ingkang dipunginakaken inggih menika *makna afektif* saha *makna referensial*. Wondene fungsi panganggening *sinestesia* ingkang kathah inggih menika fungsi nyangetaken wosing tuturan. Jinis *sinestesia* ingkang sampun dipunpanggihaken wonten novel badhe dipunandharaken wonten ing pirembagan.

## **B. Pirembagan Asil Panaliten**

Miturut asil panaliten wonten nginggil babagan *sinestesia*, *makna* saha fungsipun wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat*, panganggening *sinestesia* kathah saha mawarni-warni kados andharan wonten nginggil. Pirembagan *sinestesia*, *makna* saha fungsipun boten saged dipunpethal-pethal antawis satungal kaliyan sanesipun amargi sedayanipun gayut. Supados boten ngrembag kanthi wongsal-wangsul, pramila pirembagan *sinestesia*, *makna* saha fungsipun badhe dipunandharaken kanthi runtut. Wonten ngandhap menika badhe dipunandharaken pirembagan *sinestesia*, *makna* saha fungsipun, dipunjangkepi kaliyan tuladha ingkang dipunpethik saking novel *Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata.

## 1. *Sinestesia saking Indra Peraba ing Indra Pendengaran*

*Sinestesia* saking indra *peraba* ing indra *pendengaran* minangka ewah-ewahan saking indra *peraba* ing indra *pendengaran*. Indra *peraba* inggih menika kulit. Kulit, minangka indra *peraba* ingkang *peka* kaliyan *tekanan*, suhu, *sentuhan* saha *rabaan*. Sedaya tanggapan ingkang saged dipun-*raba* utawi dipunraosaken dening kulit. Talingan, minangka indra *pendengaran* (organ auditorik), swanten utawi unen-unen/ *bunyi* dipuntampi saha dipun-*tafsir*-aken.

Miturut panganggening *sinestesia*, makna saha fungsi ingkang wonten ing novel kasebut asilipun mawarni-warni, panganggening *sinestesia* saking indra *peraba* ing indra *pendengaran* saha fungsipun wonten kalih fungsi. Panganggening *sinestesia* wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat* boten nuwuhaken setunggal fungsi kemawon, ananging saged nuwuhaken fungsi sanes. Wonten ngandhap menika badhe dipunandharaken *sinestesia* saking indra *peraba* ing indra *pendengaran*, tegesipun saha fungsipun ingkang dipunpethik saking novel *Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata.

### a. *Sinestesia saking indra peraba ing indra pendengaran: fungsi ngalusaken makna supados langkung sopan.*

Panganggening jinis *sinestesia* saking indra *peraba* ing indra *pendengaran* wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat* gadhah fungsi ngalusaken *makna* supados langkung sopan. Ing ngandhap menika badhe dipunandharaken panganggening *sinestesia* saking indra *peraba* ing indra

*pendengaran*, tegesipun saha fungsipun ingkang dipunpethik saking novel *Cintrong Paju-Pat*.

- (1) “Hallo?” Ibune **ngomong kanthi swara alus**. “Lo! Wis mati!”.  
(CPP/ kc 32)

Miturut *data* (1) wonten nginggil dipunandharaken panganggening *sinestesia* saking indra *peraba* ing indra *pendengaran* katingal saking panganggening tembung “alus”. Kulit, minangka indra *peraba* ingkang *peka* kaliyan *tekanan*, suhu, *sentuhan* saha *rabaan*. Tembung “alus” dipuntanggapi indra *peraba* kulit ananging *makna* ngalami *pertukaran* tanggapan kaliyan indra *pendengaran* inggih menika dipuntedahaken saking tembung “swara” satemah ngalami ewah-ewahing *makna* dados “pangandikanipun Ibu wonten telpon sae”. Sanes swanten ingkang wujudipun alus amargi swanten tiyang ingkang ngendika menika boten saged dipungrayang alus menapa boten. Swanten namung saged dipunmirengaken mawi talingan.

Panganggening *sinestesia* saking indra *peraba* ing indra *pendengaran* “swara alus”, gadhah fungsi ngalusaken *makna* supados langkung sopan. Wonten telpon Ibu ngendika kanthi swanten ingkang alus, supados lawan tutur ngraosaken bilih Ibu ingkang telpon menika sopan saha gadhah niat ingkang sae.

Wonten ing *data* (1) menika ngemot *makna afektif*, inggih menika ing ukara “*ngomong kanthi swara alus*”. *Makna afektif* ing ukara kasebut dipundayani wontenipun tanggapan utawi *reaksi* Ibu ingkang nembe ngendika ing telepon ngginakaken tembung ingkang sae saha sopan.



Tembung *alus* ngalami ewah-ewahing *makna* amargi dipunpindahaken saking indra *peraba* ing indra *pendengaran*. Satemah “ngomong kanthi swara *alus*” ing ukara menika sanes ateges “pangandikan ingkang wujudipun *alus*”, ananging ateges “pangandikan ingkang sae, sopan”.

- (2) “Ojok lunga, tah, Treng. Iya, iya. Aku gak nesu maneh. Iki ngombene. Ombenen ndhuk kene ae! **“suwarane dikendokake”**. (CPP/ kc 113)

Miturut *data* (2) wonten nginggil dipunandharaken panganggening *sinestesia* saking indra *peraba* ing indra *pendengaran* katingal saking panganggening tembung “suwarane” saha tembung “dikendokake”. Kulit, minangka indra *peraba* ingkang *pekakaliyan tekanan*, suhu, *sentuhan* saha *rabaan*. Tembung “dikendokake” dipuntanggapi indra *peraba* kulit ananging *makna* ngalami *pertukaran* tanggapan kaliyan indra *pendengaran* inggih menika dipuntedahaken saking tembung “suwarane” satemah ngalami ewah-ewahing *makna* dados “pangandikanipun Abrit dhateng Trengginas dipunlirihaken supados Trengginas purun ngunjuk sareng Abrit”. Sanes swantenipun Abrit “kendo” ananging swantenipun Abrit lirih.

Panganggening *sinestesia* saking indra *peraba* ing indra *pendengaran* “suwarane dikendokake”, gadhah fungsi ngalusaken *makna* supados langkung sopan. Abrit boten duka malih ananging swantenipun dipunlirihaken supados Trengginas purun sareng kaliyan piyambakipun.

Wonten ing *data* (2) menika ngemot *makna afektif*, inggih menika ing ukara “suwarane dikendokake”. *Makna afektif* ing ukara kasebut dipundayani wontenipun tanggapan utawi *reaksi* Abrit ingkang nembe wawan gunem

kaliyan Trengginas. Abrit ngginakaken tembung ingkang sopan, boten kados adatipun. Tembung *alus* ngalami ewah-ewahing *makna* amargi dipunpindahaken saking indra *peraba* ing indra *pendengaran*. Satemah “*suwarane dikendokake*” ing ukara menika sanes ateges “pangandikanipun kendo”, ananging ateges “pangandikanipun lirih”.

**b. *Sinestesia* saking indra *peraba* ing indra *pendengaran*: ngasaraken *makna* kangge nedahaken raos duka utawi boten remen dhateng tiyang sanes.**

Panganggening jinis *sinestesia* saking indra *peraba* ing indra *pendengaran* wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat* gadhah fungsi ngasaraken *makna* kangge nedahaken raos duka utawi boten remen kaliyan tiyang sanes. Ing ngandhap badhe dipunandharaken panganggening *sinestesia* saking indra *peraba* ing indra *pendengaran*, tegesipun saha fungsipun ingkang dipunpethik saking novel *Cintrong Paju-Pat*.

- (3) “Kaya ngono kuwi piwalesmu? Digolekake gawean, saiki ngrebut kekasihku!” **nyocote** Abrit marang Lirih. Galak. **Kasar**. Ngancam.(**CPP/ kc 126**)

Miturut *data* (3) wonten nginggil dipunandharaken panganggening *sinestesia* saking indra *peraba* ing indra *pendengaran* katingal saking panganggening tembung “kasar”. Kulit, minangka indra *peraba* utawi *peraba* ingkang *peka* kaliyan *tekanan*, suhu, *sentuhan* saha *rabaan*. Tembung “kasar” dipuntanggapi indra *peraba* kulit ananging *makna* ngalami *pertukaran* tanggapan kaliyan indra *pendengaran* inggih menika dipuntedahaken saking tembung “nyocote” tegesipun “ngendikanipun Abrit kaliyan Lirih” satemah

ngalami ewah-ewahing *makna* dados “ngendikanipun utawi wangsulanipun Abrit dhateng Lirih boten sae, tembungipun nglarakaken manah”. Sanes “nyocote” ingkang wujudipun kasar amargi “ngendikanipun, nyocote” tiyang ingkang ngendika menika boten saged dipungrayang kasar menapa boten kasar. Pangandikan menika namung saged dipunmirengaken mawi talingan.

Panganggening *sinestesia* saking indra *peraba* ing indra *pendengaran* “nyocote Abrit kasar”, gadhah fungsi ngasaraken *makna* kangge nedahaken raos duka utawi boten remen dhateng tiyang sanes. Abrit mangsuli Lirih kanthi tembung ingkang boten ngremenaken manah. Tembung kasar nggambaraken bilih Abrit nembe duka dhateng Lirih, amargi Abrit nganggap Lirih menika boten males pitulungipun saha dipunanggap ngrebut kekasihipun Abrit, saha ugi sampun dipunpadosaken pedamelan.

Wonten ing *data* (3) menika ngemot *makna afektif*, inggih menika ing tembung “nyocote” saha “kasar”. *Makna afektif* ing ukara kasebut dipundayani wontenipun tanggapan utawi *reaksi* Abrit ingkang nembe ngendika kaliyan Lirih ngginakaken tembung ingkang ala. Tembung *kasar* ngalami ewah-ewahing *makna* amargi dipunpindahaken saking indra *peraba* ing indra *pendengaran*. Satemah “nyocote kasar” ing ukara menika sanes ateges “pangandikan ingkang wujudipun kasar”, ananging ateges “pangandikan ingkang boten sae, ala”.

## 2. *Sinestesia saking Indra Peraba ing Indra Penglihatan*

*Sinestesia* saking *indra peraba* ing *indra penglihatan* minangka ewah-ewahan saking *indra peraba* ing *indra penglihatan*. *Indra peraba* inggih menika kulit. Kulit, minangka *indra peraba* ingkang *peka* kaliyan *tekanan*, *suhu*, *sentuhan* saha *rabaan*. Sedaya tanggapan ingkang saged dipungrayang utawi dipunraosaken dening kulit. Paningal, minangka *indra penglihatan* (organ visual) *sensitif* tumrap rangsang caya nampi bayangan kangge dipun-*tafsir*-aken. Sedaya tanggapan ingkang saged dipuntingali dening paningal miturut titikaning rangsangan saged dipuntampi dening *indra paningal*. Miturut panganggening *sinestesia*, *makna* saha fungsi ingkang wonten ing novel kasebut asilipun mawarni-warni.

Panganggening *sinestesia* wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat*boten nuwuhaken setunggal fungsi kemawon, ananging saged nuwuhaken fungsi sanes. Wonten ngandhap badhe dipunandharaken *sinestesia* saking *indra peraba* ing *indra penglihatan*, tegesipun saha fungsipun ingkang dipunpethik saking novel *Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata.

### a. *Sinestesia saking indra peraba ing indra penglihatan: ngalusaken makna supados langkung sopan.*

Panganggening jinis *sinestesia* saking *indra peraba* ing *indra penglihatan* wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat* gadhah fungsi ngalusaken *makna* supados langkung sopan. Ing ngandhap badhe dipunandharaken panganggening *sinestesia* saking *indra peraba* ing *indra penglihatan*,

tegesipun saha fungsipun ingkang dipunpethik saking novel *Cintrong Paju-Pat*.

- (4) *Trengginas gelem balik lungguh mepet Abrit. Nampani aqua, terus diombe. Carane alus. Nduweni rasa tresna marang Abrit. Tresnane kekancan. (CPP/ kc 113)*

Miturut *data* (4) wonten nginggil dipunandharaken panganggening *sinestesia* saking indra *peraba* ing indra *penglihatan* katingal saking panganggening tembung “carane” saha “alus”. Kulit, minangka indra *peraba* utawi *peraba* ingkang *peka* kaliyan *tekanan*, suhu, *sentuhan* saha *rabaan*. Tembung “alus” dipuntanggapi indra *peraba* kulit ananging *makna* ngalami *pertukaran* tanggapan kaliyan indra *penglihatan*. Paningal, minangka indra *penglihatan* (organ visual) *sensitif* tumrap rangsang caya nampi bayangan kangge dipun-*tafsir*-aken. Sedaya tanggapan ingkang saged dipuntingali dening paningal miturut titikaning rangsangan ingkang saged dipuntampi dening indra paningal.

Indra *penglihatan* dipuntedahaken saking tembung “carane”. Alus dipuntanggapi indra kulit ananging *makna* ngalami *pertukaran* tanggapan kaliyan indra *penglihatan* satemah ngalami ewah-ewahing *makna* dados “caranipun Trengginas anggenipun kekancan kaliyan Abrit sae”. Sanes caranipun ingkang wujudipun alus amargi cara menika boten saged dipungrayang dening indra kulit. Cara menika saged dipuntingali dening indra paningal.

Panganggening *sinestesia* saking indra *peraba* ingindra *penglihatan* gadhah fungsi ngalusaken *makna* supados langkung sopan. Anggenipun

Trengginas nampani *aqua*, caranipun sae, boten wonten raos sengit utawi duka. Trengginas namung gadhah raos tresna kekancan kaliyan Abrit sanes raos tresna asih-asihan.

Wonten ing *data* (4) menika ngemot *makna afektif*, inggih menika ing tembung “*carane alus*”. *Makna afektif* ing ukara kasebut dipundayani wontenipun tanggapan utawi *reaksi* saking Trengginas anggenipun nampi unjukan saking Abrit kanthi cara ingkang sae. Tembung *alus* ngalami ewah-ewahing *makna* amargi dipunpindahaken saking indra *peraba* ing indra *penglihatan*. Satemah “*carane alus*”ing ukara menika ateges “pangandikan ingkang boten sae, ala”.

**b. Sinestesia saking indra peraba ing indra penglihatan: nyangetaken wosing tuturan.**

Panganggening jinis *sinestesia* saking indra *peraba* ing indra *penglihatan* wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat* ugi gadhah fungsi nyangetaken wosing tuturan. Ing ngandhap badhe dipunandharaken panganggening *sinestesia* saking indra *peraba* ing indra *penglihatan*, tegesipun saha fungsipun ingkang dipunpethik saking novel *Cintrong Paju-Pat*.

- (5) Dadakan **Trengginas muncul** melu kru sinetron iki, **Abrit terus wae lengket** karo wong anyar ing instruktur komputer kuwi.  
(**CPP/ kc 73**)

Miturut *data* (5) wonten nginggil dipunandharaken panganggening *sinestesia* saking indra *peraba* ing indra *penglihatan* katingal saking

panganggening “wong anyar ing instruktur komputer kuwi” saha “lengket”. Kulit, minangka indra *peraba* utawi *peraba* ingkang *peka* kaliyan *tekanan*, suhu, *sentuhan* saha *rabaan*. Tembung “lengket” dipuntanggapi indra *peraba* kulit ananging *makna* ngalami *pertukaran* tanggapan kaliyan indra *penglihatan*. Paningal, minangka indra *penglihatan* (organ visual) sensitif tumrap rangsang caya nampi bayangan kangge dipun-*tafsir*-aken. Sedaya tanggapan ingkang saged dipuntingali dening paningal miturut titikaning rangsangan ingkang saged dipuntampi dening indra paningal. Saking indra *penglihatan* dipuntedahaken saking ukara “wong anyar ing instruktur komputer kuwi”.

“Lengket” dipuntanggapi dening indra *peraba*. Tegesipun ngalami *pertukaran* tanggapan indra kaliyan indra paningal satemah ngalami ewah-ewahing *makna* dados “Abrit celak-celak kaliyan Trengginas ingkang sampun dangu dipuntresnani”. Pepanggihan antawisipun Abrit kaliyan Trengginas saged dipuntingali mawi indra paningal. Abrit katingal celak kaliyan Trengginas.

Panganggening *sinestesia* saking indra *peraba* ing indra *penglihatan* gadhah fungsi nyangetaken wosing tuturan. Maknipun ewah, sanes badhanipun Abrit ingkang lengket kaliyan badhanipun Trengginas, ananging nalika pepanggihan, kekalhipun katingal celak sanget. Nalika Trengginas medal, enggal-enggal Abrit nyedhaki marang Trengginas lajeng mepet-mepet Trengginas, amargi Abrit gadhah raos tresna sanget marang Trengginas.

Wonten ing *data* (5) menika ngemot *makna afektif*, inggih menika ing tembung “*Trengginas muncul*” saha “*lengket*. *Makna afektif* ing ukara kasebut dipundayani wontenipun tanggapan utawi *reaksi* Abrit ingkang nyedhaki *Trengginas* sasampunipun *Trengginas* medal. Tembung *lengket* ngalami ewah-ewahing *makna* amargi dipunpindahaken saking indra *peraba* ing indra *penglihatan*. Satemah ing *data* (5) menika sanes ateges “Abrit lengket kaliyan *Trengginas*”, ananging ateges “Abrit celak sanget kaliyan *Trengginas*”.

(6) **Paseduluran** antarane Bathara Mayamaya karo Satuhu Manahira dadi **sangsaya rumaket. (CPP/ kc 55)**

Miturut *data* (6) wonten nginggil dipunandharaken panganggening *sinestesia* saking indra *peraba* ing indra *penglihatan* katingal saking panganggening tembung “*paseduluran*” saha “*sangsaya rumaket*”. Kulit, minangka indra *peraba* ingkang *peka* kaliyan *tekanan*, suhu, *sentuhan* saha *rabaan*. Tembung “*rumaket*” dipuntanggapi indra *peraba* kulit ananging *makna* ngalami *pertukaran* tanggapan kaliyan indra *penglihatan*. Tembung “*paseduluran*” dipuntanggapi dening indra *paningal*. *Paningal*, minangka indra *penglihatan* (organ visual) sensitif tumrap rangsang caya nampi bayangan kangge dipun-*tafsir*-aken. Sedaya tanggapan ingkang saged dipuntingali dening *paningal* miturut titikaning rangsangan ingkang saged dipuntampi dening indra *paningal*. Tegesipun ngalami *pertukaran* tanggapan indra kaliyan indra *paningal* satemah ngalami ewah-ewahing *makna* dados “*pasedherekan* antawisipun Bathara Mayamaya kaliyan Satuhu Manahira



celak sanget”. Paseduluran antawis kekalihipun saged dipuntingali mawi indra paningal.

Panganggening *sinestesia* saking indra *peraba* ing indra *penglihatan* gadhah fungsi nyagetaken wosing tuturan. Tegesipun ewah, dados paseduluran antawisipun Bathara Mayamaya kaliyan Satuhu Manahira celak sanget”.

Wonten ing *data* (6) menika ngemot *makna referensial*, inggih menika ing tembung “*paseduluran*” saha “*rumaket*”. *Makna referensial* ing ukara kasebut dipundayani wontenipun tembung “*rumaket*” kados lem. Tembung *rumaket* ngalami ewah-ewahing *makna* amargi dipunpindahaken saking indra *peraba* kulit ing indra *penglihatan*. Satemah ing *data* (7) menika sanes ateges “*pasedherekan ingkang rumaket kados lem*”, ananging ateges “*pasedherekan antawisipun Bathara Mayamaya kaliyan Satuhu Manahira celak sanget utawi akrab*”.

**c. *Sinestesia* saking indra *peraba* ing indra *penglihatan*: nedahaken raos sarujuk utawi boten sarujuk.**

Panganggening jinis *sinestesia* saking indra *peraba* ing indra *penglihatan* wonten ing novel *Cinrong Paju-Pat* ugi gadhah fungsi nedahaken raos sarujuk utawi boten sarujuk. Ing ngandhap badhe dipunandharaken panganggening *sinestesia* saking indra *peraba* ing indra *penglihatan*, tegesipun saha fungsipun ingkang dipunpethik saking novel *Cinrong Paju-Pat*.

(7) “Aja kok pikir maneh. Ya? Kowe tetep nyambut gawe neng kene. Kowe rak wis krasan, ta, neng kene?” Lirih **gedheg-gedheg sumpeg. (CPP/ kc 195)**

Miturut *data* (7) wonten nginggil dipunandharaken panganggening *sinestesia* saking indra *peraba*ing indra *penglihatan* katingal saking tembung “gedheg-gedheg” saha “sumpeg”. Kulit, minangka indra *peraba* ingkang *peka* kaliyan *tekanan*, suhu, *sentuhan* saha *rabaan*. Tembung “sumpeg” dipuntanggapi indra *peraba* kulit ananging *makna* ngalami *pertukaran* tanggapan kaliyan indra *penglihatan*. Tembung “gedheg-gedheg” dipuntanggapi dening indra paningal. Paningal, minangka indra *penglihatan* (organ visual) sensitif tumrap rangsang caya nampi bayangan kangge dipun-*tafsir*-aken. Sedaya tanggapan ingkang saged dipuntingali dening paningal miturut titikaning rangsangan ingkang saged dipuntampi dening indra paningal. Tegesipun ngalami *pertukaran* tanggapan indra kaliyan indra paningal satemah ngalami ewah-ewahing *makna* dados “Lirih boten sarujuk kaliyan andharanipun utawi pitakenanipun Bu Langit”.

Panganggening *sinestesia* saking indra *peraba* ing indra *penglihatan* gadhah fungsi nedahaken raos sarujuk utawi boten sarujuk. Bu Langit nyuwun tulung supados taksih purun nyambut damel ing kantoripun, ananging Lirih gedheg-gedheg. Boten saged langsung mangsuli amargi sinambi nangis.

Wonten ing *data* (7) menika ngemot *makna afektif*, inggih menika ing tembung “gedheg-gedheg” saha “sumpeg”. *Makna afektif* ing ukara kasebut dipundayani wontenipun tanggapan utawi *reaksi* Lirih maring pitakenanipun

Bu Langit. Lirih gedheg-gedheg amargi boten sarujuk kaliyan pitakenanipun  
 Bu Langit. Sanes Lirih ngraos sumpeg amargi kepanasan.

### 3. *Sinestesia saking Indra Perasa ing Indra Pendengaran*

*Sinestesia* saking *indra perasa* ing *indra pendengaran* minangka ewah-ewahan saking *indra perasa* ing *indra pendengaran*. *Indra perasa* inggih menika ilat. Ilat, minangka *indra perasa/ pengecapan* ingkang peka sanget, kadosta raos legi, asin, kecut saha pait. Talingan, inggih menika *indra pendengaran* (organ auditorik), swanten utawi unen-unen/ *bunyi* dipuntampi saha dipun-*tafsir*-aken. Miturut panganggening *sinestesia*, makna saha fungsi ingkang wonten ing novel kasebut asilipun mawarni-warni. Wonten ngandhap badhe dipunandharaken *sinestesia* saking *indra perasa* ing *indra pendengaran*, tegesipun saha fungsipun ingkang dipunpethik saking novel *Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata.

#### a. *Sinestesia saking indra perasa ing indra pendengaran: ngasaraken makna kangge nedahaken raos duka dhateng tiyang sanes.*

Panganggening jinis *sinestesia* saking *indra perasa* ing *indra pendengaran* wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat* gadhah fungsi ngasaraken *makna* kangge nedahaken raos duka utawi boten remen kaliyan tiyang sanes. Ing ngandhap badhe dipunandharaken panganggening *sinestesia* saking *indra perasa* ing *indra pendengaran*, tegesipun saha fungsipun ingkang dipunpethik saking novel *Cintrong Paju-Pat*.

- (8) “Tenan, Mbak. **Omonganmu jan pedhes!** Ning ya daksabari, Pangeran sing bakal mbales!” Lirih gage nusul Abrit, ngotong-ngotong gawane Abrit sing paling abot. (CPP/ kc 68)

Miturut *data* (8) wonten nginggil dipunandharaken panganggening *sinestesia* saking indra *perasa* ing indra *pendengaran* katingal saking panganggening tembung “omonganmu” saha “pedhes” Ilat, inggih menika indra *perasa/ pengecapan* ingkang *peka* sanget, kadosta raos legi, asin, kecut saha pait. Talingan, minangka indra *pendengaran* (organ auditorik), swanten utawi unen-unen/ *bunyi* dipuntampi saha dipun-*tafsir*-aken. Tembung “pedhes” dipuntanggapi dening indra *perasa* ilat. Ananging *makna* ngalami *pertukaran* tanggapan indra kaliyan indra *pendengaran* satemah ngalami ewah-ewahing *makna* dados “pangandikanipun Abrit boten sae utawi nglarakaken manahipun Lirih”. “Omonganmu utawi pangandikan” menika boten saged dipunraosaken dening indra *perasa* ilat ananging saged dipunmirengaken dening indra talingan.

Panganggening *sinestesia* saking indra *perasa* ing indra *pendengaran* “ngendikanipun Abrit marang Lirih”, gadhah fungsi ngasaraken *makna* kangge nedahaken raos duka dhateng tiyang sanes. Abrit ngendika marang Lirih kanthi tembung ingkang boten ngremenaken manah. Lirih duka amargi ngendikanipun Abrit ingkang boten sae, ananging Lirih sareh anggenipun srawung kaliyan Abrit.

Wonten ing *data* (8) menika ngemot *makna afektif*, inggih menika ing ukara “*omonganmu jan pedhes*”. *Makna afektif* ing ukara kasebut dipundayani wontenipun tanggapan utawi *reaksi* Lirih ingkang nembe duka

maring Abrit amargi ngendikanipun Abrit nglarakaken manah. Tembung *pedhes* ngalami ewah-ewahing *makna* amargi dipunpindahaken saking indra *perasa* ing indra *pendengaran*. Satemah “*omonganmu jan pedhes*” ing ukara menika sanes ateges “pangandikan ingkang raosipun *pedhes*”, ananging ateges “pangandikan ingkang boten sae, boten sopan”.

- (9) “Ahh, Liiir-iliir! Anggakmu eram! Durung oleh penggawean, andekna wis pilih-pilih, emoh main film! Pancen sapa sing arep ndadekake kowe sripanggung sinetron? Jenengmu Lirih, pantese diundang Lir-ilir wae! Lir-iliir lir-iliir, tandure...!”  
 “**Gak enak suwaramu, Mbak!**” protes Lirih. (CPP/ kc 67)

Miturut *data* (9) wonten nginggil dipunandharaken panganggening *sinestesia* saking indra *perasa* ing indra *pendengaran* katingal saking “gak enak” saha “suwaramu” Ilat, inggih menika indra *perasa/ pengecapan* ingkang *peka* sanget, kadosta raos legi, asin, kecut, enak saha pait. Talingan, minangka indra *pendengaran* (organ auditorik), swanten utawi unen-unen/ *bunyi* dipuntampi saha dipun-*tafsir*-aken. Tembung “enak” dipuntanggapi dening indra *perasa* ilat. Ananging *makna* ngalami *pertukaran* tanggapan indra kaliyan indra *pendengaran* satemah ngalami ewah-ewahing *makna* dados “pangandikanipun Abrit boten sae utawi nglarakaken manahipun Lirih”. “Suwaramu” menika boten saged dipunraosaken dening indra *perasa* ilat ananging saged dipunmirengaken dening indra talingan.

Panganggening *sinestesia* saking indra *perasa* ing indra *pendengaran* ing nginggil gadhah fungsi ngasaraken *makna* kangge nedahaken raos duka dhateng tiyang sanes. Abrit ngendika marang Lirih kanthi tembung ingkang

boten ngremenaken manah. Satemah Lirih duka amargi ngendikanipun Abrit ingkang boten sae.

Wonten ing *data* (9) menika ngemot *makna afektif*, inggih menika “*gak enak suwaramu*”. *Makna afektif* ing ukara kasebut dipundayani wontenipun tanggapan utawi *reaksi* Lirih ingkang nembe duka maring Abrit amargi ngendikanipun Abrit nglarakaken manah. Tembung *enak* ngalami ewah-ewahing *makna* amargi dipunpindahaken saking indra *perasa* ing indra *pendengaran*. Satemah “*gak enak suwaramu*” ing ukara menika sanes ateges “pangandikan ingkang raosipun boten eca”, ananging ateges “pangandikan ingkang boten sae, trep saha sopan”.

**b. *Sinestesia* saking indra *perasa* ing indra *pendengaran*: nedahaken raos sarujuk utawi boten sarujuk dhateng tiyang sanes.**

Panganggening jinis *sinestesia* saking indra *perasa* ing indra *pendengaran* wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat* ugi gadhah fungsi nedahaken raos sarujuk utawi boten sarujuk dhateng tiyang sanes. Ing ngandhap badhe dipunandharaken panganggening *sinestesia* saking indra *perasa* ing indra *pendengaran*, tegesipun saha fungsipun ingkang dipunpethik saking novel *Cintrong Paju-Pat*.

(10) “**Pait critane**. Rasah dakwadulake. Abrit rasane ya kaya aku. Pengin bebas milih jodhone, ngono wae. Dadi pihak kana, karo pihak kene, sing padha arep nglakoni, wegah ngraket. Oleh, ya, Mbak, ngono?”. (CPP/ kc 148)

Miturut *data* (10) wonten nginggil dipunandharaken panganggening *sinestesia* saking indra *perasa* ing indra *pendengaran* katingal saking

panganggening tembung “pait” saha “critane”. Ilat minangka indra *perasa/ pengecapan* ingkang *peka* sanget, kadosta raos legi, asin, kecut saha pait. Talingan, minangka indra *pendengaran* (organ auditorik), swanten utawi unen-unen/ *bunyi* dipuntampi saha dipun-*tafsir*-aken. Tembung “pait” dipuntanggapi dening indra *perasa* ilat. Ananging tegesipun ngalami *pertukaran* tanggapan indra kaliyan indra *pendengaran* satemah ngalami ewah-ewahing *makna* dados “cariyos ngengingi Luhur kaliyan Abrit boten nyenengaken. Kekalihipun sami-sami boten remen dipunjodhohaken”. “Cariyos” menika boten saged dipunraosaken dening indra ilat. Ananging saged dipunmirengaken dening indra *pendengaran*.

Panganggening *sinestesia* saking indra *perasa* ing indra *pendengaran* “cariyos ngengingi Luhur kaliyan Abrit boten nyenengaken”. Kekalihipun sami-sami boten remen dipunjodhohaken”, gadhah fungsi kangge nedahaken bilih Luhur boten remen menawi dipunjodhohaken kaliyan Abrit. Semanten ugi Abrit ugi boten purun dipunjodhohaken kaliyan Luhur. Kekalihipun sami-sami boten remen dipunjodhohaken dening tiyang sepuhipun piyambak-piyambak. “Pait critane” nedahaken bilih Luhur menika manahipun boten remen, amargi sejatosipun boten purun dipundhawuh supados krama kaliyan Abrit.

Wonten ing *data* (10) menika ngemot *makna afektif*, inggih menika ing ukara “*pait critane*”. *Makna afektif* ing ukara kasebut dipundayani wontenipun tanggapan utawi *reaksi* Luhur ingkang boten sarujuk menawi dipunjodhohaken kaliyan Abrit. Tembung *pait*ngalami ewah-ewahing *makna*

amargi dipunpindahaken saking indra *perasa* ing indra *pendengaran*. Satemah “*pait critane*” ing ukara menika sanes ateges “cariyos ingkang raosipun pait”, ananging ateges “cariyos ingkang boten nyenengaken manahipun Luhur” .

#### **4. *Sinestesia* saking Indra Perasa ing Indra Penglihatan**

*Sinestesia* saking indra *perasa*ing indra *penglihatan* minangka ewah-ewahan saking indra *perasa* ing indra *penglihatan*. Ilat, minangka indra *perasa/ pengecapan* ingkang *peka* sanget, kadosta raos legi, asin, kecut, anyep saha pait. Paningal, minangka indra *penglihatan* (organ visual) sensitif tumrap rangsang caya kangge dipun-*tafsir*-aken. Sedaya tanggapan ingkang saged dipuntingali dening paningal miturut titikaning rangsangan ingkang saged dipuntampi dening indra paningal. Miturut panganggening *sinestesia*, makna saha fungsi ingkang wonten ing novel kasebut asilipun mawarni-warni. Panganggening *sinestesia* wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat* boten namung nuwuhaken setunggal fungsi kemawon, ananging saged nuwuhaken fungsi sanes. Wonten ngandhap badhe dipunandharaken *sinestesia* saking indra *perasa* ing indra *penglihatan*, tegesipun saha fungsipun ingkang dipunpethik saking novel *Cintrong Paju-Pat*anggitanipun Suparto Brata.

##### **a. *Sinestesia* saking indra *perasa* ing indra *penglihatan*: Ngendahaken wosing tuturan.**

Panganggening jinis *sinestesia* saking indra *perasa* ing indra *penglihatan* wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat* gadhah fungsi ngendahaken



tuturan. Ing ngandhap badhe dipunandharaken panganggening *sinestesia* saking indra *perasa* ing indra *penglihatan*, tegesipun saha fungsipun ingkang dipunpethik saking novel *Cintrong Paju-Pat*.

(11)Abrit klambine kuning, kancane abang. Sengaja Luhur ora nyedhaki apa nemoni. Dheweke ngrancang **sapatemon** sing luwih ngagetake ati, luwih bakal **manis** romantis. (CPP/ kc 69)

Miturut *data* (11) wonten nginggil dipunandharaken panganggening *sinestesia* saking indra *perasa* ing indra *penglihatan* katingal saking panganggening tembung “sapatemon” saha “manis”. Ilat, minangka indra *perasa/ pengecapan* ingkang *peka* sanget, kadosta raos legi, asin, kecut, anyep saha pait. Paningal, minangka indra *penglihatan* (organ visual) sensitif tumrap rangsang caya nampi bayangan kangge dipun-*tafsir*-aken. Sedaya tanggapan ingkang saged dipuntingali dening paningal miturut titikaning rangsangan ingkang saged dipuntampi dening indra paningal. Indra *penglihatan* dipuntedahaken saking tembung “pasatemon”.

Saking indra *perasa* dipunedahaken saking tembung “manis”. Manis dipunraosaken dening indra ilat ananging *makna* ngalami *pertukaran* tanggapan indra kaliyan indra *penglihatan* satemah ngalami ewah-ewahing *makna* dados “pepanggihan ingkang dipunrancang dening Luhur saged endah utawi nyenengaken manahipun Abrit”. Pepanggihan utawi pasetemon menika boten saged dipunraosaken dening indra ilat. Ananging saged dipuntingali dening indra paningal.

Panganggening *sinestesia* saking indra *perasa* ing indra *penglihatan* “pepanggihan ingkang dipunrancang dening Luhur saged endah utawi

nyenengaken manahipun Abrit”, gadhah fungsi ngendahaken wosing tuturan supados pepanggihanipun saged “manis” saha “romantis”.

Wonten ing *data* (11) menika ngemot *makna referensial*, inggih menika ing ukara “*sapatemon sing luwih ngagetake ati, luwih bakal manis romantis*”. Tembung “sapatemon” wonten ing ukara menika gadhah *maknareferensial* amargi gadhah *referensi* ingkang tegesipun “pepanggihan” saha tembung “manis” gadhah *makna* “raos legi kados gendhis”. Ananging wonten ing tuturan menika tembung “manis” gadhah *makna* “endah, *romantis*”. *Data* ing nginggil ngalami ewah-ewahing *makna*, inggih menika tembung “manis” ingkang sejatosipun dipuntanggapi indra *perasa* ilat dipunpindahaken ing indra paningal satemah tegesipun dados “pepanggihan ingkang endah, *romantis*, saha nengsemaken manah”.

(12) Luhur ngadeg ninggalake papan, arep mlaku-mlaku dhisik golek **panorama** kang **nyegerake** pandulu sakupenge tanah pegunungan Cipanas. (CPP/ kc 77)

Miturut *data* (12) wonten nginggil dipunandharaken panganggening *sinestesia* saking indra *perasa* ing indra *penglihatan* katingal saking panganggening tembung “panorama” saha “nyegerake, seger”. Ilat, minangka indra *perasa/ pengecapan* ingkang *peka* sanget, kadosta raos legi, asin, kecut, anyep saha pait. Paningal, minangka indra *penglihatan* (organ visual) sensitif tumrap rangsang caya nampi bayangan kangge dipun-*tafsir*-aken. Sedaya tanggapan ingkang saged dipuntingali dening paningal miturut titikaning rangsangan ingkang saged dipuntampi dening indra paningal. Tembung “nyegerake” dipuntanggapi dening indra *perasa* ilat ananging *makna* ngalami

*pertukaran* tanggapan kaliyan indra *penglihatan*. Saking indra *penglihatan* dipuntedahaken saking tembung “panorama”. “Nyegerake, seger” dipuntanggapi dening indra ilat. *Makna*: ngalami *pertukaran* tanggapan antawisipun indra *perasa* saha indra *penglihatan* satemah ngalami ewahing *makna* dados “kawontenan tanah pegunungan Cipanas ingkang asri saha subur”. Panorama menika boten saged dipunraosaken dening indra ilat ananging saged dipuntingali dening indra paningal.

Panganggening *sinestesia* saking indra *perasa* ing indra *penglihatan* ugi gadhah fungsi ngendahaken tuturan, panorama ing pegunungan Cipanas nyengsemaken manahipun tiyang ingkang ningali. Pramila Luhur mlampah-mlampah ing sakupenge pegunungan Cipanas supados saged ningali panorama ingkang endah.

Wonten ing *data* (12) menika ngemot *makna referensial*, inggih menika ing tembung “*panorama*” saha “*nyegerake*”. Tembung “*panorama*” wonten ing ukara menika gadhah *makna referensial* amargi gadhah *referensi* ingkang tegesipun “gambaran” saha tembung “*nyegerake*” gadhah *makna* “seger raosipun”. Ananging wonten ing tuturan menika tembung “*nyegerake*” gadhah *makna* “nyenengaken, endah, asri”. *Data* ing nginggil ngalami ewah-ewahing *makna*, inggih menika tembung “*nyegerake*” ingkang sejatosipun dipuntanggapi indra *perasa* ilat dipunpindahaken ing indra paningal satemah tegesipun dados “panorama ingkang nengsemaken manah, asri saha endah”.

**b. *Sinestesia* saking *indra perasa* ing *indra penglihatan*: nedahaken raos remen utawi boten remen.**

Panganggening jinis *sinestesia* saking *indra perasa* ing *indra penglihatan* wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat* ugi gadhah fungsi nedahaken raos, remen utawi boten remen. Ing ngandhap badhe dipunandharaken panganggening *sinestesia* saking *indra perasa* ing *indra penglihatan*, tegesipun saha fungsipun ingkang dipunpethik saking novel *Cintrong Paju-Pat*.

(13)“Tapi prasaku ya gak elek-elek nemen! **Manis le,areke**. Irunge mrincis, alise njlirit!”. (CPP/ kc 112)

Miturut *data* (13) wonten nginggil dipunandharaken panganggening *sinestesia* saking *indra perasa* ing *indra penglihatan* katingal saking panganggening tembung “manis” saha “areke”. Ilat minangka *indra perasa/ pengecapan* ingkang *peka* sanget, kadosta raos legi, asin, kecut saha pait. Paningal, minangka *indra penglihatan* (organ visual) sensitif tumrap rangsang caya nampi bayangan kangge dipun-*tafsir*-aken. Sedaya tanggapan ingkang saged dipuntingali dening paningal miturut titikaning rangsangan ingkang saged dipuntampi dening *indra paningal*. *Indra perasa* dipuntedahaken saking tembung “manis”, wondene saking *indra penglihatan* dipuntedahaken saking tembung “areke”. Tembung “manis” dipuntanggapi dening *indra perasa* ilat ananging *makna* ngalami *pertukaran* tanggapan *indra kaliyan* *indra penglihatan* inggih menika tembung “areke” satemah *makna* ngalami ewah-ewahing *makna* dados “pasuryanipun Lirih ayu”. Tembung “areke” menika

boten saged dipunraosaken dening indra ilat ananging saged dipuntingali dening indra paningal.

Panganggening *sinestesia* saking indra *perasa* ing indra *penglihatan* “pasuryanipun Lirih ayu “menika gadhah fungsi kangge nedahaken bilih Trengginas remen kaliyan Lirih. Boten kados Abrit ingkang boten remen kaliyan Lirih amargi Trengginas ingkang dipuntresnani langkung tresna marang Lirih.

Wonten ing *data* (13) menika ngemot *makna referensial*, inggih menika ing ukara “*manis, areke*”. Tembung “areke” wonten ing ukara menika gadhah *makna referensial* amargi gadhah *referensi* ingkang tegesipun “Lirih” saha tembung “manis” gadhah *makna* “raos legi kados gendhis”. Ananging wonten ing tuturan menika tembung “manis” gadhah *makna* “ayu”. *Data* ing nginggil ngalami ewah-ewahing *makna*, inggih menika tembung “manis” ingkang sejatosipun dipuntanggapi indra *perasa* ilat dipunpindahaken ing indra paningal satemah tegesipun sanes “pasuryanipun Lirih manis kados gendhis” ananging tegesipun “pasuryanipun Lirih menika ayu”.

**c. *Sinestesia* saking indra *perasa* ing indra *penglihatan*: nedahaken raos sarujuk utawi boten sarujuk.**

Panganggening jinis *sinestesia* saking indra *perasa* ing indra *penglihatan* wonten ing novel *Cinrong Paju-Pat* ugi gadhah fungsi nedahaken raos sarujuk utawi boten sarujuk, remen utawi boten remen. Ing ngandhap badhe dipunandharaken panganggening *sinestesia* saking indra

*perasaing indra penglihatan*, tegesipun saha fungsipun ingkang dipunpethik saking novel *Cintrong Paju-Pat*.

(14)“Hallo.” Wong loro padha salaman tangan. “Lo!? Kok ora ambung-ambungan!?Ayo, sunsunan!“**Ketemukaro tunanganmu kok anyep wae!** Hur! Aja wagu-wagu, ta”.(CPP/ kc 237)

Miturut *data* (14) wonten nginggil dipunandharaken panganggening *sinestesia* saking indra *perasa* ing indra *penglihatan* katingal saking panganggening tembung “ketemu” saha “anyep”. Ilat minangka indra *perasa/ pengecapan* ingkang *peka* sanget, kadosta raos legi, asin, kecut saha pait. Paningal, minangka indra *penglihatan* (organ visual) sensitif tumrap rangsang caya nampi bayangan kangge dipunafsiraken. Sedaya tanggapan ingkang saged dipuntingali dening paningal miturut titikaning rangsangan ingkang saged dipuntampi dening indra paningal.

Indra *perasa* dipuntedahaken saking tembung “anyep”, wondene saking indra *penglihatan* dipuntedahaken saking tembung “ketemu”. Tembung “anyep” dipuntanggapi dening indra *perasa* ilat ananging *makna* ngalami *pertukaran* tanggapan indra kaliyan indra *penglihatan* inggih menika tembung “ketemu”satemah *makna* ngalami ewah-ewahing *makna* dados “pepanggihan antawisipun Luhur kaliyan tunanganipun menika Abrit biasa mawon, boten nyenengaken manahipun ingkang ningali”. Pepanggihan menika boten saged dipunraosaken dening indra ilat ananging saged dipuntingali dening indra paningal.

Panganggening *sinestesia* saking indra *perasa* ing indra *penglihatan* “pepanggihan antawisipun Luhur kaliyan tunanganipun menika Abrit biasa

mawon, boten nyenengaken manahipun ingkang ningali” menika gadhah fungsi kangge nedahaken bilih Bu Arum, Ibunipun Luhur boten remen menawi ningali pepanggihan Luhur kaliyan Abrit ingkang sampun tunangan, ananging namung salaman kemawon. Bu Arum kepingin supados kekalihipun sun-sunan. Tembung “anyep” nedahaken bilih pepanggihan antawisipun Luhur kaliyan Abrit boten sami bingah, amargi kekalihipun sami-sami boten tresna.

Wonten ing *data* (14) menika ngemot *makna referensial*, inggih menika ing ukara “*ketemu karo tunanganmu kok anyep wae!*”. Tembung “ketemu” wonten ing ukara menika gadhah *makna referensial* amargi gadhah *referensi* ingkang tegesipun “pepanggihan” saha tembung “anyep” gadhah *makna* “boten wonten raosipun, hambar”. Ananging wonten ing tuturan menika tembung “anyep” gadhah *makna* “biasa, boten nyenengaken “. *Data* ing nginggil ngalami ewah-ewahing *makna*, inggih menika tembung “anyep” ingkang sejatosipun dipuntanggapi indra *perasa* ilat dipunpindahaken ing indra paningal satemah tegesipun dados “pepanggihan ingkang biasa kemawon”.

##### **5. *Sinestesia saking Indra Pendengaran ing Indra Peraba***

*Sinestesia* saking indra *pendengaran* ing indra *peraba* minangka ewah-ewahan saking indra *pendengaran* ing indra *peraba*. Indra *pendengaran* inggih menika talingan. Talingan, minangka indra *pendengaran* (organ auditorik), swanten utawi unen-unen/ *bunyi* dipuntampi saha dipun-*tafsir-*

aken. Indra *peraba* inggih menika kulit. Kulit minangka indra *peraba* ingkang *peka* kaliyan *tekanan*, suhu, *sentuhan* saha *rabaan*. Miturut panganggening *sinestesia*, makna saha fungsi ingkang wonten ing novel kasebut asilipun mawarni-warni. Wonten ngandhap badhe dipunandharaken *sinestesia* saking indra *pendengaran* ing indra *peraba*, tegesipun saha fungsipun ingkang dipunpethik saking novel *Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata.

**a. *Sinestesia* saking indra *pendengaran* ing indra *peraba*: fungsipun inggih menika nyangetaken wosing tuturan.**

Panganggening jinis *sinestesia* saking indra *pendengaran* ing indra *peraba* wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat* gadhah fungsi nyangetaken wosing tuturan. Ing ngandhap badhe dipunandharaken panganggening *sinestesia* saking indra *pendengaran* ing indra *peraba*, tegesipun saha fungsipun ingkang dipunpethik saking novel *Cintrong Paju-Pat*.

(15)“Kuwi mau salah kedaden, dak kandhani!” muni ngono, wong nyatane awake isih padha ceghak-cedhakan, Lirih terus **njiwit lengeneLuhurseru-seru. (CPP/ kc 83)**

Miturut *data* (15) wonten nginggil dipunandharaken panganggening *sinestesia* saking indra *pendengaran* ing indra *peraba* katingal saking panganggening tembung “njiwit” saha “seru-seru”. Kulit, minangka indra *peraba* utawi *peraba* ingkang *pekakaliyan tekanan*, suhu, *sentuhan* saha *rabaan*. Tembung “njiwit” dipuntanggapi indra *peraba* kulit. Talingan, inggih menika indra *pendengaran* (organ auditorik), swanten utawi unen-unen/ *bunyi* dipuntampi saha dipun-*tafsir*-aken. Tembung “seru-seru” dipuntanggapi dening indra *pendengaran*, talingan. Seru-seru dipuntanggapi dening idnra



talingan. Ananging *makna* ngalami *pertukaran* tanggapan kaliyan indra *peraba* satemah ngalami ewah-ewahing *makna* dados “anggenipun Lirih njiwit astanipun Luhur kiyat sanget”. Njiwit menika boten saged dipuntanggapi dening indra *pendengaran* ananging saged dipuntanggapi dening indra kulit.

Panganggening *sinestesia* saking indra *pendengaran* ing indra *peraba* saking ukara “anggenipun Lirih njiwit astanipun Luhur kiyat sanget, gadhah fungsi nyangetaken wosing tuturan. Tembung “seru-seru” menika sanes gadhah teges bilih ingkang seru swantenipun Lirih ananging Lirih njiwit astanipun Luhur kanthi kiyat sanget, amargi Luhur sampun nggodha Lirih, ngrembug kadadosan nalika kekalihipun wonten Cipanas rumiyin. Kekalihipun sami gegojegan, senggol-senggolan saha sunsunan. Pramila Lirih kraos gemes kaliyan Luhur, lajeng astanipun Luhur dipunjiwit kiyat sanget.

Wonten ing *data* (15) menika ngemot *makna afektif*, inggih menika ing ukara “*njiwit lengene Luhur seru-seru*”. *Makna afektif* ing ukara kasebut dipundayani wontenipun tanggapan utawi *reaksi* Lirih amargi dipungodha dening Luhur. Tembung *seru-seru* ngalami ewah-ewahing *makna* amargi dipunpindahaken saking indra *pendengaran* ing indra *peraba*. Satemah “*njiwit lengene Luhur seru-seru*” ing ukara menika sanes ateges “njiwit kanthi swanten ingkang seru”, ananging ateges “anggenipun Lirih njiwit astanipun Luhur kiyat sanget”.

## 6. *Sinestesia saking Indra Penglihatan ing Indra Pendengaran*

*Sinestesia* saking indra *penglihatan* ing indra *pendengaran* minangka ewah-ewahan saking indra *penglihatan* ing indra *pendengaran*. Indra *penglihatan* inggih menika paningal. Paningal, minangka indra *penglihatan* (organ visual) sensitif tumrap rangsang caya nampi bayangan kangge dipun-*tafsir*-aken. Sedaya tanggapan ingkang saged dipuntingali dening paningal miturut titikaning rangsangan ingkang saged dipuntampi dening indra paningal. Indra *pendengaran* inggih menika talingan. Talingan, minangka indra *pendengaran* (organ auditorik), swanten utawi unen-unen/ *bunyi* dipuntampi saha dipun-*tafsir*-aken. Miturut panganggening *sinestesia*, makna saha fungsi ingkang wonten ing novel kasebut asilipun mawarni-warni.

Panganggening *sinestesia* wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat* boten nuwuhaken setunggal fungsi kemawon, ananging saged nuwuhaken fungsi sanes. Wonten ngandhap badhe dipunandharaken *sinestesia* saking indra *penglihatan* ing indra *pendengaran*, tegesipun saha fungsipun ingkang dipunpethik saking novel *Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata.

### a. *Sinestesia saking indra penglihatan ing indra pendengaran: ngasaraken makna kangge nedahaken raos duka dhateng tiyang sanes.*

Panganggening jinis *sinestesia* saking indra *penglihatan* ing indra *pendengaran* wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat* gadhah fungsi ngasaraken makna kangge nedahaken raos duka dhateng tiyang sanes. Ing ngandhap badhe dipunandharaken panganggening *sinestesia* saking indra *penglihatan*

ing indra *pendengaran*, tegesipun saha fungsipun ingkang dipunpethik saking novel *Cintrong Paju-Pat*.

(16)“Embuh. Aku ancene jengkel mbarek Lir-ilir! Wiwit ndhuk mobil maeng **omonge lancip!** Nyerikna ati!”. (CPP/ kc 113)

Miturut *data* (16) wonten nginggil dipunandharaken panganggening sinestesia saking indra *penglihatan* ing indra *pendengaran* katingal saking panganggening tembung “omonge” saha “lancip”. Paningal, minangka indra *penglihatan* (organ visual) sensitif tumrap rangsang caya nampi bayangan kangge dipun-*tafsir*-aken. Tembung “lancip” dipuntanggapi dening indra paningal. Talingan, minangka indra *pendengaran* (organ auditorik), swanten utawi unen-unen/ *bunyi* dipuntampi saha dipun-*tafsir*-aken. Tembung “omonge” dipuntanggapi dening indra talingan. Tembung “lancip” saged dipuntingali kanthi ngginakaken indra paningal. *Makna*: ngalami *pertukaran* tanggapan indra kaliyan indra *pendengaran* satemah ngalami ewah-ewahing *makna* dados “ngendikanipun Lirir miturut Abrit menika boten nyenengakan manah”. Omonge utawi pangandikanipun menika boten saged dipuntanggapi dening indra paningal ananging dipuntanggapi dening indra talingan.

Panganggening *sinestesia* saking indra *penglihatan* ing indra *pendengaran* saking data wonten nginggil gadhah fungsi kangge nedahaken bilih Abrit duka maring Lirih. Miturut Abrit, ngendikanipun Lirih nalika wonten mobil, boten dipunjagi, ngendikanipun boten sae, satemah nglarakaken manahipun Abrit. Lirih asring damel sengit Abrit, pramila Abrit duka maring Lirih.

Wonten ing *data* (16) menika ngemot *makna afektif*, inggih menika ing ukara “*omonge lancip*”. *Makna afektif* ing ukara kasebut dipundayani wontenipun tanggapan utawi *reaksi* Abrit ingkang duka maring Lirih amargi wiwit wonten mobil, Lirih sampun nglarakaken manahipun Abrit. Tembung *lancip* ngalami ewah-ewahing *makna* amargi dipunpindahaken saking indra *penglihatan* ing indra *pendengaran*. Satemah “*omonge lancip*” ing ukara menika sanes ateges “pangandikan ingkang katingal lancip”, ananging ateges “pangandikan ingkang boten sae, sopan”.

**b. *Sinestesia* saking indra *penglihatan* ing indra *pendengaran*:  
ngalusaken *makna* supados langkung sopan.**

Panganggening jinis *sinestesia* saking indra *penglihatan* ing indra *pendengaran* wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat* gadhah fungsi ngalusaken *makna* supados langkung sopan. Ing ngandhap badhe dipunandharaken panganggening *sinestesia* saking indra *penglihatan* ing indra *pendengaran*, tegesipun saha fungsipun ingkang dipunpethik saking novel *Cintrong Paju-Pat*.

- (17) “Mangga. Pinarak kursi ngarepku.” Kanthi sopan tamune narik kursi sangarepe Langit, terus lungguh. Adhep-adhepan karo Langit, winatesan meja tulis. “Jenengku Langit, pangarsa seksi marketing. Jenengmu sapa?” **omonge kalem**, nanging teges, manut tata cara kantor antarane pangarsa seksi karo relasi. (CPP/ kc 153)

Miturut *data* (17) wonten nginggil dipunandharaken panganggening *sinestesia* saking indra *penglihatan* ing indra *pendengaran* katingal saking panganggening tembung “*omonge*” saha “*kalem*”. Paningal, minangka indra

*penglihatan* (organ visual) sensitif tumrap rangsang caya nampi bayangan kangge dipun-*tafsir*-aken. Tembung “kalem” dipuntanggapi indra *penglihatan* paningal. Talingan, minangka indra *pendengaran* (organ auditorik), swanten utawi unen-unen/ *bunyi* dipuntampi saha dipun-*tafsir*-aken.

Tembung “omonge” dipuntanggapi dening indra talingan. “Kalem” menika saged dipuntingali dening indra paningal. Tegesipun ngalami *pertukaran* tanggapan kaliyan indra *pendengaran* satemah ngalami ewah-ewahing *makna* dados “anggenipun nepangaken naminipun, Bu Langit ngangge tembung ingkang sae, alon”. Omonge utawi pangandikanipun menika boten saged dipuntanggapi dening indra paningal ananging saged dipunmirengaken dening indra talingan.

Panganggening *sinestesia* saking indra *penglihatan* ing indra *pendengaran* “omonge kalem”, gadhah fungsi ngalusaken *makna* supados langkung sopan. Anggenipun Bu Langit ngendika marang Lirih bilih menika ngangge tembung ingkang sae, alon saha sopan”.

Wonten ing *data* (17) menika ngemot *makna afektif*, inggih menika ing ukara “*omonge kalem*”. *Makna afektif* ing ukara kasebut dipundayani wontenipun tanggapan utawi *reaksi* Bu Langit nalika nepangaken piyambakipun dhateng Lirih sasampunipun Lirih lenggah ing ngajengipun Bu Langit. Tembung *kalem* ngalami ewah-ewahing *makna* amargi dipunpindahaken saking indra *penglihatan* ing indra *pendengaran*. Satemah

“*omonge kalem*” ing ukara menika sanes ateges “pangandikan ingkang katingal kalem”, ananging ateges “pangandikan ingkang sae, sopan, alon”.

(18) Ngadeg neng mburine Lirih, Trengginas terus ngekep alon bangkekane Lirih. **Tembunge kalem**, “Ko-en iku salah, Brit. Arek iki sing kekasihku. Duduk ko-en!”. (CPP/ kc 256)

Miturut *data* (18) wonten nginggil dipunandharaken panganggening sinestesia saking indra *penglihatan* ing indra *pendengaran* katingal saking panganggening tembung “*tembunge*” saha “*kalem*”. Paningal, minangka indra *penglihatan* (organ visual) sensitif tumrap rangsang caya nampi bayangan kangge dipuntafsiraken. Tembung “*kalem*” dipuntanggapi indra *penglihatan* paningal. Talingan, minangka indra *pendengaran* (organ auditorik), swanten utawi unen-unen/ *bunyi* dipuntampi saha dipun-*tafsir*-aken.

Tembung “*tembunge*” dipuntanggapi dening indra talingan. “*Kalem*” menika saged dipuntingali dening indra paningal. Tegesipun ngalami *pertukaran* tanggapan kaliyan indra *pendengaran* satemah ngalami ewah-ewahing *makna* dados “ngendikanipun Trengginas marang Abrit alon-alon, boten sinambi duka”. *Tembunge* utawi pangandikanipun menika boten saged dipuntanggapi dening indra paningal ananging saged dipunmirengaken dening indra talingan.

Panganggening *sinestesia* saking indra *penglihatan* ing indra *pendengaran* “*tembunge kalem*”, gadhah fungsi ngalusaken *makna* supados langkung sopan. Anggenipun Trengginas ngendika marang Abrit bilih Trengginas menika langkung tresna maring Lirih menika alon saha sopan, boten ngantos nglarakaken manahipun Abrit, sinaosa sipatipun Abrit menika

kirang sae. Trengginas saged njagi penggalhipun Abrit ingkang nembe sedhih.

Wonten ing *data* (18) menika ngemot *makna afektif*, inggih menika ing ukara “*tembunge kalem*”. *Makna afektif* ing ukara kasebut dipundayani wontenipun tanggapan utawi *reaksi* Trengginas nalika ngendika kaliyan Abrit, bilih Trengginas langkung tresna marang Lirih. *Tembung kalem* ngalami ewah-ewahing *makna* amargi dipunpindahaken saking indra *penglihatan* ing indra *pendengaran*. Satemah “*tembunge kalem*” ing ukara menika sanes ateges “pangandikan ingkang katingal kalem”, ananging ateges “pangandikan ingkang sae, saged nentremaken manahipun Abrit”.

**c. *Sinestesia* saking indra *penglihatan* ing indra *pendengaran*:  
nyangetaken wosing tuturan.**

Panganggening jinis *sinestesia* saking indra *penglihatan* ing indra *pendengaran* wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat* gadhah fungsi nyangetaken wosing tuturan. Ing ngandhap badhe dipunandharaken panganggening *sinestesia* saking indra *penglihatan* ing indra *pendengaran*, tegesipun saha fungsipun ingkang dipunpethik saking novel *Cintrong Paju-Pat*.

- (19) Lirih omonge tetep teges. Dheweke ora kaya wong sing nampa paukuman, nanging kaya wong sing oleh pangayomanan. Malah dheweke sing menang. Mula **tumanggape jejeg**, kenceng, bakoh. (CPP/ kc 246)

Miturut *data* (19) wonten nginggil dipunandharaken panganggening *sinestesia* saking indra *penglihatan* ing indra *pendengaran* katingal saking

panganggening tembung “tumanggape” saha “jejeg, kenceng, bakoh”. Paningal, minangka indra *penglihatan* (organ visual) sensitif tumrap rangsang caya nampi bayangan kangge dipun-*tafsir*-aken. Tembung “jejeg” dipuntanggapi indra *penglihatan* paningal. Talingan, minangka indra *pendengaran* (organ auditorik), swanten utawi unen-unen/ *bunyi* dipuntampi saha dipun-*tafsir*-aken. Tembung “tumanggape” dipuntanggapi dening indra talingan. Tembung “*jejeg*” dipuntanggapi dening indra paningal. *Makna*: ngalami *pertukaran* tanggapan indra kaliyan indra *pendengaran* satemah ngalami ewah-ewahing *makna* dados “wangsulanipun Lirih dhateng Bu Arum tetep teges, swantenipun seru, boten ajrih”. Wangsulan menika boten saged dipuntanggapi dening indra paningal ananging saged dipunmirengaken dening indra talingan.

Panganggening *sinestesia* saking indra *penglihatan* ing indra *pendengaran* wonten data ing nginggil gadhah fungsi nyangetaken wosing tuturan. Sinaosa Lirih dipuntudhuh dening Bu Arum bilih Lirih ingkang nggodha Luhur, ananging Lirih boten ajrih. Lirih tetep teges anggenipun mangsuli ngendikanipun Bu Arum. Wangsulanipun Lirih jejeg, bakoh sanget amargi yakin bilih Lirih menika boten klentu, ananging Luhur ingkang tresna saestu maring Lirih. Pramila anggenipun mangsuli ngendikanipun Bu Arum, Lirih menang.

Wonten ing *data* (19) menika ngemot *makna afektif*, inggih menika ing ukara “*tumanggape jejeg*”. *Makna afektif* ing ukara kasebut dipundayani wontenipun tanggapan utawi *reaksi* Lirih nalika nembe pikantuk paukuman.



Tembung *jejeg* ngalami ewah-ewahing *makna* amargi dipunpindahaken saking *indra penglihatan* ing *indra pendengaran*. Satemah “*tumanggape jejeg*” ing ukara menika sanes ateges “wangsulanipun Lirih katingal *jejeg*”, ananging ateges “wangsulanipun Lirih teges, swantenipun seru, boten ajrih”.

### **7. Sinestesia saking Indra Pembau ing Indra Penglihatan**

*Sinestesia* saking *indra pembau* ing *indra penglihatan* minangka ewah-ewahan saking *indra pembau* ing *indra penglihatan*. *Indra pembau* inggih menika grana. Grana minangka *indra pembau/ penciuman* (organ olfaktorius) ingkang *peka* sanget saha boten gampang ical. Kadosta ambu wangi, saha sedep. *Indra penglihatan* inggih menika paningal. Paningal, minangka *indra penglihatan* (organ visual) sensitif tumrap rangsang caya nampi bayangan kangge dipun-*tafsir*-aken. Sedaya tanggapan ingkang saged dipuntingali dening paningal miturut titikaning rangsangan ingkang saged dipuntampi dening *indra paningal*.

Miturut panganggening *sinestesia*, *makna* saha fungsi ingkang wonten ing novel kasebut asilipun mawarni-warni, panganggening *sinestesia* saking *indra pembau* ing *indra penglihatan* saha fungsipun wonten kalih fungsi. Wonten ngandhap menika badhe dipunandharaken *sinestesia* saking *indra pembau* ing *indra penglihatan*, tegesipun saha fungsipun ingkang dipunpethik saking novel *Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata.

**a. *Sinestesia* saking indra *pembau* ing indra *penglihatan*: nedahaken raos remen utawi boten remen.**

Panganggening jinis *sinestesia* saking indra *pembau* ing indra *penglihatan* wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat* ugi gadhah fungsi nedahaken raos remen utawi boten remen. Ing ngandhap badhe dipunandharaken panganggening *sinestesia* saking indra *pembau* ing indra *penglihatan*, tegesipun saha fungsipun ingkang dipunpethik saking novel *Cintrong Paju-Pat*.

(20)Langit nyawang cah wadon sing diterke Suwarni. Pakulitane resik, sanajan dandanane prasaja, raine katon klimis. Ndulu sandhangane sajake durung **kambon gaya metropolitan Jakarta. (CPP/ kc 153)**

Miturut *data* (20) wonten nginggil dipunandharaken panganggening *sinestesia* saking indra *pembau* ing indra *penglihatan* katingal saking panganggening tembung “kambon” saha gaya metropolitan Jakarta. Grana minangka indra *pembau/ penciuman* (organ olfaktorius) ingkang *peka* sanget saha boten gampang ical. Kadosta ambu wangi, saha sedep. Tembung “kambon” dipuntanggapi dening indra grana. Indra *penglihatan* inggih menika paningal. Paningal, minangka indra *penglihatan* (organ visual) sensitif tumrap rangsang caya nampi bayangan kangge dipuntafsiraken. Sedaya tanggapan ingkang saged dipuntingali dening paningal miturut titikaning rangsangan ingkang saged dipuntampi dening indra paningal.

“Gaya metropolitan Jakarta” dipuntanggapi dening indra paningal. “Kambon” dipuntanggapi dening indra *pembau* grana. *Makna* ngalami *pertukaran* tanggapan indra kaliyan indra paningal satemah ngalami ewah-

ewahing *makna* dados “anggenipun Lirih dandan dereng kacampur pengaruh saking gaya metropolitan Jakarta”. Gaya metropolitan menika boten saged dipuntanggapi dening indra *pembau* grana ananging saged dipuntingali dening indra paningal.

Panganggening *sinestesia* wonten nginggil gadhah fungsi nedahaken raos remen utawi boten remen. Bu Langit mirsani agemanipun Lirih. Anggenipun ngandharaken agemanipun Lirih, Bu Langit ngluwih-luwihaken. Boten namung agemanipun kemawon ingkang dipunpirsani kanthi patitis, ananging ugi pakulitanipun Lirih. Dandanipun Lirih dipunalem-alem dening Bu Langit amargi dereng dipunpangaribawani dening gaya metrapolitan Jakarta ingkang biasanipun katingal mewah. Wonten *data* ing nginggil dipunandharaken bilih anggenipun Lirih ngrias dhirinipun namung biasa kemawon.

Wonten ing *data* (20) menika ngemot *makna referensial*, inggih menika ing ukara “*kambon gaya metropolitan Jakarta*”. Tembung “kambon” wonten ing ukara menika gadhah *makna referensial* amargi gadhah *referensi* ingkang tegesipun “aroma” saha tembung “gaya metropolitan Jakarta” gadhah *makna* “gaya jaman modern kados ing kota Jakarta”. Ananging wonten ing tuturan menika tembung “kambon” gadhah *makna* “*pengaruh*”. *Data* ing nginggil ngalami ewah-ewahing *makna*, inggih menika tembung “kambon” ingkang sejatosipun dipuntanggapi indra *pembau* grana dipunpindahaken ing indra paningal satemah tegesipun dados “pengaruh saking jaman modern kados ing kota Jakarta”.

**b. *Sinestesia* saking indra *pembau* ing indra *penglihatan*: nyangetaken wosing tuturan.**

Panganggening jinis *sinestesia* saking indra *pembau* ing indra *penglihatan* wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat* ugi gadhah fungsi nyangetaken wosing tuturan. Ing ngandhap badhe dipunandharaken panganggening *sinestesia* saking indra *pembau* ing indra *penglihatan*, tegesipun saha fungsipun ingkang dipunpethik saking novel *Cintrong Paju-Pat*.

(21)Teja ethok-ethok lali. Wis dicritani Marsidik, saploke ditinggal perlop Abrit ngglibet nggulet wae ing babagan komputer. Nganti mambu bacin, **mambu skandhal. (CPP/ kc 166)**

Miturut *data* (21) wonten nginggil dipunandharaken panganggening *sinestesia* saking indra *pembau* ing indra *penglihatan* katingal saking panganggening tembung “mambu” saha “skandhal”. Grana minangka indra *peraba* ingkang *peka* kaliyan *tekanan*, suhu, *sentuhan* saha *rabaan*. Sedaya tanggapan ingkang saged dipungrayang utawi dipunraosaken dening kulit. Tembung “mambu” dipuntanggapi dening indra grana. Indra *penglihatan* inggih menika paningal. Paningal, minangka indra *penglihatan* (organ visual) sensitif tumrap rangsang caya nampi bayangan kangge dipuntafsiraken. Sedaya tanggapan ingkang saged dipuntingali dening paningal miturut titikaning rangsangan ingkang saged dipuntampi dening indra paningal. “Skandhal” saged dipuntingali dening indra paningal.

Panganggening *sinestesia* saking indra *pembau* ing indra *penglihatan* gadhah fungsi nyangetaken wosing tuturan”. Maknipun ewah, tembung

“skandhal” menika boten saged dipunambu, skandhal utawi perkawis menika saged dipuntingali dening indra paningal. Saking data ing nginggil diandharaken bilih Abrit asring mlebet ing ruang operatos komputer saperlu kepanggih Trengginas, tiyang ingkang dipuntresnani. Trengginas menika pegawe enggal dados operator komputer, pramila Abrit gadhah kalodhangan supados saged celak kaliyan Trengginas. Tegesipun “mambu skandhal” inggih menika Abrit betah anggenipun nengga Trengginas ing ruang operator komputer menika. Ngantos gandanipun Abrit mambu bacin, jalaran saking tresnanipun kaliyan Trengginas.

Wonten ing *data* (21) menika ngemot *makna referensial*, inggih menika ing tembung “mambu” saha “skandhal”. Tembung “mambu” wonten ing ukara menika gadhah *makna referensial* amargi gadhah *referensi* ingkang tegesipun “aroma” saha tembung “skandhal” gadhah *makna* “satunggaling prekawis utawi kedadosan ingkang asipat pribadi”. Ananging wonten ing tuturan menika tembung “mambu” sanes ateges “aroma, ambu”. *Data* ing nginggil ngalami ewah-ewahing *makna*, inggih menika tembung “mambu” ingkang sejatosipun dipuntanggapi indra *pembau* grana dipunpindahaken ing indra paningal satemah tegesipun dados “anggenipun Abrit nyedhaki Trengginas boten nate bosen amargi raos tresnanipun dhateng Trengginas”.

## 8. *Sinestesia saking Indra Perasa ing Indra Pembau*

*Sinestesia* saking *indra perasa* ing *indra pembau* minangka ewah-ewahan saking *indra perasa* ing *indra pembau*. Ilat, minangka *indra perasa/ pengecapan* ingkang *peka* sanget, kadosta raos legi, asin, kecut, anyep saha pait. Grana minangka *indra pembau/ penciuman* (organ olfaktorius) ingkang *peka* sanget saha boten gampil ical. Kadosta ambu wangi, saha sedep. Miturut panganggening *sinestesia*, makna saha fungsi ingkang wonten ing novel kasebut asilipun mawarni-warni. Wonten ngandhap badhe dipunandharaken *sinestesia* saking *indra perasa* ing *indra pembau*, tegesipun saha fungsipun ingkang dipunpethik saking novel *Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata.

### a. *Sinestesia saking indra perasa ing indra pembau: nyangetaken wosing tuturan.*

Panganggening jinis *sinestesia* saking *indra perasa* ing *indra pembau* wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat* gadhah fungsi nyangetaken wosing tuturan. Ing ngandhap badhe dipunandharaken panganggening *sinestesia* saking *indra perasa* ing *indra pembau*, tegesipun saha fungsipun ingkang dipunpethik saking novel *Cintrong Paju-Pat*.

(22)Ora mung dadi akrab srawung karo Abrit merga wonge ayu, misuwur, malah gandane sing wangi wae ya bisa **diambu seger.**  
(CPP/ kc 73)

Miturut *data* (22) wonten nginggil dipunandharaken panganggening *sinestesia* saking *indra perasa* ing *indra pembau* katingal saking

panganggening tembung “diambu” saha “seger”. Ilat, minangka indra *perasa/ pengecapan* ingkang *peka* sanget, kadosta raos legi, asin, kecut, anyep saha pait. Tembung “seger” dipuntanggapi dening indra ilat. Grana minangka indra *pembau/ penciuman* (organ olfaktorius) ingkang *peka* sanget saha boten gampil ical. Kadosta ambu wangi, saha sedep. Tembung “diambu” dipuntanggapi dening indra *pembau*, grana. *Seger* saged dipuntanggapi dening indra *perasa* ilat. Tegesipun ngalami *pertukaran* tanggapan indra kaliyan indra *pembau* satemah ngalami ewah-ewahing *makna* dados “gandane Abrit wangi, boten mambu, arum menawi dipunambu”. Ambu menika boten saged dipuntanggapi dening indra *perasa* ilat ananging saged dipuntanggapi dening indra *pembau* utawi grana.

Panganggening *sinestesia* saking indra *perasa* ing indra *pembau* wonten data ing nginggil gadhah fungsi nyangetaken wosing tuturan inggih menika gandanipun Abrit menika wangi sanget, pramila kathah tiyang ingkang srawung kaliyan Abrit dados akrab sanget. Saking data dipunandharaken bilih Marsidik, mirsani Abrit akrab sanget kaliyan Trengginas, operator komputer ingkang enggal. Gandanipun Abrit wangi sanget satemah Marsidik ugi saged ngambu gandanipun Abrit, sinaosa kekalihipun namung kekancan.

Wonten ing *data* (22) menika ngemot *makna referensial*, inggih menika ing tembung “diambu” saha “seger”. Tembung “diambu” wonten ing ukara menika gadhah *makna referensial* amargi gadhah *referensi* ingkang tegesipun “aroma” saha tembung “seger” gadhah *makna* “seger raosipun”.

Ananging wonten ing tuturan menika tembung “seger” gadhah *makna* “wangi”. Data ing nginggil ngalami ewah-ewahing *makna*, inggih menika tembung “seger” ingkang sejatosipun dipuntanggapi indra *perasa* ilat dipunpindahaken ing indra *pembau* satemah tegesipun dados “ambunipun Abrit arum, wangi sanget”.

- (23) Akeh lelakone karo wong lanang, sing jare bagus, sing praene kaya sinyo, sing **ambune** ababe bedheg, **kringete kecut**. (CPP/ kc 177)

Miturut *data* (23) wonten nginggil dipunandharaken panganggening sinestesia saking indra *perasa* ing indra *pembau* katingal saking panganggening tembung “paseduluran” saha “rumaket”. Ilat, minangka indra *perasa/ pengecapan* ingkang *peka* sanget, kadosta raos legi, asin, kecut, anyep saha pait. Grana minangka indra *pembau/ penciuman* (organ olfaktorius) ingkang *peka* sanget saha boten gampil ical. Kadosta ambu wangi, saha sedep. Saking indra *perasa* dipuntedahaken saking tembung “kacut”, wondene saking indra *pembau* dipuntedahaken saking tembung “ambune”. Kecut dipuntanggapi dening indra *perasa* ilat.

*Makna* ngalami *pertukaran* tanggapan kaliyan indra *pembau* satemah ngalami ewah-ewahing *makna* dados “kringetipun tiyang jaler ingkang dipunsebutaken wonten mriku mambu sanget”. Mambu menika boten saged dipuntanggapi dening indra *perasa* ilat ananging saged dipunambu dening indra grana.

Panganggening *sinestesia* saking indra *perasa* ing indra *pembau* menika gadhah fungsi nyangetaken wosing tuturan. Kringetipun tiyang



kakung ing dipunmaksud wonten data menika ambunipun badheg sanget, amargi saking kathahipun kringet. Sanes kecut ambunipun, ananging ambunipun badheg sanget utawi boten wangi.

Wonten ing *data* (23) menika ngemot *makna referensial*, inggih menika ing tembung “ambune” saha “kecut”. Tembung “ambune” wonten ing ukara menika gadhah *makna referensial* amargi gadhah *referensi* ingkang tegesipun “aroma” saha tembung “kecut” gadhah *makna* “raos kecut, kados woh asem”. Ananging wonten ing tuturan menika tembung “kecut” gadhah *makna* “boten wangi”. *Data* ing nginggil ngalami ewah-ewahing *makna*, inggih menika tembung “kecut” ingkang sejatosipun dipuntanggapi indra *perasa* ilat dipunpindahaken ing indra *pembau*. Satemah tegesipun sanes “ambunipun kringet raosipun kecut” ananging tegesipun inggih menika “ambunipun kringet mambu sanget utawi boten wangi”.

## 9. *Sinestesia saking Indra Pembau ing Indra Pendengaran*

*Sinestesia* saking indra *pembau* ing indra *pendengaran* minangka ewah-ewahan saking indra *pembau* ing indra *pendengaran*. Grana minangka indra *pembau/ penciuman* (organ olfaktorius) ingkang *pekas* saha boten gampang ical. Kadosta ambu wangi, saha sedep. Indra *pendengaran* inggih menika talingan. Talingan, minangka indra *pendengaran* (organ auditorik), swanten utawi unen-unen/ *bunyi* dipuntampi saha dipun-*tafsir*-aken. Miturut panganggening *sinestesia*, *makna* saha fungsi ingkang wonten ing novel kasebut asilipun mawarni-warni. Wonten ngandhap badhe dipunandharaken

*sinestesia* saking indra *pembau* ing indra *pendengaran*, tegesipun saha fungsipun ingkang dipunpethik saking novel *Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata.

**a. *Sinestesia* saking indra *pembau* ing indra *pendengaran*: ngasaraken makna kangge nedahaken raos duka dhateng tiyang sanes.**

Panganggening jinis *sinestesia* saking indra *pembau* ing indra *pendengaran* wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat* gadhah fungsi ngasaraken makna kangge nedahaken raos duka dhateng tiyang sanes. Ing ngandhap badhe dipunandharaken panganggening *sinestesia* saking indra *pembau* ing indra *pendengaran*, tegesipun saha fungsipun ingkang dipunpethik saking novel *Cintrong Paju-Pat*.

(24)“Iki piwalesku. Mau neng montor kowe **omong sengkak**. Ngomentari bab aku emoh dadi mantune Pak kapten! Apa abamu, ngomong kok nylekit? Ayo, aja kesuwen, ngewangi aku nggawa barang mrana.” (CPP/ kc 67)

Miturut *data* (24) wonten nginggil dipunandharaken panganggening *sinestesia* saking indra *pembau* ing indra *pendengaran* katingal saking panganggening tembung “omong” saha “sengkak “. Talingan, minangka indra *pendengaran* (organ auditorik), swanten utawi unen-unen/ *bunyi* dipuntampi saha dipun-*tafsir*-aken. Grana minangka indra *pembau*/ *penciuman* (organ olfaktorius) ingkang *peka* sanget saha boten gampil ical. Kadosta ambu wangi, saha sedep. Saking indra *pembau* dipuntedahaken saking tembung “sengkak”, wondene saking indra *pendengaran* dipuntedahaken saking tembung “omonge”. *Sengkak* dipuntanggapi dening indra *pembau* grana.

*Makna* ngalami *pertukaran* tanggapan kaliyan indra *pembau* satemah ngalami ewah-ewahing *makna* dados “ngendikanipun Lirih marang Abrit nalika wonten montor menika boten sae satemah nglarakaken manahipun Abrit”. *Omong* menika boten saged dipuntanggapi dening indra *pembau* grana ananging saged dipunmirengaken dening indra talingan.

Panganggening *sinestesia* saking indra *pembau* ing indra *pendengaran* menika gadhah fungsi ngasaraken *makna* kangge nedahaken raos duka dhateng tiyang sanes. Pangandikanipun Lirih menika boten sae utawi ala. Sanes pangandikanipun sengk, ananging pangandikanipun boten sae utawi ala.

Wonten ing *data* (24) menika ngemot *makna afektif*, inggih menika ing tembung “omong” saha “sengk”. *Makna afektif* ing ukara kasebut dipundayani wontenipun tanggapan utawi *reaksi* Abrit nalika duka kaliyan Lirih amargi Lirih nalika wonten montor ngendikanipun ngginakaken tembung ingkang ala, nglarakaken manahipun Abrit. Tembung “sengk” ngalami ewah-ewahing *makna* amargi dipunpindahaken saking indra *pembau* ing indra *pendengaran*. Satemah “*omong sengk*” ing ukara menika sanes ateges “pangandikan ingkang ambunipun sengk”, ananging ateges “pangandikan ingkang boten sae, ala”.

## BAB V PANUTUP

### A. Dudutan

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembagan ingkang sampun dipunandharaken wonten ing bab IV, pramila saged dipunpendhet dudutan. Dudutan ingkang dipunpanggihaken inggih menika.

1. Wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata dipunpanggihaken sanga jinis *sinestesia* ing antawisipun inggih menika *sinestesia* saking indra *peraba* ing indra *pendengaran*, *sinestesia* saking indra *peraba* ing indra *penglihatan*, *sinestesia* saking indra *perasa* ing indra *pendengaran*, *sinestesia* saking indra *perasa* ing indra *penglihatan*, *sinestesia* saking indra *pendengaran* ing indra *peraba*, *sinestesia* saking indra *penglihatan* ing indra *pendengaran*, *sinestesia* saking indra *pembau* ing indra *penglihatan*, *sinestesia* saking indra *perasa* ing indra *pembau*, saha *sinestesia* saking indra *pembau* ing indra *pendengaran*.

Jinis *sinestesia* ingkang kathah kapanggihaken inggih menika jinis *sinestesia* saking indra *penglihatan* ing indra *pendengaran*. Dados ing novel *Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata kathah kapanggihaken jinis *sinestesia* amargi panganggit ngginakaken pilihan tembung ingkang warni-warni kangge ngandharaken wosing cariyos, saha sipat paraganipun menika beda-beda. Jinis *sinestesia* ingkang dipunpanggihaken menika boten ajeg miturut ingkang ngginakaken basa. Awit saking kemajengan jaman, panganggit utawi

ingkang ngginakaken basa menika langkung *kreatif* saha *inovatif* anggenipun ngginakaken basa.

2. Jinis *makna sinestesia* ingkang wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata inggih menika *makna afektif* saha *makna referensial*. Awit *makna* tembung menika boten mesthi sipatipun *statis* ananging ugi saged ewah miturut konteksipun.
3. Fungsi *sinestesia* ingkang wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata inggih menika kangge ngalusaken *makna* supados langkung sopan, ngasaraken *makna* kangge nedahaken raos duka dhateng tiyang sanes, nedahaken raos sarujuk utawi boten sarujuk dhateng tiyang sanes, nedahaken raos remen utawi boten remen, nyangetaken tuturan, saha ngendahaken wosing tuturan. Awit wonten ing novel menika gadhah ancasing tuturan ingkang beda-beda saha sipat paraga ingkang beda-beda ugi.

## **B. Implikasi**

Panaliten menika ngrembag *sinestesia* basa Jawi wonten ing novel *Cintrong Paju-Pat* anggitanipun Suparto Brata. Panaliten menika dipunkajengaken saged nambah seserepan bab ngelmu basa dhateng para maos. Seserepan ngelmu basa menika mliginipun babagan *sinestesia* wonten ing karya sastra ingkang awujud novel. Gayut kaliyan piwulangan basa mliginipun basa Jawi, panaliten menika saged dados bahan *referensi* kangge panaliten sanesipun babagan *sinestesia*.

### C. Pamrayogi

Adhedhasar dudutan saha *implikasi* ingkang sampun dipunandharaken, panaliti saged caos pamrayogi kados ing ngandhap menika.

1. Panaliten menika winates tliti babagan jinis, *makna* saha fungsi *sinestesia*, satemah prelu dipunkaji panaliten sanesipun kadosta lelewaning basa, diksi indria lan sanesipun.
2. Panaliten babagan *sinestesia* prelu dipuntliti malih, boten winates ing novel kemawon, ananging ing geguritan, cerkak utawi karya sastra sanesipun.
3. Asil panaliten menika dipunkajengaken saged kangge tetandhingan utawi *referensi* kangge panaliti sanes ingkang sajinis kanthi ngginakaken cara ingkang beda.

## KAPUSTAKAN

- Alkhaidah, Sabarti dkk. 1988. *Pembinaan Kemampuan Menulis Bahasa Indonesia*. Jakarta: Erlangga.
- Aminudin. 2001. *Semantik Pengantar Studi Tentang Makna*. Bandung: Sinar Baru Algesindo.
- Brata, Suparto. 2010. *Cintrong Paju-Pat*. Jakarta: Buku Seru.
- Chaer, Abdul. 1990. *Pengantar Semantik Bahasa Indonesia*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Dardjowidjojo, Soenjono. 2003. *Psikolinguistik; Pengantar Pemahaman Bahasa Manusia*. Jakarta: Yayasan Obor Indonesia.
- Duwi Sartika, Suciati. 2012. *Sinestesia Pada Tuturan Mahasiswa PBSJ FBS UNNES. Skripsi SI*. Semarang: Program Studi Pendidikan Bahasa dan Sastra Jawa. Fakultas Bahasa dan Seni: UNNES.
- Hardiyanto. 2008. *Leksikologi; Sebuah Pengantar*. Yogyakarta: Kanwa Publisher.
- Haryanti. 2012. *Penggunaan Diksi Indria pada Novel Ngusahadara dalam Buku Emas Sumawur ing Baluarti karya Partini B. Skripsi SI*. Yogyakarta: Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa. Fakultas Bahasa dan Seni: UNY.
- Irianto, Kus. 2004. *Struktur dan Fungsi Tubuh Manusia untuk Paramedis*. Bandung: Yrama Widya.
- Keraf, Groys. 2002. *Diksi dan Gaya Bahasa*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama.
- Mulyana. 2005. *Kajian Wacana*. Yogyakarta: Tiara Wacana.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Parera. 2004. *Teori Semantik*. Jakarta: Erlangga.
- Pateda, Mansoer. 1989. *Semantik Leksikal*. Flores: Nusa Indah.
- Pradopo, Rachmat Djoko. 2007. *Pengkajian Puisi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

- Sayuti, Suminta A. 1985. *Puisi dan Pengajarannya*. Semarang: IKIP Semarang Press.
- Semi, Attar. 1988. *Anatomi Sastra*. Padang: Angkasa Raya.
- Sudaryanto. 1988. *Metode Linguistik*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Suwandi, Sarwiji. 2008. *Serbalinguistik*. Solo. UNS Press.
- Suwatno, Edi. 2001. *Laporan Penelitian Sinestesia dalam Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Balai Bahasa Yogyakarta.
- Tarigan, Henry Guntur. 1985. *Pengajaran Semantik*. Bandung: Angkasa.
- Tim Redaksi KBBI. 2007. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Verhaar, JWM. 1988. *Pengantar Linguistik*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.



Tabel 3. Analisis Data Jinis, Makna saha Fungsi Sinestesia Basa Jawi wonten ing Novel *Cintrong Paju-Pat anggitanipun Suparto Brata*

No	Data	Jinis Sinestesia									Makna		Fungsi					Katrangan	
		Prb → pndr	Prb → pglh	Prs → pndr	Prs → pglh	Pndr → prb	Pglh → pndr	Pmb → pglh	Prs → pmb	Pmb → pndr	Afektif	Referensial	Als mkn	Ksr mkn	Raos srjk, btn	Raos rmen, btn	Sngt		Endh
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20
1	“Hallo?” Ibune ngomong kanthi swara alus. “Lo! Wis mati!” (CPP/ kc 32)	√									√		√						Alus dipuntanggapi dening indra peraba kulit ananging tegesipun ngalami <i>pertukaran</i> tanggapan kaliyan indra <i>pendengaran</i> satemah ngalami ewah-ewahing makna dados “ngendikanipun Ibu wonten telpon sae, sopan”. Sanes swanten ingkang wujudipun alus amargi swanten tiyang ingkang ngendika menika boten saged dipun-raba alus menapa boten. Swanten namung saged dipunmirengaken mawi talingan. Makna afektif: “Ngendikanipun Ibu sopan, sae, trep”. Ngalusaken makna supados langkung sopan: ngendikanipun Ibu sopan, lirik, trep.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20
2	<i>Paseduluran</i> antarane Bathara Mayamaya karo Satuhu Manahira dadi <i>sangsaya rumaket</i> . (CPP/ kc 55)		√									√					√		<p><i>Rumaket</i> dipuntanggapi dening indra <i>peraba</i> kulit ananging tegesipun ngalami <i>pertukaran</i> tanggapan kaliyan indra <i>penglihatan</i> satemah ngalami ewah-ewahing <i>makna</i> dados “paseduluranipun celak, akrab sanget”. Sanes paseduluran ingkang <i>tekstur</i>-ipun raket amargi paseduluran boten saged dipun-<i>raba</i> dening indra kulit. <i>Paseduluran</i> menika saged dipuntingali dening paningal.  <i>Makna referensial</i>: “paseduluran ingkang celak, akrab sanget”.                      Nyangetaken wosing tuturan: pasedherekan ingkang celak sanget.</p>
3	“Alah, <i>Liiir-iliir!</i> Anggakmu eram! Durung oleh penggawean, andekna wis pilih-pilih, emoh main film! Pancen sapa sing arep ndadekake kowe sripanggung sinetron? Jenengmu Lirih, pantese diundang Lir-ilir wae! Lir-iliir lir-iliir, tandure...!” “ <i>Gak enak suwaramu, Mbak!</i> ” protes Lirih. (CPP/ kc 67)			√							√			√					<p><i>Enak</i> dipuntanggapi dening indra ilat. Ananging tegesipun ngalami <i>pertukaran</i> tanggapan kaliyan indra <i>pendengaran</i> satemah ngalami ewah-ewahing makna dados “swantenipun utawi ngendikanipun Abrit dhateng Lirih boten sae”.  <i>Suwara</i> menika boten saged dipunraosaken dening indra ilat ananging saged dipunmirengaken mawi indra talingan. Ukara wonten nginggil ndadosaken tegesipun langkung kasar.  <i>Makna afektif</i>: “ngendikanipun boten sopan, boten sae”.</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20
																			Ngasaraken <i>makna</i> kangge nedahaken raos duka dhateng tiyang sanes: ngendikanipun Abrit nglrakaken manahipun Lirih amargi Abrit duka maring Lirih.
4	<p>“Iki piwalesku. Mau neng montor kowe omong sengkak. Ngomentari bab aku emoh dadi mantune Pak kapten! Apa abamu, <b>ngomong kok nylekit</b>? Ayo, aja kesuwen, ngewangi aku nggawa barang mrana.” (CPP/ kc 67)</p>			√							√			√					<p><i>Nylekit</i> dipuntanggapi dening indra <i>perasa</i> ilat. Ananging tegesipun ngalami <i>pertukaran</i> tanggapan indra kaliyan indra <i>pendengaran</i> satemah ngalami ewah-ewahing <i>makna</i> dados “ngendikanipun Lirih maring Abrit nalika wonten montor boten sae utawi nglarakaken manahipun Abrit”.</p> <p><i>Ngomong</i> utawi <i>pangandhikan</i> menika boten saged dipunraosaken dening indra <i>perasa</i> ilat ananging saged dipunmirengaken dening indra talingan. <i>Nylekit</i> menika ndadosaken <i>makna</i> wonten ing ukara kraos kasar.</p> <p><i>Makna afektif</i>: “ngendikanipun ala, boten sae”.</p> <p>Ngasaraken <i>makna</i> kangge nedahaken raos duka dhateng tiyang sanes: ngendikanipun Lirih nalika wonten monten sampun damel tatu manahipun Abrit.</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20
5	<p>“Iki piwalesku. Mau neng montor kowe <b>omong sengkak</b>. Ngomentari bab aku emoh dadi mantune Pak kapten! Apa abamu, ngomong kok nylekit? Ayo, aja kesuwen, ngewangi aku nggawa barang mrana.” (CPP/ kc 67)</p>									√		√		√					<p><i>Sengkak</i> dipuntanggapi dening indra pembau grana. Ananging tegesipun ngalami <i>pertukaran</i> tanggapan indra kaliyan indra <i>pendengaran</i> satemah ngalami ewah-ewahing <i>makna</i> dados “ngendikanipun Lirih maring Abrit nalika wonten montor boten sae utawi nglarakaken manahipun Abrit”.</p> <p><i>Ngomong</i> utawi <i>pangandhikan</i> menika boten saged dipuntanggapi dening indra pembau grana ananging saged dipunmirengaken dening indra talingan. <i>Sengkak</i> menika ndadosaken <i>makna</i> wonten ing ukara kraos kasar.</p> <p><i>Makna referensial</i>: “ngendikanipun ala”. Ngasaraken <i>makna</i> kangge nedahaken raos duka dhateng tiyang sanes: ngendikanipun Lirih nalika wonten monten sampun damel tatu manahipun Abrit.</p>
6	<p>“Tenan, Mbak. <b>Omonganmu jan pedhes!</b> Ning ya daksabari, Pangeran sing bakal mbales!” Lirih gage nusul Abrit, ngotong-ngotong gawane Abrit sing paling abot. (CPP/ kc 68)</p>			√							√			√					<p><i>Pedhes</i> dipuntanggapi dening indra ilat. Ananging tegesipun ngalami <i>pertukaran</i> tanggapan indra kaliyan indra <i>pendengaran</i> satemah ngalami ewah-ewahing <i>makna</i> dados “ngendikanipun Abrit maring Lirih nglarakaken manahipun Lirih”.</p> <p><i>Omongan</i> menika boten saged dipunraosaken dening indra <i>perasa</i> ilat</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20
																			<p>ananging saged dipunmirengaken dening indra talingan. Tembung pedhes wonten ing ukara nedhahaken bilih tegesipun dados kasar.</p> <p><i>Makna afektif:</i> “ngendikanipun nglarakaken manah”.</p> <p>Ngasaraken <i>makna</i> kangge nedahaken raos duka dhateng tiyang sanes: ngendikanipun Abrit maring Lirih nglarakaken manahipun Lirih.</p>
7	<p><i>Abrit klambine kuning, kancane abang. Sengaja Luhur ora nyedhaki apa nemoni. Dheweke ngrancang sapatemon sing luwih ngagetake ati, luwih bakal manis romantis. (CPP/ kc 69)</i></p>				√							√						√	<p><i>Manis</i> dipunraosaken dening indra ilat ananging tegesipun ngalami <i>pertukaran</i> tanggapan indra kaliyan indra <i>penglihatan</i> satemah ngalami ewah-ewahing <i>makna</i> dados “pepanggihan ingkang dipunrancang dening Luhur saged endah utawi nyenengaken manahipun Abrit”.</p> <p><i>Pepanggihan</i> utawi <i>pasetemon</i> menika boten saged dipunraosaken dening indra ilat. Ananging saged dipuntingali dening indra paningal.</p> <p><i>Makna referensial:</i> “pepanggihan ingkang endah, nyenengaken manah”.</p> <p>Ngendahaken wosing tuturan: pepanggihan ingkang dipunrancang dening Luhur endah, bakal romantis.</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20
8	<i>Dadakan Trengginas muncul melu kru sinetron iki, Abrit terus wae lengket karo wong anyar ing instruktur komputer kuwi. (CPP/ kc73)</i>		√								√						√		<p><i>Lengket</i> dipuntanggapi dening indra <i>peraba</i>. Tegesipun ngalami <i>pertukaran</i> tanggapan indra kaliyan indra <i>penglihatan</i> satemah ngalami ewah-ewahing <i>makna</i> dados “Abrit celak-celak kaliyan Trengginas ingkang dipuntresnani”.</p> <p>Pepanggihan antawisipun Abrit kaliyan Trengginas saged dipuntingali dening indra paningal. Abrit katingal celak kaliyan Trengginas.</p> <p><i>Makna afektif</i>: “Abrit celek-celak sanget kaliyan Trengginas”.</p> <p>Nyangetaken wosing tuturan: Abrit akrab sanget kaliyan Trengginas.</p>
9	<i>Ora mung dadi akrab srawung karo Abrit merga wonge ayu, misuwur, malah gandane sing wangi wae ya bisa diambu seger. (CPP/ kc 73)</i>								√		√						√		<p><i>Seger</i> utawi bugar saged dipuntanggapi dening indra <i>perasa ilat</i>. Ananging tegesipun ngalami <i>pertukaran</i> tanggapan indra kaliyan indra <i>pembau</i> satemah ngalami ewah-ewahing <i>makna</i> dados “gandane Abrit wangi, boten mambu, arum menawi dipunambu”.</p> <p><i>Ambu</i> menika boten saged dipuntanggapi dening indra <i>perasa</i> kulit ananging saged dipuntanggapi dening indra <i>pembau</i> utawi grana.</p> <p><i>Makna referensial</i>: “gandanipun wangi”.</p> <p>Nyangetaken wosing tuturan: gandanipun Abrit wangi sanget.</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20
10	<i>Ing kana <b>sesawangan</b> kedhang-dhangan wit kethel dhuwur kaya ing alas jati. Panorama dadi bawera. Gek hawane adhem. Lirih wis ngumbara ngubengi gunung-gunung anakan sing pating jenggeleg, pencolotan mlangkahi kalenan, kethekelan meneki punthuk padhas, keceh ing kalen kang banyune mili santer bening lan <b>anyep</b>. (CPP/ kc75)</i>				√							√					√		<p><i>Anyep</i> dipunraosaken dening indra ilat. Ananging tegesipun ngalami <i>pertukaran</i> tanggapan kaliyan indra <i>penglihatan</i> satemah ngalami ewah-ewahing <i>makna</i> dados “sesawangan kalen ingkang toyanipun ngayemaken manah”.  <i>Sesawangan</i> boten saged dipunraosaken dening indra ilat ananging saged dipuntingali dening indra paningal.  <i>Makna referensial</i>: “sesawanganipun nengsemaken manah”.                      Nyangetaken wosing tuturan: panorama ing Cipanas adem sanget, asri.</p>
11	<i>Luhur ngadeg ninggalake papan, arep mlaku-mlaku dhisik golek <b>panorama kang nyegerake</b> pandulu sakupenge tanah pegunungan Cipanas. (CPP/ kc 77)</i>				√							√					√		<p><i>Nyegerake</i> utawi seger, dipuntanggapi dening indra ilat. Ananging tegesipun ngalami <i>pertukaran</i> tanggapan kaliyan indra <i>penglihatan</i> satemah ngalami ewahing <i>makna</i> dados “kawontenan pegunungan Cipanas ingkang asri saha subur”.  <i>Panorama</i> menika boten saged dipunraosaken dening indra <i>perasa</i> ananging saged dipuntingali dening indra paningal.  <i>Makna referensial</i>: “sesawanganipun nengsemaken manah”.                      Ngendahaken wosing tuturan: panaroma ing Cipanas endah, nengsemaken manah.</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20
12	<p>“<i>Kuwi mau salah kedaden, dak kandhani!</i>” muni ngono, wong nyatane awake isih padha cedhak-cedhakan, Lirih terus <b>njiwit lengene Luhur seru-seru.</b> (CPP/ kc 83)</p>					√					√						√		<p><i>Seru-seru</i> dipuntanggapi dening indra talingan. Ananging tegesipun ngalami <i>pertukaran</i> tanggapan kaliyan indra <i>peraba</i> satemah ngalami ewah-ewahing makna dados “anggenipun Lirih njiwit astanipun Luhur kiyat sanget”.  <i>Njiwit</i> menika boten saged dipuntanggapi dening indra <i>pendengaran</i> ananging saged dipuntanggapi dening indra kulit.  <i>Makna afektif:</i> “anggenipun njiwit kiyat sanget”.                      Nyangetaken wosing tuturan: Lirih njiwit astanipun Luhur kiyat sanget.</p>
13	<p><i>Padha karepe, padha kepranane, wong loro padha lungguhan jejer ing pinggire blumbang, sikil ongang-onggang dolanan banyu, omong-omongan sakecandhake, nyatane akeh sing digunem, ora pedhot-pedhot.</i> (CPP/ kc 84)</p>						√					√					√		<p><i>Pedhot-pedhot</i> dipuntanggapi dening indra paningal. ananging tegesipun ngalami <i>pertukaran</i> tanggapan indra kaliyan indra <i>pendengaran</i> satemah ngalami ewah-ewahing makna dados “anggenipun Luhur kaliyan Lirih guneman boten rampung-rampung utawi dangu.  <i>Guneman</i> utawi <i>wicantenan</i> menika boten saged dipuntanggapi utawi dipuntingali dening indra paningal ananging dipuntanggapi dening indra talingan. Guneman menika boten saged dipunpethal-pethal.  <i>Makna referensial:</i> “anggenipun</p>



Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20
																			guneman boten rampung-rampung”. Nyangetaken wosing tuturan: anggenipun Luhur kaliyan Lirih guneman dangu sanget.
14	“ <i>Rumangsa ora rugi! Lirih, wanita lantip, merak ati, seneng gojeg, rada ndhugal ning pangerten, panglipur ati lanang! Polahe lan guneme nggemesake!</i> ” (CPP/ kc 100)						√				√					√			<i>Nggemesake</i> dipuntanggapi dening indra paningal. Ananging tegesipun ngalami <i>pertukaran</i> tanggapan kaliyan indra <i>pendengaran</i> satemah ngalami ewah-ewahing <i>makna</i> dados “anggenipun Lirih ngendika menika nyenengaken manahipun Luhur”. <i>Guneme</i> utawi <i>ngendikanipun</i> Lirih menika boten saged dipuntingali dening indra <i>penglihatan</i> ananging saged dipunmirengaken dening indra talingan. <i>Makna afektif</i> : anggenipun Lirih guneman menika lucu utawi nyenengaken”. Nedahaken raos remen utawi boten remen: Luhur remen anggenipun Lirih guneman.
15	“ <i>Tapi prasaku ya gak elek-elek nemen! Manis le, areke. Irunge mrincis, alise njlirit!</i> ” (CPP/ kc 112)				√							√				√			<i>Manis</i> dipuntanggapi dening indra <i>perasa</i> ilat. Ananging tegesipun ngalami <i>pertukaran</i> tanggapan kaliyan indra <i>penglihatan</i> satemah ngalami ewah-ewahing <i>makna</i> dados “tindak-tandukipun Lirih menika sae utawi nyenengaken manah”. <i>Areke</i> utawi larenipun menika boten

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	
																				saged dipunraosaken dening indra <i>perasa</i> ilat ananging saged dipuntingali dening indra paningal. <i>Makna referensial:</i> “ayu pasuryanipun Lirih”. Nedahaken raos remen utawi boten remen: Trengginas remen maring Lirih.
16	<i>Trengginas gelem balik lungguh mepet Abrit. Nampani aqua, terus diombe. Carane alus. Nduweni rasa tresna marang Abrit. Tresnane kekancan. (CPP/ kc 113)</i>		√								√		√							<i>Alus</i> dipuntanggapi indra kulit. Ananging tegesipun ngalami <i>pertukaran</i> tanggapan kaliyan indra <i>penglihatan</i> satemah ngalami ewah-ewahing <i>makna</i> dados “caranipun Trengginas anggenipun kekancan kaliyan Abrit sae”. Sanes caranipun ingkang wujudipun alus amargi cara menika boten saged dipun- <i>raba</i> dening indra kulit. Cara menika saged dipuntingali dening indra paningal. <i>Makna afektif:</i> “anggenipun Trengginas nampi unjukanipun Abrit kanthi cara ingkang sae”. Ngalusaken <i>makna</i> supados langkung sopan: anggenipun Trengginas nampi unjukan kanthi cara ingkang sae, <i>trep</i> .
17	<i>“Embuh. Aku ancene jengkel mbarek Lir-ilir! Wiwit ndhuk mobil maeng omonge lancip! Nyerikna ati!” (CPP/ kc113)</i>						√				√			√						<i>Lancip</i> dipuntanggapi dening indra paningal. Ananging tegesipun ngalami <i>pertukaran</i> tanggapan indra kaliyan indra <i>pendengaran</i> satemah ngalami

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20
																			<p>ewah-ewahing makna dados “ngendikanipun Lirir miturut Abrit menika boten nyenengakan manah”.  <i>Omonge</i> utawi <i>ngendikanipun</i> menika boten saged dipuntanggapi dening indra paningal ananging dipuntanggapi dening indra talingan.  <i>Makna afektif</i>: “ngendikanipun saged nyinggung utawi nglarakaken manah”.                      Ngasaraken <i>makna</i> kangge nedahaken raos duka dhateng tiyang sanes: Abrit duka maring Lirih amargi damel jengkel.</p>
18	<p>“Ojok lunga, tah, Treng. Iya, iya. Aku gak nesu maneh. Iki ngombene. Ombene ndhuk kene ae! “<i>suwarane dikendokake</i>”.                      (CPP/ kc113)</p>	√									√		√						<p><i>Dikendhokake</i> dipuntanggapi dening indra <i>peraba</i> kulit. Ananging tegesipun ngalami <i>pertukaran</i> tanggapan kaliyan indra <i>pendengaran</i>, satemah ngalami ewah-ewahing makna dados “ngendikanipun dipunlirihaken”. Sanes swantenipun ingkang saged dipunkendhokaken utawi dipun-<i>raba</i> kendho menapa kenceng. <i>Swanten</i> namung saged dipunmirengaken mawi talingan.  <i>Makna afektif</i>: “ngendikanipun dipunlirihaken”.                      Ngalusaken <i>makna</i> supados langkung sopan: swantenipun Abrit dipunlirihaken supados Trengginas</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20
																			purun ngancani.
19	<i>Sori, saiki isih katonkekancan raket lungguh empet-empetan ngene ya merga suwe ora jamu, jamu pisan diwadhahi pengaron, suwe ora keteme, ketemu pisan ing shooting sinetron. (CPP/ kc 117)</i>		√									√						√	<p><i>Raket</i> dipuntanggapi dening indra kulit. Ananging tegesipun ngalami <i>pertukaran</i> tanggapan indra kaliyan indra <i>penglihatan</i> satemah ngalami ewahing makna dados “anggenipun kekancan celak utawi akrab sanget”. Sanes “kekancan” ingkang wujudipun raket amargi “kekancan” menika boten saged dipun-<i>raba</i> dening indra kulit ananging saged dipuntingali dening indra paningal.</p> <p><i>Makna referensial</i>: “anggenipun kekancan akrab sanget”.</p> <p>Nyangetaken wosing tuturan: Trengginas kaliyan Abrit anggenipun lenggah celak sanget.</p>
20	<i>“Kaya ngono kuwi piwalesmu? Digolekake gawean, saiki ngrebut kekasihku!” nyocote Abrit marang Lirih. Galak. Kasar. Ngancam. (CPP/ kc 126)</i>	√									√			√					<p><i>Kasar</i> dipuntanggapi indra kulit. Ananging tegesipun ngalami <i>pertukaran</i> tanggapan kaliyan indra <i>pendengaran</i> satemah ngalami ewah-ewahing makna dados “ngendikanipun Abrit boten sae, galak”</p> <p>Sanes swanten ingkang <i>tekstur</i>-ipun kasar amargi swanten menika boten saged dipun-<i>raba</i> kasar menapa boten. Swanten namung saged dipunmirengaken mawi talingan.</p> <p><i>Makna afektif</i>: “ngendikanipun boten</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	
																				trep, boten sae”. Ngasaraken <i>makna</i> kangge nedahaken raos duka dhateng tiyang sanes: Abrit duka maring Lirih amargi miturut Abrit, Lirih sampun ngrebut kekasihipun.
21	“Taek!” <i>wangsulane Abrit kasar. Menthelengi Trengginas. Mblalaki Lirih. (CPP/ kc 126)</i>	√									√			√						<i>Kasar</i> dipuntanggapi indra kulit. Ananging tegesipun ngalami <i>pertukaran</i> tanggapan kaliyan indra <i>pendengaran</i> satemah ngalami ewah-ewahing <i>makna</i> dados “wangsulanipun Abrit boten sae” sanes swanten ingkang teksturipun kasar amargi swanten tiyang ngendika menika boten saged dipun- <i>raba</i> kasar menapa boten. <i>Swanten</i> namung saged dipunmirengaken mawi talingan. <i>Makna afektif</i> : “ngendikanipun boten trep, boten sae”. Ngasaraken <i>makna</i> kangge nedahaken raos duka dhateng tiyang sanes: Abrit duka maring Trengginas saha Lirih, amargi kekalihipun sampun damel jengkel.
22	“Jarene koe mau neng mobil <i>omongmu nylekit?</i> Dheweke kandha ngono mau. Tangkepan sepisanan, natoni, njareme ing ati nemen”. (CPP/ kc 130)			√							√					√				<i>Nylekit</i> dipuntanggapi dening indra <i>perasa</i> ilat. Ananging tegesipun ngalami <i>pertukaran</i> tanggapan kaliyan indra <i>pendengaran</i> satemah ngalami ewah-ewahing <i>makna</i> dados “cariyosipun Abrit dhateng Trengginas, ngendikanipun Lirih nglarakaken

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20
																			manah”. <i>Omongan</i> menika boten saged dipunraosaken dening indra ilat ananging saged dipunmirengaken dening indra <i>pendengaran</i> . <i>Makna afektif</i> : “ngendikanipun nglarakaken manah”. Nedahaken raos remen utawi boten remen: Trengginas boten remen bilih ngendikanipun Lirih ala, boten sae.
23	<i>Nanging wong loro sing lagek teka kuwi ora gelem ndang pisah. Lirih ora ndang mlebu omah. Trengginas ya ora gelem mlebu omah, nanging ya rada alot ndang pisah. (CPP/ kc 138)</i>		√									√						√	<i>Alot</i> dipuntanggapi dening indra kulit. Ananging tegesipun ngalami <i>pertukaran</i> tanggapan kaliyan indra <i>penglihatan</i> satemah ngalami ewah-ewahing <i>makna</i> dados “anggenipun Trengginas kaliyan Lirih pepanggihan angel dipunpisahaken”. <i>Pepanggihan</i> menika wujudipun botan alot amargi pepanggihan menika boten saged dipun- <i>raba</i> kulit ananging saged dipuntingali dening indra paningal. <i>Makna referensial</i> : “pepanggihan antawisipun Trengginas kaliyan Lirih angel dipunpisahaken”. Nyangetaken wosing tuturan: Trengginas kaliyan Lirih taksih betah lenggah sareng, angel dipunpisahaken.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20
24	<p><b>“Pait critane. Rasah dakwadulake. Abrit rasane ya kaya aku. Pengin bebas milih jodhone, ngono wae.” (CPP/ kc 148)</b></p>			√							√				√				<p><i>Pait</i> dipuntanggapi dening indra ilat. Ananging tegesipun ngalami <i>pertukaran</i> tanggapan kaliyan indra <i>pendengaran</i> satemah ngalami ewah-ewahing <i>makna</i> dados “cariyos ngengingi Luhur kaliyan Abrit boten nyenengaken. Kekalihipun sami-sami boten remen dipunjodhohaken”.</p> <p><i>Cariyos</i> menika boten saged dipunraosaken dening indra ilat. Ananging saged dipunmirengaken dening indra <i>pendengaran</i>.</p> <p><i>Makna afektif</i>: “Luhur boten purun dipunjodhohaken kaliyan Abrit”.</p> <p>Nedahaken raos sarujuk utawi boten sarujuk dhateng tiyang sanes: Luhur boten sarujuk menawi dipunjodhohaken kaliyan Abrit.</p>
25	<p><i>Langit nyawang cah wadon sing diterke Suwarni. Pakulitane resik, sanajan dandanane prasaja, raine katon klimis. Ndulu sandhangane sajake durung kambon gaya metropolitan Jakarta. (CPP/ kc 153)</i></p>							√				√				√			<p><i>Kambon</i> dipuntanggapi dening indra <i>pembau</i> grana. Ananging tegesipun ngalami <i>pertukaran</i> tanggapan indra kaliyan indra paningal satemah ngalami ewah-ewahing <i>makna</i> dados “anggenipun Lirih dandan dereng kecampur pengaruh saking gaya metropolitan Jakarta”.</p> <p><i>Gaya metropolitan</i> menika boten saged dipuntanggapi dening indra <i>pembau</i> grana ananging saged dipuntingali</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	
																				dening indra paningal. <i>Makna referensial:</i> “Lirih dereng kening pengaruh saking gaya metropolitan Jakarta”. Nedahaken raos remen utawi boten remen: Bu Langit remen kaliyan busananipun Lirih amargi trep, sae.
26	“Jenengku Langit, pangarsa seksi marketing. Jenengmu sapa?” <b>omonge kalem</b> , nanging teges, manut tata cara kantor antarane pangarsa seksi karo relasi. (CPP/ kc 153)						√				√		√							<i>Kalem</i> saged dipuntanggapi utawi dipuntingali dening indra paningal. Ananging tegesipun ngalami <i>pertukaran</i> tanggapan kaliyan indra <i>pendengaran</i> satemah ngalami ewah-ewahing <i>makna</i> dados “anggenipun Langit nyuwun pirsamarang Lirih alon, boten seru”. <i>Omongan</i> utawi <i>pangandhikan</i> menika boten saged dipuntanggapi dening indra paningal ananging saged dipunmirengaken dening indra talingan. <i>Makna afektif:</i> “ngendikanipun sae, sopan, trep”. Ngalusaken <i>makna</i> supados langkung sopan: anggenipun Lirih ngendika sae, sopan.
27	<i>Teja ethok-ethok lali. Wis dicritani Marsidik, saploke ditinggal perlop Abrit ngglibet nggulet wae ing babagan komputer. Nganti mambu bacin, mambu skandhal.</i> (CPP/ kc 166)							√				√						√		<i>Mambu</i> dipuntanggapi dening indra <i>pembau</i> grana. Ananging tegesipun ngalami <i>pertukaran</i> tanggapan kaliyan indra <i>penglihatan</i> satemah ngalami ewah-ewahing <i>makna</i> dados “Abrit kesengsem marang Trengginas, ingkang



Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20
																			<p>makarya ing babagan komputer”.  <i>Skandhal</i> menika boten saged dipuntanggapi dening indra <i>pembau</i> grana ananging saged dipuntingali dening indra paningal.  <i>Makna referensial</i>: “anggenipun Abrit nengga Trengginas ngantos dangu sanget, boten bosen-bosen”.                      Nyangetaken wosing tuturan: anggenipun Abrit nengga Trengginas setya sanget, betah amargi tresna maring Trengginas.</p>
28	<p><i>Akeh lelakone karo wong lanang, sing jare bagus, sing praene kaya sinyo, sing <b>ambune</b> ababe bedheg, <b>kringete kecut</b>. (CPP/ kc 177)</i></p>								√			√						√	<p><i>Kecut</i> dipuntanggapi dening indra <i>perasa</i> ilat. Ananging tegesipun ngalami <i>pertukaran</i> tanggapan kaliyan indra <i>pembau</i> satemah ngalami ewah-ewahing <i>makna</i> dados “kringetipun tiyang jaler ingkang dipunsebutaken wonten mriku mambu sanget”.  <i>Mambu</i> menika boten saged dipuntanggapi dening indra <i>perasa</i> ilat ananging saged dipunambu dening indra grana.  <i>Makna referensial</i>: “kringetipun mambu sanget”.                      Nyangetaken wosing tuturan: ambunipun tiyang kakung ingkang dipunmaksud Maniking kringete mambu sanget.</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20
29	<i>Ndadekake bungahe Maniking, saiki ana Lirih sing gelem dadi pangrungu anteng. (CPP/ kc 178)</i>						√					√				√			<p><i>Anteng</i> dipuntanggapi utawi saged dipuntingali dening indra paningal. Ananging tegesipun ngalami <i>pertukaran</i> tanggapan indra kaliyan indra <i>pendengaran</i> satemah ngalami ewah-ewahing <i>makna</i> dados “Lirih dados pamireng ingkang setya, purun mirengaken cariyosipun Maniking kanthi setya”.</p> <p><i>Pangrungu</i> menika boten saged dipuntanggapi dening indra paningal ananging saged dipuntanggapi dening indra talingan.</p> <p><i>Makna referensial</i>: “anggenipun mirengaken, Lirih boten nyelani ngendikanipun Maniking”.</p> <p>Nedahaken raos remen utawi boten remen: Maniking remen kaliyan Lirih amargi purun dados pamireng ingkang setya.</p>
30	<i>“Aja kok pikir maneh. Ya? Kowe tetep nyambut gawe neng kene. Kowe rak wis krasan, ta, neng kene?” Lirih gedheg-gedheg sumpeg. Ora bisa mikir. (CPP/ kc 195)</i>		√								√				√				<p><i>Sumpeg</i> dipuntanggapi dening indra kulit. Ananging tegesipun ngalami <i>pertukaran</i> tanggapan kaliyan indra <i>penglihatan</i> satemah ngalami ewahing <i>makna</i> dados “anggenipun Lirih menggali katingal bingung sanget, judheg”.</p> <p><i>Gedheg-gedheg</i> boten saged dipun-raba dening indra kulit ananging gedheg-</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20
																			gedheg menika saged dipuntingali dening indra paningal. <i>Makna afektif:</i> “Lirih boten sarujuk kaliyan pitakenanipun Bu Langit”. Nedahaken raos sarujuk utawi boten sarujuk dhateng tiyang sanes: Lirih boten sarujuk kaliyan dhawuhipun Bu Langit.
31	“ <i>Nak Luhur? Kowe lagi ngapa neng kene?</i> ” karepe Bu Kinyis arep <b>ngomong</b> becik-becik, alon, lan <b>alus</b> . (CPP/ kc 215)	√									√		√						<i>Alus</i> dipuntanggapi indra kulit. Ananging tegesipun ngalami <i>pertukaran</i> tanggapan kaliyan indra <i>pendengaran</i> satemah ngalami ewah-ewahing <i>makna</i> dados “ngendikanipun sae”. Sanes swanten ingkang <i>tekstur</i> -ipun alus amargi swanten tiyang ngendika menika boten saged dipun- <i>raba</i> alus menapa boten. <i>Swanten</i> namung saged dipunmirengaken mawi talingan. <i>Makna afektif:</i> “ngendikanipun sae, sopan”. Ngalusaken <i>makna</i> supados langkung sopan: anggenipun Bu Kinyis ngendika sopan, lirih saha sae.
32	“ <i>Aku mau ya mangsuli rada dakelus, yen Lirih kuwi pegawe anyar, lagi disinaoni dadi sekretarise Dhirektur Anom</i> ”. (CPP/ kc 230)	√									√		√						<i>Dakelus</i> dipuntanggapi indra kulit. Ananging tegesipun ngalami <i>pertukaran</i> tanggapan kaliyan indra <i>pendengaran</i> satemah ngalami ewah-ewahing <i>makna</i> dados “ Bu Langit ngendika kanthi sae, trep kaliyan Bu Kinyis”.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20
																			Sanes swanten utawi ngendikanipun ingkang <i>tekstur</i> -ipun alus amargi swanten menika boten saged dipun- <i>raba</i> alus menapa boten. <i>Swanten</i> namung saged dipunginakaken mawi talingan. <i>Makna afektif</i> : “ngendikanipun sae, sopan”. Ngalusaken <i>makna</i> supados langkung sopan: ngendikanipun Bu Langit sae, sopan.
33	<p>“Hallo.” Wong loro padha salaman tangan. “Lo!? Kok ora ambung-ambungan!?” Ayo, sunsunan! <b>Ketemu karo tunanganmu kok anyep wae! Hur! Aja wagu-wagu, ta” (CPP/ kc 237)</b></p>				√							√			√				<p><i>Anyep</i> dipuntanggapi dening indra <i>perasa</i> ilat. Ananging tegesipun ngalami <i>pertukaran</i> tanggapan indra kaliyan indra <i>penglihatan</i> satemah <i>makna</i> ngalami ewah-ewahing <i>makna</i> dados “pepanggihan antawisipun Luhur kaliyan tunanganipun, Abrit kraos biasa mawon, boten nyenengaken manah”. <i>Pepanggihan</i> menika boten saged dipunraosaken dening indra ilat ananging saged dipuntingali dening indra paningal. <i>Makna referensial</i>: “pepanggihanipun kraos biasa kemawon, <i>hambar</i>”. Nedahaken raos sarujuk utawi boten sarujuk dhateng tiyang sanes: Bu Kinyis boten sarujuk bilih Luhur kaliyan Abrit boten sun-sunan nalika kepanggih.</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20
34	<p>“Yen bisa aja ketemu! Ngreti? Wangsulana!” Wis bisa ngempet muntape Arum <b>ngomong</b> marang Lirih. Nanging tetep wae, <b>suwarane ora bisa alus.</b>(CPP/ kc245)</p>	√									√			√					<p>Alus dipuntanggapi dening indra kulit. Ananging tegesipun ngalami <i>pertukaran</i> tanggapan kaliyan indra <i>pendengaran</i> satemah ngalami ewah-ewahing <i>makna</i> dados “ngendikanipun boten saged sae”. Sanes swanten ingkang <i>tekstur</i>-ipun alus amargi swanten menika boten saged dipun-<i>raba</i> alus menapa boten. <i>Swanten</i> namung saged dipunmirengaken mawi talingan.</p> <p><i>Makna afektif</i>: “ngendikanipun boten trep, boten lirih”.</p> <p>Ngasaraken <i>makna</i> kangge nedahaken raos duka dhateng tiyang sanes: Bu Arum duka maring Lirih amargi sengit maring piyambakipun.</p>
35	<p>Lirih omonge tetep teges. Dheweke ora kaya wong sing nampa paukuman, nanging kaya wong sing oleh pangayomanan. Malah dheweke sing menang. Mula <b>tumanggape jejeg</b>, kenceng, bakoh. (CPP/ kc 246)</p>						√				√						√		<p><i>Jejeg</i> dipuntanggapi dening indra paningal. Ananging tegesipun ngalami <i>pertukaran</i> tanggapan indra kaliyan indra <i>pendengaran</i> satemah ngalami ewah-ewahing <i>makna</i> dados “wangsulaniipun Lirih dhateng Bu Arum tetep teges, swantenipun seru, boten ajrih”.</p> <p><i>Wangsulan</i> menika boten saged dipuntanggapi dening indra paningal ananging saged dipunmirengaken dening indra talingan.</p> <p><i>Makna afektif</i>: “wangsulaniipun teges,</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20
																			cetha”. Nyangetaken wosing tuturan: anggenipun Lirih mangsuli teges, cetha sanget, boten ajrih.
36	Ngadeg neng mburine Lirih, Trengginas terus ngekep alon bangkekane Lirih. <b>Tembunge kalem</b> , “Ko-en iku salah, Brit. Arek iki sing kekasihku. Duduk ko-en!” (CPP/ kc 256)						√				√		√						<i>Kalem</i> dipuntanggapi indra paningal. Ananging tegesipun ngalami <i>pertukaran</i> tanggapan kaliyan indra <i>pendengaran</i> satemah ngalami ewah-ewahing <i>makna</i> dados “ngendikanipun Trengginas marang Abrit alon-alon, boten sinambi duka”. <i>Tembunge</i> utawi <i>ngendikanipun</i> menika boten saged dipuntanggapi dening indra paningal ananging saged dipunmirengaken dening indra talingan. <i>Makna afektif</i> : “ngendikanipun lirih, sopan”. Ngalusaken <i>makna</i> supados langkung sopan: anggenipun Trengginas ngendika maring Abrit tetep sopan, sae, lirih amargi kangge njagi manahipun Abrit.
37	“Nanging aja kandha-kandha Abrit. Iki kabeh aja nganti <b>bocor keprungu</b> Abrit. Ya?” (CPP/ kc 270)						√					√						√	<i>Bocor</i> dipuntanggapi dening indra paningal. Ananging tegesipun ngalami <i>pertukaran</i> tanggapan indra kaliyan indra <i>pendengaran</i> satemah ngalami ewah-ewahing <i>makna</i> dados “ngendikanipun Luhur marang pegawenipun ampun ngantos dipunmirengaken dening tiyang sanes”.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20
																			<p><i>Keprungu</i> boten saged dipuntanggapi dening indra <i>penglihatan</i> ananging saged dipunmirengaken dening indra talingan.</p> <p><i>Makna referensial</i>: “informasi-nipun sampun ngantos dipunmangertosi tiyang sanes”.</p> <p>Nyangetaken wosing tuturan: informasi saking Luhur ampun ngantos dipunmangertosi tiyang sanes.</p>
38	<p>“Ya aku kudu netepi janji, ta. Karo dene antarane awake dhewe rak ora ana magepokan senggol apa? Ya awak, ya ati! Kowe teka mrene ora kasep. Mung ngayawara. Wong episode sadurunge wis cuthel kontrake!” kaya padatan, Lirih <b>ngomong tata, titis lan teges. (CPP/ kc 273)</b></p>						√				√							√	<p><i>Tata, titis</i> dipuntanggapi dening indra paningal. Ananging tegesipun ngalami <i>pertukaran</i> tanggapan indra kaliyan indra <i>pendengaran</i> satemah ngalami ewah-ewahing <i>makna</i> dados “ngendikanipun Lirih runtut saha trep”.</p> <p><i>Ngomong</i> menika boten saged dipuntanggapi dening indra paningal ananging saaged dipunmirengaken dening indra talingan.</p> <p><i>Makna afektif</i>: “ngendikanipun cetha, teges”.</p> <p>Nyangetaken wosing tuturan: anggenipun Lirih ngendika tetep teges, cetha sanget.</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20
39	<p>“Sepuluh yuta ilang ki ora sepiraa marga wurunge Luhur ngepek bojo Lirih, katandhing karo kene kudu cucul bandha telung milyar nomboki mengko yen Luhur gelem kawin karo Abrit.” <b>Omonge Satuhu kalem. (CPP/ kc275)</b></p>						√				√		√						<p>Kalem dipuntanggapi dening indra paningal. Ananging tegesipun ngalami <i>pertukaran</i> tanggapan indra kaliyan indra <i>pendengaran</i> satemah ngalami ewah-ewahing <i>makna</i> dados “ngendikanipun Satuhu sae, boten sinambi duka”.  <i>Omonge</i> utawi <i>ngendikanipun</i> menika boten saged dipuntanggapi dening indra paningal ananging saged dipunmirengaken dening indra talingan.  <i>Makna afektif</i>: “ngendikanipun sae, lirih”.                      Ngalusaken <i>makna</i> supados langkung sopan: ngendikanipun Satuhu sopan, trep, boten sinambi duka.</p>

**KATRANGAN TABEL:**

(√) : wontenipun panganggening jinis, *makna* saha fungsi *sinestesia*

1 : nomer urut *data*

2 : *data* ingkang ngemot panganggening *sinestesia*



*Jinis Sinestesia*

3 : indra *peraba* dados indra *pendengaran*

4 : indra *peraba* dados indra *penglihatan*

5 : indra *perasa* dados indra *pendengaran*

6 : indra *perasa* dados indra *penglihatan*

7 : indra *pendengaran* dados indra *peraba*

8 : indra *penglihatan* dados indra *pendengaran*

9 : indra *nembau* dados indra *penglihatan*

10 : indra *perasa* dados indra *pembau*

11 : indra *pembau* ing indra *pendengaran*

*Makna*

12 : *Afektif*

13 : *Referensial*

Fungsi

14 : ngalusaken *makna* supados langkung sopan

15 : ngasaraken *makna* kangge nedahaken raos duka utawi boten remen dhateng tiyang sanes

16 : nedahaken raos sarujuk utawi boten sarujuk dhateng tiyang sanes

17 : nedhahaken raos remen, boten remen

18 : nyangetaken wosing tuturan

19 : ngendahaken wosing tuturan

DAFTAR CEKAKAN:


CPP : *Cintrong Paju-Pat*

Kc : kaca

## LAMPIRAN II

### SINOPSIS

JUDUL : CINTRONG PAJU-PAT  
PENGARANG : SUPARTO BRATA  
PENERBIT : NARASI  
TAHUN : 2010  
TEBAL : 14,5 x 21 cm (311 kaca)



Wonten ing koran kapasang gambaripun Abrit Mayamaya  *bintang iklan* saha sinetron kaliyan Luhur Dirgantara direktur perusahaan  *iklan* ing Jakarta, ing perangan wingking surat wonten foto Bapak saha Ibunipun Luhur. Ningali pawartos menika Luhur kaget lajeng nyuwun pirsadatheng Ibunipun ngengingi pawartos jejodhohan antawisipun Abrit saha Luhur ingkang kapasang ing koran. Ibunipun Luhur ngandharaken bilih nalika pepanggihan antawisipun kulawarga Luhur saha Abrit, sampun sami sarujuk bilih kekalihipun dipunjodhohaken. Luhur dereng sarujuk, piyambakipun gadhah pepinginan kekancan rumiyin. Ibunipun Luhur lajeng nyuwun supados Luhur ngajak Abrit dolan. Luhur boten purun amargi boten mangertosi kagiyatanipun Abrit saha nomer telponipun, satemah Ibunipun Luhur ingkang ngabari Abrit. Luhur boten purun damel perjanjian kaliyan Abrit menawi badhe kepanggih. Luhur kepingin mangertosi piyambak kados pundi kagiyatanipun Abrit sadinten-dinten.

Abrit Mayamaya minangka artis bintang iklan ing Manihara Ads. Wonten ing kantor periklanan bagian komputer nampi karyawati enggal inggih menika Lirih Nagari. Lirih saget nyambut damel amargi nate dipuntawari dening Luhur

nalika boten sengaja kepanggih ing panggenan syutingipun Abrit. Lirih Nagari menika sedherekipun Pak Piko, sopiripun Abrit. Lirih namung lulusan SMA ingkang kepengin pados pedamelan ing Jakarta ananging prigel ing bidang komputer. Ing satunggaling dinten, Lirih dipunajak dening Pak Piko ing panggenan syutingipun Abrit ing Cipanas. Nalika ing mobil Lirih kepanggih Abrit, kekalihipun sami padu.

Nalika syuting ing Cipanas, Abrit mangertosi Trengginas nyambut damel ing panggenan syutingipun. Abrit bingah sanget. Ing wekdal menika ugi, Luhur pengin mangertosi kagiyatanipun Abrit wonten ing Cipanas, tanpa dipunmangertosi tiyang sanes. Ananging tanpa sengaja, Luhur kepanggih Lirih ingkang nembe mlampah-mlampah wonten ing sakiwa tengenipun lokasi syuting. Luhur lajeng ngraos sremen kaliyan Lirih saha gadhah pangajeng-ajeng saged kepanggih Lirih malih.

Abrit bingah sanget nalika kepanggih Trengginas. Saben rampung syuting, Abrit enggal-enggal madosi Trengginas saha ngajak pawicantenan saha dhahar sareng. Ananging nalika Abrit pirsani Trengginas kaliyan Lirih akrab sanget, Abrit ngraos sengit saha cemburu. Abrit sampun boten remen kaliyan Lirih nalika wonten mobil, kekalihipun sami padu. Abrit ngraosaken pedamelanipun Lirih minangka dados gantosipun salah setunggal pegawe menika amargi jasanipun Abrit. Pramila Abrit boten remen kaliyan Lirih.

Trengginas boten mangertos menapa sebabipun Abrit duka maring Lirih saha Trengginas. Lajeng Abrit dipunajak medal dening Trengginas supados kawontenanipun sangsaya sae. Ing wekdal ingkang sami, Luhur muncul ingkang nyebabaken Abrit kaget sanget. Ananging Abrit duka kaliyan Luhur ugi, amargi ningali Luhur mlampah-mlampah sareng kaliyan Lirih, nalika Abrit badhe nawari pedamelan maring Lirih. Lirih kaliyan Luhur sampun katingal akrab saha celak sanget sinaosa nembe sepisan kekalihipun kepanggih.

Sasampunipun kontrakipun Trengginas telas, Abrit saha Trengginas boten kepanggih malih. Trengginas namung nyambut damel sawetara nggantosaken salah setunggal pegawe. Nalika Lirih nyambut damel ing kantoripun Luhur,

jaringan komputeripun risak. Lajeng Lirih nyuwun tulung dhateng Trengginas supados mbenakaken jaringan komputeripun.

Lirih gadhah prestasi saha prigel anggenipun nyambut damel, pramila pikantuk simpati saking mbakyunipun Luhur. Abrit mangertos bilih Trengginas nyambut damel ing Manihara Ads, pramila Abrit ngraos bingah sanget. Amargi sejatosipun Abrit menika tresna kaliyan Trengginas sanes Luhur, ingkang sampun dipunjodhohaken kaliyan piyambakipun.

Satunggaling dinten Abrit mangertosi Luhur nembe dhahar siang kaliyan Lirih. Abrit boten remen margi Lirih boten namung akrab kaliyan Trengginas, ananging ugi akrab kaliyan Luhur. Lajeng Abrit gadhah penggalih bilih Lirih prelu dipunpecat saking kantor kanthi cara mangaribawani calon mertuanipun saha mitnah Lirih menika namung nyambut damel kangge saged celak kaliyan Luhur. Penggalhipun Abrit ingkang boten sae lajeng dipunlaksanakaken dening Abrit

Sajatosipun Abrit gadhah utang kontrak amargi boten purun mlampah syuting malih. Kangge nglunasi utangipun, lajeng Abrit purun dipunjodhohaken kaliyan Luhur. Ananging Abrit tetep usaha madosi alamatipun Trengginas. Ing satunggaling dinten Abrit tindak ing dalemipun Trengginas, ananging Abrit ugi kepanggih kaliyan Lirih ingkang kontrakanipun jejer kaliyan kontrakipun Trengginas.

Abrit sengit kaliyan Lirih saha nyuwun supados Trengginas tebih saking Lirih. Ananging Trengginas langkung milih Lirih tinimbang Abrit. Ing wekdal ingkang sami, Luhur badhe tindak ing dalemipun Lirih, ananging Ibunipun nglarang amargi Lirih namung pengin artanipun. Lajeng Luhur ngandharaken bilih Lirih boten kados menika, Lirih sampun nylametaken arta perusahaan. Langkung becik maringi pesangon Lirih sedasa yuta tinimbang maringi Abrit tigang milyar kangge nglunasi utang. Luhur lajeng tindak ing dalemipun Lirih saperlu maringi pesangon, nyuwun nyambut damel ing kantor malih saha maringi pirsu bilih piyambakipun tresna kaliyan Lirih. Ananging sampun kasep, Lirih langkung milih Trengginas.

Luhur kuciwa manahipun, lajeng tindak ing Amerika. Ibunipun Luhur ngraos bingung mangertosi putranipun mekaten. Abrit ugi kuciwa amargi boten pikantuk Luhur utawi Trengginas. Taksih gadhah tanggungan utang ugi. Wondene Lirih saha Trengginas gesang sareng saha tentrem.